



LEMBAYUNG SAK UNTING

KUMPULAN CERITA CENDHEK BASA USING

SATRIA PUJANGGA

Lembayung Sak Unting

Kumpulan cerita cendhek basa Using

Lembayung Sak Unting

Kumpulan cerita cendhek basa Using

~Satria Pujangga~

Dinas Perpustakaan dan Kearsipan Kabupaten Banyuwangi

Jl. Jaksa Agung Suprpto No. 43 Penganjuran, Kecamatan
Banyuwangi, Kabupaten Banyuwangi, Jawa Timur 68416

LEMBAYUNG SAK UNTING

Kumpulan cerita cendhek basa Using

Penulis : Satria Pujangga
Penyunting : Antariksawan Jusuf dan Yusup Khoiri
Desain Sampul : Diolah dari @dekayucandles – Yusup Khoiri
dan *Layout* <https://www.blibli.com/p/daun-kacang-lembayung-per-ikat/ps--BIS-70009-00360>
ISBN : 978-623-89818-3-0 (PDF)

Diterbitkan oleh:

**Dinas Perpustakaan dan Kearsipan
Kabupaten Banyuwangi**

Jl. Jaksa Agung Suprpto No. 43 Penganjuran, Kecamatan
Banyuwangi, Kabupaten Banyuwangi, Jawa Timur 68416

KATA PENGANTAR

Puji syukur kita panjatkan ke hadirat Tuhan Yang Maha Esa atas terbitnya buku *LEMBAYUNG SAK UNTING: Kumpulan Cerita Cendhek Basa Using* ini. Buku ini hadir sebagai salah satu upaya dalam melestarikan dan mengembangkan bahasa Using, yang merupakan identitas budaya masyarakat Banyuwangi.

Bahasa dan sastra merupakan cerminan dari kekayaan intelektual serta nilai-nilai luhur yang diwariskan dari generasi ke generasi. Melalui kumpulan cerita pendek ini, kita dapat merasakan kekuatan bahasa Using dalam menyampaikan pesan moral, menggambarkan kearifan lokal, serta memperkaya wawasan budaya kita. Setiap cerita dalam buku ini tidak hanya menjadi hiburan, tetapi juga sarana edukasi bagi masyarakat, khususnya generasi muda, agar semakin mencintai dan memahami bahasa serta budaya Using.

Kami berharap buku ini dapat menjadi inspirasi bagi para penulis, akademisi, serta masyarakat luas untuk terus menggali, mengembangkan, dan mempromosikan sastra Using. Selain itu, kami juga mengajak seluruh pihak untuk terus mendukung berbagai upaya pelestarian budaya lokal, karena budaya adalah jati diri yang harus kita jaga bersama.

Akhir kata, kami mengucapkan terima kasih kepada semua pihak yang telah berkontribusi dalam penyusunan dan penerbitan buku ini. Semoga buku ini memberikan manfaat yang besar bagi kita semua dan semakin memperkaya khasanah budaya Banyuwangi.

Kepala Dinas Perpustakaan dan Kearsipan
Kabupaten Banyuwangi

Drs. ZEN KOSTOLANI, M.Si

ATER-ATER

Rata-rata hang milu ring paguyuban Sengker Kuwung Belambangan nduwe karya arupa buku. Merga paguyuban iki mula dadi wadhah wong-wong hang gelem milu nguri-uri basa Using hususe hang ana ring wilayah tulis. Paling using ambekana sing dadi buku, ana kontribusine ring medhiya tulis basa Using hang ana kayata belambangan.com utawa Lontar Using hang diterbitaken Balai Bahasa Jawa Timur. Lamuna durung dadi buku, anggepen iku utang hang kapan-kapan kudu dibayar.

Hun deleng ara Satria Pujangga sakat gesah kawitan nduweni wigati gedhe nang basa Using. Merga anake wong Using deles lan sakat bengene dhemen nanggap ruwahe embahe bab istilah-istilah basa Using. Hing maido iyane bisa kelawan rinci nulis istilah-istilah tetanen, istilah iwak banyu, istilah sak ubengane pawon lan adang.

Hang njumbul ana ring Kumpulan Cerita Cendhek Lembayung Sak Unting iki setemene ya kedadeyan paran hang iyane lakoni. Cerita kanca-kancane sekolah, kanca ngaji lan cerita sedina-dina liyane hang kari dipilih lan kari methik teka kedadeyan hang dadi sega jangane saben dina. Mangkane cerita-ceritane kerasa urip lan wong hang maca ngerasa iya ya kaya hang hun tau weruhi.

Paran maning minangka lare hang gedhi ring lingkungan wong Using, istilah-istilah hang dienggo kerasa seru Usinge. Satria kelawan sabar bisa nulis adhegan siji nong adhegan liyane, hing kesusu mungkasi ceritane.

Kelawan anane buku hang kawitan iki, Satria wis ngelunasi utange. Mengarepe, ndeleng potensi hang ana, isun yakin buku iki dudu buku hang pungkasan kanggo iyane.

Antariksawan Jusuf
Ketua Sengker Kuwung Belambangan

ULUK SALAME PENULIS

Muji sukur hang gedhi nyang Gusti Alloh SWT, kirane Isun diweni kesempatan kanggo bisa nganggit cerita cendhek sakat taun 2014 kepungkur. Alhamdulillah, saiki sun kelumpukaken dadi sak buku kelawan judhul “Lembayung Sak Unting”. Kumpulan cerita cendhek ring buku Lembayung Sak Unting iki cerita cendhek hang sun anggit sakat taun 2014 sampik 2024. Using kerasa sak suwene 10 taun, cerita cendhek hang sun anggit wis semunu akehe.

Cerita cendhek iku kabeh idhe ceritane akeh-akehe emeh cerita nyata hang tau sun lakoni, cerita kanca sekolah lan cerita kanca memengan uga ana cerita riwayat embah anang bengen hang tau diceritakaken nyang Isun. Ring buku iki ana pirangane judhul hang nggambaraken kauripan hang ana ring sedinane wong Using Banyuwangi jaman bengen kaya tah ***Jaruman, Lintrik, Jeru Jithoke, Seruwal Cemeng Kelambi Cemeng, Ketel Isi Bubukan lan Ngunggahi***. Judhul-judhul iku mau istilah has hang diduweni wong Using Banyuwangi.

Sing lali terima hang gedhi kanggo Paguyuban Sengker Kuwung Belambangan (SKB) hang wis nyangking Isun nyang kegiatan nguri-uri lan ngelestarekaken Basa Using. Ring Paguyuban SKB isun akeh belajar lan ulih ilmu bab penulisan basa Using.

Pungkasan terima hang gedhi kanggo rabinisun ***Fatmawati lan Alfito Sastra Kinarya*** hang sing tau kesel nguwani semangat kanggo nulis karya-karya Basa Using. Buku iki sunelungaken kanggo keluarga, anak rabi, kanca-kanca ring Paguyuban Sengker Kuwung Belambangan lan kanca kabeh hang duwe wigati nyang lestarine Basa Using Banyuwangi. Terima.

~Satria Pujangga~

DAPTAR ISI

Kata Pengantar	iii
Ater-Ater	iv
Uluk Salame Penulis	v
Daptar Isi	vi
Surat Cinta Amplop Kapuranta	1
Ngunggahi	12
Gerahana	19
Pethetan Pinggir Segara	35
Jeru Jithoke	50
Getun	60
Jaruman	64
Lintrik	68
Kesiluran	73
Mawar Kanggo Aini	78
Seruwat Cemeng Kelambi Cemeng	82
Sepur Pandanwangi	86
Pelasan Uling Lan Maratuwa	90
Kuwadhe	94
Randha kepus	100
Ketel Isi Bubukan	103
Bingkak (1)	107
Mangsi Abang	112
Bingkak (2)	119

SURAT CINTA AMPLOP KAPURANTA

Serngenge wis mberanangaken langit wetan. Isuk iku Bik Mariyam mari nyepakaken sarapan kanggo Taufik, anak lanang siji-sijine teka nem seduluran. Ambi nganteni Taufik Bik Mariyam lungguh nang pelanca ambi nyawang lawang jerumahe anak lanange iku. Ana hang ngganjel nang pikirane Bik Mariyam, gok kariya suwi anake sing ana metu. Sing serantan, Bik Mariyam edheng-edheng marek nang lawang jerumahe anake hang mung ditutup kain selambu. Ambi ati-ati Bik Mariyam mbuka sithik selambu ngintep anake. Dheg... Semendhal atine Bik Mariyam nyawang anake teka mburine selambu. Katon jelas anake ngadeg nang ngarepe kaca lemari ambi mesam-mesem dhewek nyawangi ayang-ayangane awake teka pucuk rambut sampek puput pucuke sikil. Bik Mariyam metenggengen nyimpen pitakonan nang jeru atine. Sing suwi, ana suwara teka jerumah.

“Sarapane wis dicepakaken Mak?” Taufik takon nang emake.

“Mak... Uwis mari tah durung?” Taufik mbaleni takon nang Bik Mariyam.

Sing ana semaure emake, Taufik langsung bain mbukak selambu lawange arep metu teka jerumahe. Ambi rada kaget Taufik kepapagan emake nang ngarepe lawang. Wangune Bik Mariyam magih metenggengen nang ngarepe lawang sampek sing weruh kadhung anake ana ring sandhinge. Bik Mariyam kaget njingkat serta anake ngguthit pundhake.

“Isun nak sarapan Mak, sarapane wis dicepakaken tah?”

“Uwis sakat mau, Sira sarapana wis iwak pelasan wader ulihe bapakira nyuluh.”

“Iya Mak.”

Aju Taufik nyandak aren lan ngedhuk sega nang kemarang. Taufik mangkat muluk sega, sarapan iwak pelasan wader. Bik Mariyam lungguh ambi nyawangi anake hang sarapan nang ngarepe. Sing kathik kethip ulihe Bik Mariyam mandeng anake ambi nyidhem pitakonan hang sakat mau gemandhul ring ati lan pikirane. Sing kerasa Bik Mariyam mesem nyawang rupane anake. Taufik nuli nang emake hang mesem, tapi emake sing weruh kadhung anake ya nyawangi iyane pisan.

“Mak... Rika apuwa?”

“Eh... Sira wis mari sarapan?” atine Bik Mariyam rada kemesud.

“Uwis Mak, Rika apuwa gok metenggengen iku?” takon maning ambi rada neges.

“Sing apuwa-apuwa, Sira wis gancang melakuwa sekolah wis bedhug, engko tah kasep.”

“Iya Mak, Assalamu’alaikum.” Taufik ngambung tangane Bik Mariyam aju melaku metu.

“Walaikumsalam, aja leren selaperan yah.”

“Iya Mak...”

Bik Mariyam ngeringkesi aren hang mari dienggo sarapan aju nutup kemarange. Bik Mariyam aju melebu nang pawon madhahi aren lan pekakas liyane hang mari dienggo adang ditumpuk nang pengaron aju melaku nang banyu sumber asah-asah. Umah kelenengan iku saiki wis sepi kerana Man Mahpud mari subuh mau wis melaku nyang sawah nutugaken arag-arag nang sawahe. Sorote serngenge temebuk nang latar liwat ring sela-selane godhong kenitu. Unine manuk perenjak lan cucak nang empange wit kenitu pada sautan kaya-kaya nggesahaken polahe Taufik isuk iku lan Bik Mariyam hang nyidhem pitakonan ring atine hang durung nemu jawaban.

Sing kerasa wis jam sanga isuk, saya suwi sentore serngenge kerasa nyenget panase. Bik Mariyam mangu-mangu lungguh ring risbang ngarep umahe ngenteni Man Mahpud mulih teka sawah. Awake katon kesel mari asah-asah ambi umbah-ubah. Sithik-sithik, keringet hang mili nang pipine ilang keneng silir-silire angin. Pikirane mbelinsung nang dhuwur mega, ngelambar nggoleti jawaban pitakonan hang magih nggudha atine. Teku kadohan Man Mahpud katon mikul pacul ambi nyangking kisok mulih teka sawah. Bik Mariyam mapag Man Mahpud nang ngarep lawang, Man Mahpud ngedhunaken pacul teka pundhake aju Bik Mariyam nyandhak kisok hang isine sawi lan bentul.

“Kelendi Kang, wis mari arag-arage?”

“Uwis Dhik, kesuk kari ndhautaken winih parine.”

“Iya wis Rika madhanga sulung kang, engko mari adus ana hang Sun omongaken.”

Bik Mariyam aju mbukak tutupe kemarang lan njuwut aren ngedhuk sega ngeladeni Man Mahpud madhang. Man Mahpud katon

enak ulihe madhang kegawa kesel mari megawe. Mari madhang Man Mahpud nyelempang sarung melaku adus nang banyu. Bik Maryam nggodhog wedang enggo nyorotaken kopi. Sing suwi Man Mahpud mulih teka banyu mari adus, awake wis katon kesat maning. Mari ndeleh sabun lan kelambine hang kothor, Man Mahpud aju lungguh nang bale. Bik Maryam nututi ambi nggawa wedang kopi.

“Iki Kang, kopine.” Bik Maryam ambi ngelungkaken tangane.

“Iyo Dhik.” ambi nyandak bentrong lurik teka tangane Bik Maryam.

Man Mahpud ngiling kopi nang patehan, disemprong sithik-sithik aju diuyup. Bik Maryam magih meneng lungguh nang sandhinge Man Mahpud durung wani mbuka gesah. Mari ngentekaken kopi hang nang patehan Man Mahpud nyelekaken patehane aju takon nang Bik Maryam mbukak gesah.

“Rika mau nak ngomong paran, Dhik?”

“Anu Kang, anakrika, Taufik.”

“Apuwa Taufik Dhik?”

“Sunsawang tingkahe rada bida ambi biyasane Kang.”

“Halah Rika iki, bida kelendi sih, Dhik?”

“Isuk mau isun weruh anakrika mesam-mesem dhewek nang ngarepe kaca Kang.”

“Hahahahaha....” Man Mahpud gemuyu rada ngakak.

“Apuwa gemuyu Kang, Isun iki kuwatir nang anakrika iku yah.”

“Kuwatir apuwa sih Dhik?”

“Isun wedi nawi anakrika iku kesambet ring dalan Kang.”

“Anakrika iku mula kesambet Dhik.” jawabe Man Mahpud sak mecothote.

“Temenan tah Kang?”

“Iyok, Isun nak nggelinting sulung, mbesuk Rika yara ngerti dhewek anakrika apuwa.”

Man Mahpud ngadeg aju melebu nang jerumahe arep nggelinting. Bik Maryam nutupi bentrong lurik wadahe kopi nganggo patean lan digenengaken semanding nang nduwur meja. Sing sepira suwine kerungu suwarane Man Mahpud ngorok wis kesirep nang jerumah. Bik Maryam nututi melebu ambi nggawa pikiran mamang bener tah using omonge Man Mahpud kadhung anake iku kesambet.

SMA PGRI Rogojampi

Latar sekolahan wis mulai rame, lare-lare pada metu teka kelas wayage ngaso. Taufik langsung njujug nang wit waru hang rada adoh teka lare-lare hang seliweran. Katone iyane neja golet panggonan hang rada sepi. Taufik lungguh dhewekan nang ngisor wit waru ambi maca buku ring tangane. Tingkahe katon kaya wong rada bingung, sedhilut bukune ditutup sedhilut dibukak maning. Sing suwi, Samsudin kanca tore nututi Taufik nang panggonan iku.

“Fik, Sun goleti sakat mau ketemune nang kene.” Samsudin ngadeg nang ngarepe Taufik.

“Iyok Din, Isun mau gupuh metu sulung.”

“Sing biyasane Rika ngaso nang kene.”

“Iyok, sangking kepingin nang kene bain,” ambi mathok-mathokaken buku nang dengkule.

“Iya wis Isun sangking nak warah kadhung engko wurung latihan pimpong.”

“Iya wis sing paran-paran.”

“Isun nak nang perpustakaan sulung yah.” Samsudin njangkah melaku nang perpustakaan.

“Iyok.”

Samsudin ngadeg lan njangkah melaku nang perpustakaan sekolahan. Taufik magih sing ngalih teka panggonane. Taufik ngelirik alroji nang tangan kiwane, aju ngadeg terus lungguh maning. Wangune ana hang dienteni ring Taufik, semayanan kecaruk ambi lare nang panggonan iku. Taufik meceger ambi mata walangen nyekeli buku ring tangane. Atine kerasa sintru, mung suwarane sapi lan menda hang ngancani teka Pasar Reboan nang wetan sekolahane. Ring jeru sintru atine, ana angen-angen hang agage kudu digape, ya angen-angen kepingin gancang kecaruk kembang atine. Kegawa ati sintru lan mata walangen, sing kerasa perawan hang sakat mau dienteni wis lungguh ring sandhinge.

“Wis suwi ngenteni ring kene?” Purwanti ambi nabok pundhake Taufik.

“Eh, uuu..using!” semauire Taufik rada gelagepan.

“Sepurane yah, Isun rada kasep.”

“Sing paran-paran,” jare Taufik magih kekok.

Taufik ambi Purwanti balik meneng-menengan, sing ana ucap hang kewetu teka lambene. Panggonan iku kerasa sintru maning kaya

sintrune atine Taufik ambi Purwanti. Suwi, wong loro hang wis mendhem gadhung iku padha-padha metenggengen ngerasakaken bingunge atine arep ngomong paran. Taufik ngelirik Purwanti hang ana ring sandhinge, matane mandeng jeru-jeru rupane Purwanti hang putih katon mberanang semu-semu abang. Mbuh paran hang ana ring pikirane Taufik, lyane mingkem sewu basa, ilate kaya kaku sing bisa ngomong paran-paran.

Semunu uga Purwanti, sorot matane ya katon sintru kaya sintru atine. Pikirane ngelayung ring antarane kembang waru lan obahe janur kelapa gadhing disapa angin hang memengan. Sing kerasa wis jam stengah sewelas, suwarane kentheng sekolah wis tabuh ping pindho. Suwarane hang kemelentheng mbugah wong loro hang mata walangen. Taufik lan Purwanti ngadeg njangkah melaku nang kelase tanpa setugel suwara hang kewetu teka lambene. Latar sekolahan wis sepi maning, lare-lare wis padha melebu kelase dhewek-dhewek. Yah dina iki, kerasa dina hang sedhilut, kaya sing cukup kanggo Taufik lan Purwanti hang arep nublek sekabehe rasa hang hang kependhem ring jeru atine.

Lare-lare wis melebu kelas kabeh, lungguh anteng ngenteni guru hang arep mulang. Taufik lan Purwanti lungguh nang bangkune dhewek-dhewek hang panggonane sesandhingan. Purwanti ngelirik Taufik ambi ngumbar eseman nang lambene, katon manis lan nambah ayune. Taufik mbales esemane, ana rasa adhem ring atine nyawang rupane Purwanti hang ana ring sandhinge. Karo-karone padha pandang-pandangan, sorot matane mendhem rasa karep hang kudu gancang dielungno. Yah rasa welas hang sampek saiki magih kesidhem ring atine.

Bu Hernanda, guru basa Inggris wis mangkat mulang. Lare-lare padha meneng ngerungokaken ambi nyathet pelajaran hang diwulangaken. Taufik lan Purwanti tangane padha umek nyathet pelajaran hang diwulangaken Bu Hernanda. Sedhilut-sedhilut Purwanti ngelirik Taufik hang lungguh nang bangku sandhinge. Taufik bales ngelirik, Purwanti temungkul ambi mesem isin pas matane kepapasan ambi matane Tufik. Purwanti nyuwek kertas aju ditulisi terus diuwel-uwel dielungaken nang Taufik teka ngisore bangku. Tangane Taufik agage nyandhak kertas hang dielungaken Purwanti, edheng-edheng Taufik mbuka buntelan kertas teka Purwanti. Ambi dheg-dhegan Taufik maca isi tulisane Purwanti “Engko mulih sekolah

Sun anteni nang ngarepe lawang sekolahan, ana hang nak isun titipaken nang Rika.” Sing kathik suwara, Taufik nuli nang Purwanti ambi manthuk nang Purwanti hang sakat mau sing kathik kethip mandeng Taufik ngenteni jawabane.

Kentheng sekolah wis muni ping telu, lare-lare padha metu teka kelas. Purwanti telikas metu sulung teka kelase melaku nang lawangan sekolahan. Iyane dikancani ambi Herlina ngadeg nang pinggir lawang sekolah. Sing suwi Taufik ambi Samsudin teka marani Purwanti ambi Herlina hang wis ngenteni.

“Rika arep titip paran, Pur?” takone Taufik rada heran.

“Kari seru kepingin weruh yoo.” Herlina nggeredho Taufik kepingin weruh.

“Sira iki Lin, sing ditakoni milu bain,” Samsudin nyaut pitakonane Herlina.

“Makne tah wis, kari lara dhengkule,” suwarane Herlina ambi rada celathu nang Samsudin.

“Lambenira iku hang lara nawi,” Samsudin sing terima.

“He, uwis tah menenga kok malah Sira hang ubret.” Taufik ngendhegaken Herlina ambi Samsudin hang padu-paduan.

Purwanti mbuka seleregane tase, aju njuwut amplop werna kapuranta teka jeru tase. Di lungakaken amplop iku nang Taufik. Samsudin ambi Herlina mung cengeng nyawang paran hang diwakaken Purwanti nang Taufik. Taufik langsung nyandhak amplop kapuranta iku lan dilebokaken nang sake sing kathik dideleng sulung. Kayane Taufik wis ngerti paran hang dititipaken Purwanti.

“Bukaken nang umah bain yah!” ambi bisik-bisik nang kupinge Taufik.

“Iya,” semature Taufik edheng.

“Kadhung mari diwaca, aja lali balesane.”

“Isine paran sih?” Taufik setengah rada neges.

“Engko Rika yara weruh kadhung wis maca,” ambi rada temungkul.

“Iya wis.”

“Wangune, wangune Purwanti iki Lin,” Samsudin ngguthit Herlina.

“Paca iki wis Din, terus Isun ambi Rika kelendi, hahahaha.” Herlina nyaut ambi cekikikan.

Lurung nang ngarepe lawang sekolah rame lare hang mulih sekolah. Purwanti ambi Herlina ngadeg ngenteni nunutan montor kol. Taufik ambi Samsudin magih ngerewangi Purwanti hang durung ulih nunutan. Sing kerasa ambi nyegat montor nunutan, Purwanti nyendhekaken endase nang pundhake Taufik. Atine Taufik kemesud, tapi batine ana rasa seneng hang sing dhikira kaya biyasahe. Sampik suwi montor nunutan sing ana njumbul, kaya-kaya ngerti kadhung ana ati hang sing gelem agage gelis pisah. Samsudin ambi Herlina mung meneng nang mburine nyawang kancane hang mendhem gadhung iku.

“Isun rasane kaya emong mulih, Fik.”

“Apuwa?” semature Taufik polos.

“Isun kepingin terus ambi Rika, Isun emong adoh teka Rika.”

“Rika iki apuwa gok mara-mara gedigi, Pur?”

“Embuh Isun sing ngerti, rasane ati kaya ayem kadhung parek ambi Rika.”

“Saktemene Rika apuwa sih, Pur?”

Purwanti dhenguh ambi nyedhot ambekane, dawa. Awake saya rapet semende nang awake Taufik. Tangane nggegem tangane Taufik singset kaya-kaya emong dieculaken. Panase serngenge wis sing dirasakaken, hang ana mung rasa tentrem nang jeru atine wong loro iku. Taufik lan Purwanti wis kesilep nang jerune rasa hang sing keneng dilangeni.

“Fik....” suwarane Purwanti alus.

“Iya, Pur...”

“Paran hang Riko rasakaken?”

“Isun sing ngerti, Pur.”

“Rika seneng?” Purwanti neges.

“Iya, Isun seneng.”

Taufik mandeng Purwanti hang saiki wis ngalih ngadeg nang ngarepe. Wong loro padha-padha mandeng, tapi sing ana suwara hang metu teka lambene. Purwanti mesem, ring matane katon ana rasa seneng hang keliwat-liwat. Taufik mbales eseme Purwanti, sing ngereken kadhung nang mburine magih ana Samsudin ambi Herlina. Donya rasane kaya wis sing ana wong liya maning, mung duwene iyane keloronan.

Suwarane bel montor nunutan ngagetaken Taufik lan Purwanti. Agage Purwanti ngeculaken pandangan matane nang Taufik lan nyeluk Herlina.

“Lin, ayo wis mulih iki montore wis teka!”

“Ayo.” Herlina melaku melebu nang montor nunutan.

“Fik, Isun mulih sulung yah, ketemu kesuk maning aja lali.” Purwanti pamitan nang Taufik.

“Iya, ati-ati,” ambi dhadhah nang Purwanti.

Purwanti ambi Herlina munggah nang montor. Kernet nguweni tandha nang supire kadhung penumpange wis melebu. Montor nunutan melaku nggawa Purwanti. Taufik magih ngadeg nyawang montor nunutan iku sampek sing katon, ilang nang bilukan. Taufik kaya abot ditinggal Purwanti, rasane ana hang ilang teka atine. Taufik njangkah mulih ngetutaken galur cilik nang kebonanan ambi nggawa rasa hang sing tau dirasakaken sedurunge. Rasa seneng hang sing keneng diomongaken.

Sedawane dalan, Taufik digeridho ambi Samsudin. Sing leren-leren Samsudin nakokaken amplop teka Purwanti, seru kepingin weruh paran isine. Taufik methethet sing gelem mbuka amplop kapuranta iku, merga iling ambi penjaluke Purwanti. Sorote serngenge sengidan ring antarane ayang-ayangan wiwitan, ngetutaken jangkahe Taufik ambi Samsudin hang katon lisuh. Jam setengah loro Taufik wis gadug umah. Lawang ngarep kebuka separo hang nduwur.

“Assalamualaikum,” Taufik uluk salam.

“Wa alaikum salam,” suwarane emake nyaut teka jeru umah.

Bik Mariyam gage-gage metu teka jeru umah mbukak pathele lawang. Taufik langsung nyandhak tangane emake terus diambung. Taufik langsung melebu nang jerumahe ndeleh tas lan nyoplok sepatune. Bik Mariyam melebu nang pawon arep nyepakaken madhange Taufik. Teka jeru pawon Bik Mariyam nyeluk anake.

“Fik, wis madhanga, segane wis Emak cepakaken!”

“Iya Mak, sulung dhilut magih salin.”

Bik Mariyam ngenteni anake nang pawon lungguh nang jodhog cilik sandhinge meja. Sing suwi Taufik melebu nang pawon langsung lungguh nang kursi kayu ngadhep nang meja. Taufik mangkat ngedhuk sega aju madhang iwak pelasan wader isuk mau ambi janganan kelor. Bik Mariyam nyorot banyu putih sak gelas teka ketel aju dideleh nang ngarepe Taufik.

“Madhang hang enak aja gupuh-gupuh engko kebesele.”

“Iya Mak, aja pati ngomong tah.”

“Iku tuliyentah, kadhung imbuh kari mung sithik, mangane ambi gupuh.”

“Hemmm... makne tawis Mak, Isun rada wareg.”

“Wareg mari mangan paran Sira iku?” saya nggacah takone.

“Ehegh... Ehegh...” Taufik nyandhak gelas aju gancang ngombe.

“Koh kebesele temenan, diwarah madhang aja gupuh yah.”

“Ketang Rika iki Mak, ngomong bain ana wong madhang, gupuh wis Isun.”

Bik Mariyam meteki boyoke Taufik hang magih watuk-watuk kerana kebesele. Taufik manggut-manggut ngetutaken pethekane emake. Taufik wis kerasa lega aju nutugaken mangan segane hang wis kari rong pulukan. Taufik wis mari madhang terus ngombe ngentekaken karine banyu putih ring gelas mau.

“Wis mak, Isun wis mari madhange.”

“Wis wareg temenan?”

“Iyo mak.”

“Sira sembayanga lohor sulung aju turuwa!”

Sing kathik semaur, Taufik langsung metu teka pawon balik maning nang jerumahe njuwut sarung ambi kethu. Sing lali Taufik nyangking timba cilik wadahe sabun ambi nyelempang andhuk terus melaku nang wakap arep sembayang lohor. Bik Mariyam mesem nyawang anake hang melaku nang wakaf teka ngarep lawang pawon, iyane kerasa seneng anake patheng lan nurut. Bik Mariyam melebu nang umahe ambi ngancing lawang pawon.

Suwarana adan asar wis muni teka masjid kidul umahe Taufik. Taping Taufik durung ana njumbul mulih nang umahe. Wangune Taufik mari sembayang lohor sing katik mulih mesisan terus sembayang asar nang wakap. Mari sembayang ashar Taufik mulih nang umahe. Gadug ngarep umah, Taufik ngicis anduk nang sangsangan. Sing kathik celuk-celuk emake, Taufik langsung melebu umah. Taufik njujug nang jerumahe nyantholaken kethu lan nyoplok kelambine.

Ambi lungguh nang pinggire pelanca, Taufik madhep nang kaca lemari nyawang rupane. Kaya sing percaya, ayang-ayangan hang katon ngganteng nang ngarep kaca iku bener iyane tah using. Nang jeru atine ana rasa girang, katon teka eseme hang ngambang nang

lambene. Taufik njingkat iling nang amplop kapuranta hang diwakaken Purwanti nang iyane. Taufik langsung ngadeg mara nang tas nang ndhuwur mejane. Ambi deg-degan, Taufik mbuka seleregane tase njuwut amplop hang diselempitaken nang jeru buku. Taufik balik maning nang pelanca nyelekaken awake nang peturon. Ati-ati Taufik nyuwek tutupe amplop hang dipulut rapet.

Saya dheg-dhegan Taufik mbukak lepitane kertas nang jeru amplop kapuranta iku. Ambi kelumah, Taufik mangkat maca tulisan nang kertas hang ana gambare kembang mawar lan godong waru iku :

Kanggo pujane ati : “Taufik” tersayang.

Sedurunge Isun njaluk sepura nang Rika, isun nulis krentege atinisun nang Rika liwat surat iki. Terserah Rika arep nganggep Isun kelendi. Isun mung lare wadon kaya umume hang duwe rasa. Isun wis sing kuwat, terus nyidhem rasa iki. Saya suwi saya nyesek ring dhadhanisun. Rasa hang wis pirang-pirangane dina, pirang-pirangane ulan kepingin suntublek.

Fik..., embuh sakat kapan rasa iki merujuk ring pelataran atinisun. Rasa hang bida, rasa hang sing tau sunrasakaken sedurunge nang Rika. Embuh apuwa, kadhung Isun parek nang Rika rasane ati kariya ayem kaya dielus-elus aluse tangan widodari. Kepingin rasane Isun terus ana ring sandhinge Rika, angger detik, angger dina, isun emong adoh teka Rika.

Raina bengi, mung ayang-ayanganrika hang ngaton kemeliwes nang ngarep mata. Esemangka, guyunrika rasane jangget ring ati iki. Esemangka hang nggawa adhem ring ati, guyu hang nggawa seneng nang pikiran. Isun kepingin saben dina bisa semendhe nang awakrika, ngerungakaken obahe jantungrika, ngerasakaken arume ambekangka. Duh kariya senenge atine isun kadhung dadi duwenrika.

Isun sadhar, kadhung iki rasa welas, welase atinisun nang Rika. Hang sun jaluk muga Rika bisa nampa sak gegem welas iki. Welas hang wutuh sing ana liya mung kanggo Rika. Sunpasrahaken ati iki, sunpasrahaken welas iki kanggo Rika selawase. Isun karepaken bukaken atinrika kaya werane segara, enggo nadhahi welas hang mili teka ati iki.

Fik... Isun welas nang Rika, welas nang Rika.

Welasrika

Purwanti

Taufik wis pungkas maca surat teka Purwanti. Atine bingung, seneng lan sing percaya uled dadi siji nang jeru dhadhane. Disawangi terus surate Purwanti, kuncar-kancir diwaca maning kaya-kaya sing percaya paran hang ditulis Purwanti nang iyane. Diambung surat iku nganggo perasaan hang jeru, terus dipeluk singset nang dhadhane. Matane mandeng menduwur, sorot matane kaya-kaya arep nembus pucuke langit. Pikirane saiki wis miber temenan nang awang-awang. Sing di nyana lare wadon hang meneng-meneng iyane sir, nduweni rasa hang padha ambi hang iyane rasakaken.

Aling-aling hang sakat bengen ngemuli atine, saiki wis ilang. Pitakon hang nggeridhu pikirane saiki wis kejawab. Lega, ya kerasa lega rasane bathine Taufik, rasa welas hang disidhem kanggo Purwanti saiki wis diimbangi. Taufik saya kesilep nang jerune rasa seneng hang keliwat sangking. Amplop Kapuranta dadi tandha rasa welas kawitan antarane wong loro, Taufik ambi Purwanti.

NGUNGGAHI

Pecake iluh magih durung ilang teka pipine Huzaimah. Matane ketara alum katon kadhung mari nangis. Iyane kemureb ambi meluk bantal hang kepus kesiram iluh. Atine magih bangkel durung bisa nerima nyang kekarepane wong tuweke.

“Wis tah Beng, Sira nuruta nyang Emak ambi Bapak.” abane emake ambi ngelus rambute Huzaimah.

“Sira arep golet hang kelendi maning, terimanen pilihane Emak ambi Bapak.”

Huzaimah sing kathik semaur. Dikiplas tangane emake hang ngelu-elus rambute. Atine saya medhedheg rungu penjaluke emake. Arep sing medhedheg kelendi, Huzaimah sing dhemen nyang lare lanang hang dadi pilihane emak bapak. Alihe emak bapak ya wis ngerti kadhung anake wis duwe dhemenan dhewek.

“Pikir-pikiren hang temenan Beng. Aja kesusu sing gelem sulung,” abane Mak Sapiyah ambi ngadeg arep metu teka jerumahe Huzaimah.

“Uwis Maak menenga...!” Huzaimah mberak sak anter-antere.

Tangise Huzaimah pecah maning. Tangane nggeblag-nggeblag kasur kaya wong kejajalen. Mak Sapiyah sing kathik ana abane maning metu teka teka jerumah. Huzaimah nangis geruh-geruh ring peturone. Suara tangise sampik untas kerungu menjaba.

“Kari mentala Rika Maak...!” suwarane Huzaimah ambi kerant-ranta.

Gerigis hang mudhun saya suwi tambah nderes-nderesaken. Derese banyu udan mbarengi derese iluhe Huzaimah hang deredesan ring pipine. Suwarane geludhug hang nyamber saya nambahi perih atine Huzaimah.

Batine uyang. Bingung ulihe milih endi hang kudu dipiloni. Milu karepe wong tuwek taping atine sing nerima, tah netepi pilihane dhewek taping sing disetujoni ambi wong tuweke. Pitakon iku sing leren-leren mbundheli pikirane. Huzaimah mandheg sing ngerti paran hang dikarepaken wong tuweke arep njodhohaken nyang lare hang durung tau kenal.

“Beng... Beng... Zaimah...wis menenga Beng aja nangis,” Pak Ramlan nyuwara teka ngarepe lawang jerumah.

Huzaimah magih tetep sing semaur. Taping tangise wis sing anter kaya mauka. Hang kerungu mung suwara mesesegen teka jerumahe Huzaimah. Bapake sing wani arep melebu nemoni Huzaimah. Hang jelas saya nambahi bangkele ati anak kuwalone. Iyane mung ngadeg bain ring ngarepe jerumah.

Sakbenere hang nduweni karep njodhokaken Huzaimah nyang lare liya iku ya emake. Pak Ramlan mung bisa pasrah bain paran jare rabine, kerana Iyane mung bapak sambung. Ring jeru atine, sakbenere iyane ya sekaken nyang anak kuwalone. Taping kelendi maning, iyane sing duwe daya arep nulung Huzaimah. Pak Ramlan magih meceger durung ngalih teka ngarep jerumahe Huzaimah.

Suwaro mesesegen tangise Huzaimah wis ilang. Abete Huzaimah wis kesirep. Pak Ramlan nguwanekaken ngintep anak kuwalone ring jerumahe. Dibukak edheng-edheng lawang jerumahe Huzaimah. Iyane sing sampik melebu menjeru, mung dipasdakaken bain teka lawangane jerumah hang dibukak sithik.

“Huzaimah wis kesirep.” usike atine.

Dienebaken maning lawang jerumahe Huzaimah. Atine rada lega, sak usinge Huzaimah saiki wis ayem. Ati bangkel lan pikirane hang sing karu-karuan mau wis ilang kegawa turu. Pak Ramlan ninggalaken jerumahe Huzaimah aju melebu nyang jerumahe nututi Mak Sapiyah hang wis kesirep turu sulung. Diselekaken awake ring sandhinge rabine. Mak Sapiyah turu abete wis kesirep lali, sampik sing kerasa kadhung lakine wis milu turu ring sandhinge.

Pak Ramlan kethip-kethip durung bisa merem. Atine magih kepikiran nyang anak kuwalone. Kadhung Iyane nggagak kekerapene hang wadon, jelas dadi padu lan tukare. Kadhung Huzaimah sing dibelani, Iyane sekaken nyang anak kuwalone iku. Masiya tah mung anak kuwalon, taping welase wis kaya nyang anake dhewek.

Sing kerasa wayah wis jam 2 bengi, taping matane Pak Ramlan tetep sing keneng dieremaken. Atine milu uyang ngerasakaken anak kuwalone. Ditimbang-timbang pikirane, Iyane kudu kelendi ngadepi kahanan iki. Sampik ngarepaken subuh, Pak Ramlan buru bisa kesirep.

Mak Sapiyah mapakaken wedang kopi ambi kukusan gedhang kayu ring dhuwur meja. Pak Ramlan magih durung metu teka jerumahe. Mari subuhan, Pak Ramlan mapan turu maning kerasa magih ngantuk. Isuk iki lyane peregi megawe. Hawane magih kerasa adheme kegawa pecake udan unibengi. Jerumahe Huzaimah ya magih kancingan.

Mak Sapiyah nutugaken adang lan olah iwak ring pawone. Bida ambi ring bale, hawane ring pawon kerasa rada anget. Urube geni hang meromong ring bengahan ndadekaken pawon sing kerasa adhem. Beras hang mari ditapung kukusan dientas diwadahi nyang kemarang jajang. Pelasan lemuru hang ring wirungan ya uwis emeh mateng. Isuk iki sing kaya biyasahe, ring pawon mung ana mak Sapiyah. Huzaimah sing milu nulungi emake ring pawon.

Mari singkrih, Mak Sapiyah aju melebu nyang jerumahe.

“Kang, tangiya!” tangane nguthik sikile Pak Ramlan hang magih turu.

“Jam pira iki Dhik?” Pak Ramlan tangi teka pelanca.

“Jam 8 kang,” saure Mak Sapiyah ambi njangkah metu teka jerumah.

Pak Ramlan lungguh ring pinggiran pelanca sing endak ngadheg ambi kucek-kucek matane hang katon abang magih ngantuk. Cangkeme magih bolak-balik selongoban. Amba rada-arsen, Pak Ramlan ngadeg njangkah nututi rabine metu nyang bale. Ring bale, Mak Sapiyah wis lungguh ring kursi ambi mangan kukusan gedhang.

Weruh lakine wis nututi nyang bale, Mak Sapiyah nyorotaken kopi nyang lepekan. Pak Ramlan marek lungguh ring sandhing rabine.

“Iki Kang kopine umbenen.” dielungkaken wedang kopi hang dicorot ring lepekan.

Tangane Pak Ramlan nyandhak lepekan hang dielungkaken rabine. Diuyup sithik-sithik wedhang kopi hang magih anget iku. Mak Sapiyah magih anteng lungguh nutugaken mangan kukusan gedhang. Wong keloron padha menenge. Ring ngarep kana, lurung wis sepi arang wong liwat. Maklum wis jam 8 keliwat, lare sekolah lan wong megawe wis padha melaku.

“Zaimah wis tangi tah Dhik?” takone Pak Ramlan ambi nyelekaken lepekan

“Durung, Kang,” saute entheng.

“Wis Rika pikir maning tah Dhik, arep njodhokaken Huzaimah ambi Fatoni iku?” Pak Ramlan takon maning.

“Mikir paran maning Kang, Isun wis manteb nyang kekarepanisun.” saure rada nyendhal.

“Ya masa gedigune tah, Huzaimah lan Fatoni kan durung suwi kenal. Kecaruke ya buru sepisan,” Pak Ramlan ambi sabar nguweni alasan.

“Sedhilut utawa suwi iku sing keneng dienggo alasan Kang,” saure tambah merengkal.

“Rika wis weruh tah sedinane Fatoni iku kelendi? Engko pungkasane kaya...” Pak Ramlan sing nerusaken omongane.

“Pungkasane kaya paran Kang? Apuwa sing diterusaken Rika ngomong,” Mak Sapiyah mangkat mepeng.

Pak Ramlan meneng bain sing nyauri takone hang wadon. Iyane iling kedadeyan emboke Huzaimah. Diuyup maning kopi ring lumur hang kari separuh iku. Mak Sapiyah magih nggerundeng dhewek. Iyane sing terima kadhung kekarepane dipenggak ring lakine. Pikirane nyerempeng kudu njodokaken Huzaimah nyang Fatoni.

“Rika iki ya Dhik, diejak rembugan malah mepeng.” dicemak lengene mak Sapiyah hang mepeng iku.

“Maning Rika ya gedigu Kang, kathik menggak kekarepanisun. Huzaimah iku anak isun, Rika aja milu-milu nyang urusanisun,” saure saya mepeng.

“Masaalah Dhik, sipat Rika iki wis. Angger diejak ngomong apik-apikan mesthi ngajak tukar,” Pak Ramlan ngadeg ninggalaken rabine ning bale umah.

Pak Ramlan wis ngerti nyang lagute hang wadon. Makane aluk ditinggal metu bain timbang engko malah tambah dadi gedhi tukarane.

Mak Sapiyah magih lungguh ring kursi. Embuh paran hang ana ring pikirane. Iyane sing iling ambi nasibe Jariyah emboke Huzaimah. Bengen Iyane njodokaken Jariyah ambi lare hang durung tau weruh sedinane. Iyane mung rungu teka omongane uwong hang ngenalaken. Jare larene apik anake wong sugih. Wis duwe pegaweyan enak lan sing kurang sandhang pangane. Mula bener lakine Jariyah sugih, taping sedinane dhemenane umbe-umbean lan main sak kancane.

Hang diweruhi mak Sapiyah mung lakine Jariyah iku anake wong sugih. Taping tingkah polahe saben dina kelendi, lyane sing tau weruh. Makane iku Pak Ramlan ngilingaken rabine aja sampik paran hang kelakon ambi Jariyah kelakon pisan nyang Huzaimah.

Ring jerumah, Huzaimah sing kathik metu. Lawang jerumahe magih kancingan rapet. lyane aras-arasen kecaruk nyang emake. Kadhung metu, engko tuwas dijak ngomong bab jejodhoan lyane ambi Fatoni.

Mak Sapiyah hang sakat mau mata walangen lungguh ring kursi bale mberejag dhikagetaken suwarane pitik hang kukuruyuk ring ngarepe umah. Dipuputi aren lan lumur hang ana ring ndhuwur mija aju digawa nyang pawon. Teka ngarep lawang jerumahe Huzaimah, diendheg lakune. Disawang lawang jerumahe anake hang katon kancingan rapet. Edheng-edheng iyane marek nyang ngarepe lawang.

“Wis tangi Sira Beng? Wis bedhug iki yah, adusa.” abane teka ngarep lawang.

Dienteni, sing ana suwarane anake nyaut teka njeru. Atine kerasa kadhung anake magih muring nyang iyane. Diterusaken lakune melebu nyang pawon nggawa aren ambi lumur hang isuk mau mari dienggo madhahi kukusan gedhang lan kopi.

Mari nyelekaken aren lan lumur, Mak Sapiyah lungguh ring pelanca pawon. Tangane sangga uwang madhep nyang bengahan hang wis ilang urube. Pikirane mangkat ngelayung maning milu lakune welek hang metu liwat sela-selane gentheng. Pak Ramlan embuh metu nyang endi. Metune ya sing katik pamit nyang Mak Sapiyah.

Mari adus, Huzaimah terus melebu kamare maning. Sing kathik ngereken nyang emake. Atine saya medhedheg kadhung nyawang rupane emake. Agage lawang kamar disereg teka njeru. Pikirane Huzaimah magih ngelayung. lyane bingung kudu kelendi. Arep nuruti kekarepane emak, naming mateni rasa welas ring atine nyang dhemenane. Kadhung sing nurut nyang emake, lyane diarani anak duraka nyang wong tuwek.

Atine hang ngelayung dhikagetaken suwarane WA teka hapene. Dichandhak lan didileng sapa tah hang ngirim WA. Temune Rosidi hang WA. Iyane mesem, lan agage dibukak isi WA ne teka Rosidi.

“Dhik, ayo engko memengan nyang pesisir ya.”

“Iya Kang, kebeneran. Isun sumpek kepingin metu teka umah.”

“Apuwa tah?”

“Isun sing sanggup Kang. Isun dijdohokaken nyang wong liya ambi emak.”

“Hang bener Dhik? Aju Rika kelendi?”

“Isun sing gelem Kang, Isun abot nyang Rika. Pokoke Isun kudu ulih Rika.”

“Rika, Sun colong bain mari wis Dhik.”

“Aja Kang. Bangur Isun hang melayu nyang umahrika makene Rika sing ulih salah ring wong tuwekisun.”

“Wis temenan kareprika Dhik?”

“Iya kang Isun manteb. Rika ngomonga nyang wong tuwekrika.”

“Iya Dhik.”

Atine Huzaimah wis nekad. Karepe sing keneng dipenggak maning. Edheng-edheng Iyane juwuti kelambi ring lemarine diwadhahi tase. Atine wis sing bisa mungkir maning kudhu nyandhing dhemenane. Penganggone hang wis diwadhahi dietokaken liwat cendelo umah aju Huzaimah pamit nyang emake arep tuku pulsa. Sing duwe pikiran paran-paran, Iyane ngiyani pamite anake tuku pulsa.

Sampik wayah soren Huzaimah sing ana mulih nyang umahe. Emake bingung, buru kerasa kadhung anake minggat teka umahe. Mak Sapiyah wis sing bisa nahan tangise. Pungkase saiki Iyane hang tangisan rumangsa kelangan.

Mari Isyak, ana dayoh nothok lawang umahe Mak Sapiyah. Uwong lanang loro hang salah sijine yaiku bapake Rosidi. Dayoh iku mau ngabaraken kadhung Huzaimah saiki ana ring umahe Rosidi sing gelem diteraken mulih. Kalingana dayoh loro iku mau colok hang ngabaraken kadhung Huzaimah ngunggah-ngunggah nyang Rosidi.

Ya wis kelendi maning perkara iki sing bisa dicegah, keluarga Mak Sapiyah kudu nerima paran hang dikarepaken anake. Mak Sapiyah mung bisa nangis ring sandhinge Pak Ramlan. Mula iki dalan jodhone Huzaimah. Jare basanane:

“Nong alas ngundhuh kacang tunggak, kacang tunggak wis agage diwadhahi.”

“Kadhung ati welas aja sampik dipenggak, kadhung dipenggak pungkase ngunggahi.”

GERAHANA

“Kringgg... Kringgg.... Kringgg...” suwarane HP ngungkung sampek bolak-balik ping telu noring jeru kamare Jamal sing ana hang nampa. Jamal hang magih adus nang jedhing sing kerungu dung HP ne muni. Jam tembok nang jeru kamare Jamal wis gadug nang angka jam 6 isuk keliwat 30 menit. Kaya biyasane wayah jam semono, Mardiyah sirsirane Jamal telepon arep pamitan melaku megawe. Mardiyah megawe dadi penjaga toko kelambi nang pasar.

Sepuluh menit, Jamal metu teka jedhing mari adus nuju nang kamare. Jamal ngelirik nang jam tembok hang tememplek nang sandhinge lemari hang wis gadug jam 6 keliwat 40 menit. Atine semendhal lan gancang-gancang nyandhak HP ne hang nggelethak nang ndhuwur peturone. Agage Jamal mbuka HP ne, dideleng ana pecake *misscall* teka Mardiyah akehe ping telu. Jamal mesem, aju pites-pites HP ne.

“Halo...” suwarane Mardiyah nang kadowan.

“Sepurane ya Dhik Rika telpon mau sing ana hang ngangkat.” Jamal nyulungi omongan.

“Rika nang endi sih, sampek sing rungu Isun tilpon iku?” suwarane Mardiyah rada muring.

“Isun magih nang jedhing, adus. Isun tangine kebedhugen iki mau,” semaure Jamal nguweni alasan. “Aja muring ya, dhung muring engko suda ayune aju.” Jamal mangkat ngerayu Mardiyah.

“Biasa Rika iki, mangkat teka gumbale,” Mardiyah nyelethuk ambi gemuyu sithik.

“Rika wis melaku tah?” Jamal takon nang Mardiyah.

“Wis, iki isun nang dalan magih numpak lin,” saure Mardiyah.

“Aja lali ngko isun mulih paranana, Assalamu’alaikum.” Mardiyah mungkasi tilpune.

“Iya, rika ati-ati ya, Walaikum salam,” Jamal njawab salame Mardiyah aju mateni HP ne.

Jamal mbukak lemari njuwut kelambi seragam olah raga. Wis dadi kebiasaane, angger isuk iyane melayu-melayu olah raga nang ara-ara kutha. Maklum bain Jamal durung ulih pegaweyan maning sakmarine leren teka pegawenane. Mari nganggo kelambi olah raga

lan sepatu, Jamal metu teka kamare nuju nang pawon marani emake hang enak adang.

“Mak, Isun nak olah raga sulung engko bain sarapan magiya ya segane durung mateng.” Jamal pamitan nang emake teka lawangan pawon.

“Iya wis, engko mulihe aja kari suwi!”

“Apuwa, mak?”

“Engko penekena kenitu, polae embokira engko soren arep nyambang adhikira nang pondhokan.”

“Iya wis Mak, Isun melaku sulung, Assalamualaikum.” Jamal uluk salam nang emake aju melaku metu.

“Walaikumsalam,” Bik Rihati nyauri ambi napung sega nang kukusan.

Bik Rihati nerusaken pegaweyane nang pawon. Dina iku Bik Rihati olah-olah akeh macem panganan lan jajan kanggo ngirim anake hang kemunjilan nang pondhokan. Welek melkudhuk nang jeru pawon lan ambune jajan ngebul sampik metu nang jabane umah.

Edheng-edheng serngenge isuk merangkang munggah, sorote hang semembur nang sakwerane ara-ara mangkat kerasa nyenget nang kulit. Jamal hang wis deredesan keringet ngepos lungguh kunjur nang ngisore wit ketepeng. Ambekane ngos-ngosan siji loro mari melayu-melayu ngubengi ara-ara. Sedhela-sedhela tangane ngusapi keringet hang magih mili nang bathuke. Angin hang silir-silir ngelambari awake ngasataken keringet hang ngepusi awake.

Nang pinggir ara-ara, Jamal semendhe nang uwit ketepeng ambi nyawangi wong-wong hang magih melaku lan melayu ngubengi ara-ara. Ana lare cilik, lare enom lan wong hang wis tuwek sing kelalen milu olah raga. Jamal mesem pas nyawang ana lare loro lanang wadon melaku bareng ambi gandengan tangan. Pantese bain mbatin nang jeru atine, kapan iyane biso gandengan tangan melaku bareng ambi sir-sirane. Sing kathik kethip ulihe Jamal nyawang sampik pikirane ngelayung kegawa rasa kepingin ring atine.

Suwarane lare cilik hang celuk-celuk kancane ngagetaken Jamal hang metenggengen. Jamal mberejag aju nyawang arloji nang

tangane hang wis gadug jam 8 isuk. Iyane agage ngadeg lan melaku mulih iling nang pesene emake kon menekaken kenitu kanggo adhike. Jamal melaku rada telikas makne gelis gadug umahe, gorokane wis sing kuat nahan rasa ngelak lan wetenge mulai kerasa elom. Gadug umahe, Jamal ndeludug bain langsung melebu nang pawon njuwut wedang terus ngombe sak akeh-akehe.

“Byek kari ngelak temenan Sira, Lik,” jare emake.

“Iya Mak, dina iki hawane panas temenan, sing kuwat Isun,” aju nggelogok banyu ring lumur maning. “Rasane gorokan kaya nak pedhot kok.”

“Iya wis, sarapana sulung segane wis mateng, sun dadaraken endhog bain.”

Jamal njuwut piring aju ngedhuk sega nang kemarang. Jamal sarapan lungguh nang ngarepe lawangan. Sithik-sithik Jamal muluk segane hang magih anget ambi nyawangi emake hang magih umet olah-olah. Bik Rihati ngelirik anake hang sarapan nang ngarepe lawang.

“Lik, Sira iku diwarah aja pati madhang nang ngarepe lawang yah, engkotah Sira...” Bik Rihati sing nerusaken omongane.

“Engko apuwa, Mak?” Jamal neges.

“Jare wong tuwek bengen iku dhung madhang nang ngarepe lawang ditampik perawan ulih randha,” emake njelasaken.

“Iyatah, hang bener apuwa Mak.” Jamal sing percaya.

“Sira iki diwarah wong tuwek cengkal, maning wong nang lawangan iku mangan cangkem,” Bik Rihati nambahi maning.

Jamal ngadeg ngalih nang pelanca nutugaken sarapane. Mari sarapan Jamal aju ndeleh piringe nang wadhahe asah-asahan ring sandhinge sumur.

“Mak, kelendi pacatah ngunduh kenitu?” Jamal takon ngilingaken emake.

“Iya Lik, dhung kesel Ira wis ilang agage undhuhena.”

“Embok durung merene tah Mak, gok sing ana nulungi Rika olah-olah?”

“Yaiku ya Lik, endane magih durung mari tandang nang umahe? Susulena sulung mari wis, aju ngunduha kenitu Sira iku!” Bik Rihati njaluk tulung nang anake.

“Iya, Mak,” saure Jamal sak nyek.

“Warahen embokira aja kari suwi.”

Jamal njangkah metu nggawa jabil arep melaku nang kebonan mburine umahe. Sakdurunge ngundhuh kenitu, Jamal nang umahe emboke nyusul kon nulungi emake olah-olah. Kira-kira 3 jam suwine, Jamal wis balik maning nang umahe ambi nggawa kenitu sak jabil cilik.

“Iki Mak kenitune wis Sun undhuh, wis Sun pilih pisan.”

“Wadhahana kerdhus makne enak nggawane,” Bik Rihati ngongkon anake ambi pincuk-pincuk jajan.

“Engko embok melaku jam pira?” Jamal nyela.

“Mari asar jare, engko embokira terna nang terminal ya.”

“Iya Mak, mesisan engko isun ambi nyusul Mardiyah mulih megawe.”

“Eh rada lawas lare iku sing mengan merene.”

“Iya Mak, apuwa sih? Rika katontah nang calon mantune?” Jamal nggudha emake.

“Ya iya Lik marine sing katon, barang lare kari apik digu, ayu pisan,” semau Bik Rihati.

“Mangkane tah Mak gancang jaluken nang wong tuweke. Makene Isun duwe rabi lan Rika aju duwe putu maning.” Jamal saya nggeridhu emake.

“Halah rainira Lik, kari sing duwe isin ngomong digu nang emake. Megaweya sulung aju sun jaluk anake uwong iku.”

“Endane arep njaluk bain leren ngenteni Isun megawe Mak?” Jamal saya ndadi nggeridhu emake.

“Dhung Sira sing megawe nak Sira pakani paran anake maratuwa iku?”

“Ya dipakani sega Mak, masa nak dipakani pasir. Engko dhung wayahe madhang, Isun madhang njaluk nang Rika lan Mardiyah mane mulih madhang nang umahe maratuwa hahaha,” Jamal semaur sak enake ambi ngagak.

“Nagud Sira iku, wis kana adusa Sira iku aju aterna embokira nang terminal.”

Jamal melebu nang jedhing, Bik Rihati singkrih lan ringkes-ringkes nyepakaken gawan hang nak enggo ngirim adhike Jamal nang pondhokan. Teka jero jedhing suwarane Jamal adus ambi sisilan campur suwarane kebure banyu. Kayane ana rasa seneng hang nyiram atine Jamal, soren iki iyane arep ketemu ambi sir-sirane. Dhemenan hang kaya-kaya sing ana liya maning welase.

Jam 3 sore, Jamal melaku ngeteraken emboke nang terminal numpak sepidhah montor. Edheng-edheng Jamal ngelakokaken sepidhah nggonceng emboke lan nggawa kirimane adhike. Seperapat jam Jamal wis gadug terminal. Kernet bis langsung mara nang Jamal ambi emboke nulungi nggawa barang nang bis.

“Mbok, salam nang adhik ya Isun magih sing bisa nguweni sangu. Warahen kakange durung megawe maning.” Jamal titip salam kanggo adhike.

“Iya, muga-muga Sira gancang ulih pegawenan maning. Kelendi sih, wis ana ancer-ancer nak ngelamar nang endi tah Sira?” emboke takon.

“Durung Mbok, yaiki magih takon-takon nang kanca.”

“Ya wis, mari iki sira langsung mulih tah?”

“Using Mbok, isun nak mapag Mardiyah nang pegaweyane. Mau wekas njaluk diparani.”

“Isun melaku ya Dhik, Sira ati-ati yah. Salamualaikum.” emboke pamitan.

“Walaikum salam.” Jamal salaman ambi ngambung tangane emboke.

Jamal magih ngadeg nang sandhing sepidhahe ambi nyawang emboke hang melebu nang bis. Sing suwi, bis wis melaku metu teka terminal. Jamal durung mingser teka panggonane ngadeg sampik bis iku wis bener-bener ilang teka penyawangane. Jamal nguripi sepidhah aju gancang melaku nang panggonane Mardiyah megawe.

Jam 4 Jamal wis gadug ngarepe toko kelambi papan pegaweyane Mardiyah. Jamal mangu-mangu lungguh nang sepidhahe nganteni Mardiyah metu. Matane sing leren-leren nulihi lawangane toko. Angger wong hang metu disawang nawi tah Mardiyah hang metu. Sing suwi, ana lare wadon nganggo kelambi abang njumbul teka toko kelambi. Jamal mesem, weruh sirsirane wis metu. Mardiyah langsung mara nang Jamal hang wis nganteni nang ngarep toko.

“Wis suwi ngenteni?” Mardiyah nyulungi takon.

“Sing, buru bain.”

“Teka umah bain tah iki mau?”

“Using Dhik, Isun mari ngeteraken embok nang terminal.” Jamal nyauti.

“Ana paran nang terminal kang?” Mardiyah takon penasaran.

“Embok arep ngirim adhik nang pondhokan.”

“Rika iki kang sing ngomong, mungane isun yara titip sangu kanggo adhik,” Mardiyah rada muring.

“Isun sing ngerti, buru diwarah isuk iki mau. Isun weruhe dhikongkon ngundhuh kenitu,” Jamal mbela awake.

“Ketang emak iku digu, wayahe yara ngomongo.”

“Wis lah, dhung ngirim maning bain Sun warah. Kelendi langsung mulih tah iki Dhik.” Jamal nawani.

“Using kang, Isun pingin melaku-melaku sulung.” Mardiyah munggah nang sepidhah.

“Rika kepingin nang endi Dhik?”

“Ayo nang ara-ara bain, soren digi biyasahe rame kan?” Mardiyah nguweni alasan.

“Iya, tapi engko Rika sing diuwel mulih kari bengi?” Jamal kuatir.

“Using kang, Isun mau wis ngomong nang emak dhung mulih megawe Isun nak memengan sulung ambi Rika.” Mardiyah nenangaken atine Jamal.

“Ya wis kadhung gedigu, Isun wedi nang wong tuwekrika polae. Isun kudu bisa njaga amanah Dhik.”

“Ayo wis melaku Kang.” Mardiyah nabok pundhake Jamal ngejaki melaku.

Jamal melaku nang ara-ara kutha ambi nggonceng Mardiyah. Sakdawane dalan, Mardiyah semendhe nang pundhake Jamal kaya-kaya emong pisah selawase. Tangane meluk Jamal singset sampek sing keneng dieculaken maning. Mega tipis nutupi langit kutha, tapping sorote serngenge magih bisa nembus lan samar-samar madhangi kutha.

Gadug ring papan tujuwane, Jamal nggawa sepidhahe nang pinggir dalan ara-ara kutha lan markir sepidhahe nang panggonan parkir. Mardiyah mudhun teka sepidhah ngenteni Jamal hang magih mapakaken sepidhah. Wong loro aju melaku gandhengan tangan ngelantari ara-ara kutha golet panggonan hang pas kanggo lungguh keloronan. Jamal ngajak Mardiyah nang pojokan ara-ara lan lungguh bareng ring jodhog kayu hang wis mula ana ring sak ubenge ara-ara.

“Dhik, apuwa Rika mara-mara ngejak Isun mengan rene? Heran bain sing biyasahe.”

“Saking kepingin bain Kang, pingin kaya lare-lare iku. Delengen tah!” Mardiyah nduding nang lare hang sir-siran geredhowan nang ngarepe.

“Isun ya kepingin ngejak Rika Dhik, taping isun wedi nawi wong tuwekrika sing ngidini.” Jamal nguweni alasan nang Mardiyah.

“Masa paran-paran kang, hang penting ngerti nang wates lan pelanggaran,” Mardiyah nimpali.

“Ya iya sih kudune gedigu,” Jamal manggut-manggut.

Wong loro magih lungguh dhempet nang bucune ara-ara nyawang wong hang seliweran merana merene. Mara-mara sing ana omongan hang kaucap, Jamal lan Mardiyah meneng-menengan. Pikirane wong loro embuh ngelambar nang endi. Angen-angene nawi bain wis milu miber ambi mega hang kegawa angin.

“Kang...!” suwarane Mardiyah ngagetaken Jamal hang magih ngelamun.

“Iya Dhik, ana paran?” Jamal nyekel tangane Mardiyah.

“Rika welas temenan tah nang isun?” Mardiyah takon nang Jamal ambi nyendhekaken awake nang pundhake Jamal.

“Apuwa Rika mara-mara takon gedigu nang Isun Dhik?” rada heran, gok Mardiyah takon hang sing biyasane.

“Welas temenan tah using Rika nang Isun?” Mardiyah mbaleni pitakone.

“Aja kuwatir, Isun welas temenan nang Rika.” saure Jamal manteb.

“Sampek kapan?”

“Sampek mati misahna Isun lan Rika,Dhik.” Jamal saya ngeyakinaken atine Mardiyah.

“Isun wedi kelangan Rika kang, Isun wedi Rika tinggal,” suwarane Mardiyah ngenes.

“Aja ngomong gedigu Dhik, Rika percaya tah nang Isun.”

Mardiyah mesem, atine adhem rungu omongane Jamal nang iyane. Mardiyah saya rapet semendhe nang Jamal sing perdhuli akeh uwong hang seliweran nang ngarepe. Donya rasane kaya duwene keloron. Jamal mung bisa meneng ambi mandeng rupane Mardiyah hang nang sandhinge awake. Rasa welase saya jeru, rasa wedi kelangan mangkat mbeled ati lan pikirane. “Gusti, Kula suwun tetepna dados setunggal kula lan Mardiyah selawase.” Jamal ndunga nang jeru atine.

“Dhik, wis soren ayo mulih,” Jamal nggugah Mardiyah hang magih kesilep nang angen-angene.

“Paran kang?” Mardiyah mberejag kaget.

“Sing mulih? Wis soren yah engko dinteni emakrika.”

“Sulung tah, isun magih kepingin ambi Rika.”

“Hemmm, ya wis tuwukena, kaya nak sing kecaruk maning ika rika iki,” Jamal nyethut bacote Mardiyah.

“Apuwa sing ulihah? Eh kelendi Rika durung ulih pegaweyan maning tah?”

Jamal sing semaur, atine kepikiran Mardiyah takon pegaweyan. Rupane kaya wong getun lan bingung uled dadi siji repot kelendi arep jawab pitakone Mardiyah.

“Durung Dhik.” ambi suwara abot Jamal nyauri.

“Wis aja kari dipikir seru-seru, yara aju ana dalan kang.”

“Dongakena ya, makene Isun gancang ulih pegaweyan maning.”

“Iya iya kang saben dina Isun dongakaken kok. Eh delengen tah kang wong loro iku.” Mardiyah nduduhi Jamal wong lanang wadon hang wis umur melaku gandengan.

“Iya Dhik, masiya wis padha tuweke wong iku magih setiya yoh dhik. Iku hang aran welas sejati sampek tuwek.”

“Isun ya kepingin Kang, Isun ambi Rika tetep keloronan sampek tuwek kaya wong iku,” Mardiyah ngomongaken kekarepane.

“Muga-muga Gusti Allah ngijabahi Dhik, Amin.”

“Ayo wis kang mulih, sawangane kari mendhung kaya nak udan.” Mardiyah ngadeg ambi narik tangane Jamal.

“Ayo, Dhik,” Jamal ngadeg lan nggandheng tangane Mardiyah.

“Agage kang,” Mardiyah ngabragi Jamal.

Gerigis mangkat cicir, Jamal ambi Mardiah agage melaku nang parkiran sepidhah. Saya suwi gerigis tambah gedhi dadi udan, wong-wong hang nang ara-ara pada semembur mulih. Semono uga Jamal ambi Mardiyah, sing mikir udan, masiya ambi geblesan tetep melaku mulih. Udan deres ngiringi lakune wong loro. Masiya tah udan nggerojog, Mardiyah saya rapet meluk Jamal.

Udane saya deres kaya derese rasa welas hang gemberojog ring atine Jamal ambi Mardiyah. Adheme hawa sing direken, angete asmara wis ngalahaken adheme banyu udan. Sing kerasa wong loro wis gadug ngarepe umahe Mardiyah. Mardiyah mudun teka sepidhah.

“Kang mampira sulung, engko bain muliha dhung wis terang,”
Mardiyah ngejak Jamal mampir nang umahe.

“Using wis Dhik, isun nak langsung mulih bain, ngenteni terang
nawi kesuwen.” Jamal nulak ajakane Mardiyah.

“Iya wis ati-ati ya, salam nang emak Kang.”

“Iya engko isun sampekaken, Salamualaikum.”

“Walaikum salam.”

Jamal nunggangi sepidhahe mulih nang umahe. Udan magih
sing terang-terang. Dalanan katon sepi sing ana montor keliweran,
taping atine Jamal sing tau kerasa sepi kerana welase Mardiyah
ngeramekaken atine Jamal saben dina. Hawa mula kerasa adhem,
taping batine Jamal sing tau gemigil kerana rasa kangene nang
Mardiyah sing tau ciples ngurubi batine Jamal.

Dina-dina wis dilakoni Jamal ambi Mardiyah. Jamal wis ulih
pegaweyan maning nang Koperasi Swasta. Pegaweyane Jamal sing
adoh teka pegaweyane Mardiyah, dadi saben dina bisa melaku lan
mulih megawe bareng. Kaya biyasane isuk Jamal ngetaraken lan
soren marani Mardiyah.

Soren iku Jamal mulih megawe langsung mapag Mardiyah
nang pegaweyane. Sedhilut nganteni, Mardiyah metu teka toko terus
mara nang Jamal. Sing kathik dikongkon maning Mardiyah langsung
mungga nang sepidhahe Jamal.

“Langsung mulih iki, Dhik? Jamal takon nang Mardiyah.

“Iya, taping Rika engko aja endak mulih yah. Engko bengi bain
muliha.”

“Ana paran, Dhik?” Jamal neges kepingin weruh.

“Bapak ana pentinge kepingin gesah ambi Rika.”

“Oh gedigu tah, penting gesah paran endane yooh?” Jamal
saya penasaran.

“Engko Rika yara weruh dhewek paran hang digesahaken
Bapak, Kang.”

Jamal ambi Mardiyah melaku mulih goncengan. Sing sepira
suwi wis gadug nang umahe Mardiyah. Jamal langsung ngelebokaken
sepidhahe nang jeru terese umah. Wis kaya nang umahe dhewek

Jamal nututi Mardiyah melebu umah. Jamal ngothak sepatune aju lungguh nang kursi.

Mardiyah nang pawon nyepakaken piring lan kemarang sega arep ngejak Jamal madhang. Sing sepira suwi Mardiyah metu nang bale marani Jamal.

“Kang, ayo wis madhang sulung, wis isun cepakaken.” Mardiyah ngajak jamal melebu nang pawon.

“Iya, Dhik,” Jamal ngetutaken Mardiyah melebu nang pawon.

“Iki kang, piringe.” Mardiyah ngelungkaken piring nang Jamal.

“Imbuhena Dhik, aja kari akeh.” Jamal njaluk tulung Mardiyah ngimbuhaken.

“Sepurane ya Kang, madhang sak anane.”

“Uwistah Dhik digi bain ya wis cukup, kurang kelendi maning.”

Masiyatah wis mung sak anane, wong loro madhang katon kari enak. Madhang keloron katon kaya wis laki rabi. Maklum bain Jamal ambi Mardiyah wis suwi ulihe dhemenan. Teka ring masjid wis kerungu suwarane kira'ah pertandha meh teka wayah magrib. Jamal ambi Mardiyah wis mari madang. Mardiyah melebu nang kamare aju metu nggawa andhuk lan sarung aju mara nang Jamal hang magih lungguh nang kursi.

“Kang, Rika adusa sulung iki andhuke, aju sembayanga magrib. Isun magih pereji Kang.” Mardiyah ngelungkaken andhuk ambi sarung nang Jamal.

“Iya, Dhik.” Jamal nyandhak andhuk lan sarung hang dielungkaken Mardiyah aju melebu nang jedhing.

Mardiyah ngeringkesi piring hang mari dinggo madang lan ngelebokaken kemarang sega nang lemari. Suwarane adan maghrib wis kerungu nang masjid. Jamal metu teka jedhing aju melaku nang masjid. Mardiyah nang pawon nyorot kopi kanggo Jamal lan bapake aju digawa nang bale. Pak Basri, bapake Mardiyah sembayang nang masjid. Mardiyah lungguh nang bale ngenteni Jamal ambi bapake mudhun sembayang. Sing suwi Jamal wis mari sembayang aju nang bale nututi Mardiyah.

Jamal lungguh nang sandhinge Mardiyah, tapi sing wani rapet sungkan nang bapake Mardiyah. Pak Basri mbukak lawang wis mulih teka masjid. Pak Basri langsung melebu ndeleh sajadahe aju balik nang bale nemoni Jamal lan Mardiyah hang wis ngenteni.

“Kelendi Lik, seger waras tah?” pak Basri ngawiti gesah.

“Alhamdulillah Pak sedaya lujeng.”

“Sira wis diwarah Mardiyah tah dhung Isun ana penting nang Sira.”

“Nggih Pak empun, enten napa Pak gok kari penting ngoten?” Jamal takon.

“Sira wis temenanan tah ambi Mardiyah anakisun?”

“Nggih Pak, insaalloh Kula pun manteb teng Adhik.” Jamal semaur tegas.

“Sira kelendi Beng, wis manteb pisan tah ambi Jamal?” pak Basri nakoni anake.

“Kula ya pun welas kalih kang Jamal, Pak.” Mardiyah njawab ambi temungkul rada isin.

“Kadhung gedigu nganteni paran maning, wong loro wis pada mantebe,” Pak Basri nerusaken gesahe.

“Maksudndhika napa, Pak?” Mardiyah magih sing ngerti nang karepe omongane bapake.

“Lik Jamal, Sira wis ngarti kan paran karepisun?” pak Basri balik takon nang Jamal.

“Nggih Kula ngerti Pak. Sakbenere Kula lan keluarga empun siap taping dereng sempat ngomong teng keluargandhika Pak.” Jamal nyambung omongane pak Basri.

“Yee... dadi wis mula ana rencana tah, Lik?”

“Rencana paran sih Kang, Isun kok sing paham magih?” Mardiyah nyelat omongane pak Basri ambi Jamal.

“Isun arep njaluk Rika Dhik, sakbenere isun arep gawe kejutan kanggo Rika tapi wis kesulungan ditakokaken nang bapakrika.”

Mardiyah katon salah tingkah, antarane seneng lan sing percaya. Mardiyah temungkul kemisinin nang ngarepe bapake tapi ya mesem-mesem. Kekarepane atine umah-umah ambi Jamal wis meh kelaksanan. Wis katon nang ngarep matane, rasa seneng dijuluk lan disandhing nang kuwade. Iki hang dianten-anteni sakat bengen.

Pak Basri nyawang Mardiyah hang katon seneng atine. Jamal ngombe kopi hang wis dicorotaken Mardiyah. Balene Mardiyah dadi sepi sing ana suwarane wong gesah. Kabeh pada ubret nang pikirane dhewek-dhewek. Mardiyah magih bain metenggengen sing percaya nang paran hang diomongaken Jamal.

“Kelendi Beng, Sira wis sanggup tah dijuluk Jamal?” pak Basri ngagetaken Mardiyah hang magih sing ana suwarane nang kursi.

“Ennnng... ngih Pak.” Mardiyah semaur ambi isin-isin.

“Lik, Jamal, anakisun wis sanggup. Kapan Sira arep nekakaken wong tuwekira merene njuluk Mardiyah?”

“Insaalloh ulan Sapar ngajeng, Pak, dibarengaken kalih kelairan Dhik Mardiyah.” Jamal wis sing bisa nyengedaken rencana kanggo nguweni kejutan nang Mardiyah.

“Iya wis kadhung digu Isun dadi wong tuwek wis lega. Maning sing apik ditulis uwong runtang-runtung saben dina tapi sing diresmekaken. Saiki kabeh sun pasrahaken nang sira keloron.” Pak Basri mungkasi gesah.

Pak Basri balik melebu nang jerumahe. Jamal ambi Mardiyah magih sing ubah teka lungguhe. Jamal saya marek nang Mardiyah. Disawangi sirsirane hang saya tambah ayu rupane kaya buru mungga sari kegawa seneng ring atine.

“Kelendi Dhik Rika seneng tah?” Jamal nyekel derijine Mardiyah.

“Seneng Kang, taping Isun magih kaya sing percaya.”

“Sing percaya kelendi Dhik, Rika kan wis rungu dhewek isun ngomong nang bapakrika.”

“Iya, kesuwun yah Rika wis netepi janjinrika nang isun. Rika njaga welas lan ati hang isun pasrahaken nang Rika.” Mardiyah mbesesegen nangis.

“Apuwa Rika gok nangis Dhik? Getuntah Rika?” Jamal njunjung janggute Mardiyah hang temungkul.

“Using Kang, Isun nangis dudu kerana getun. Isun nangis kerana seneng, seneng hang keliwat sing ana bandhingane kang.” Tangane Mardiyah ngusapi iluh hang ngembung ring matane.

“Iya wis Dhik, Isun nak mulih sulung yah, Isun welas nang Rika.”

“Iya Kang ati-ati, salam nang emak. Isun ya welas nang Rika.”

Jamal ngadeg njangkah nang lawang bale. Mardiyah ngetutaken nang mburine kaya-kaya emong ditinggal Jamal. Disawangi Jamal hang wis numpak sepidhahe teka lawangan, matane sing kethip ulihe mandeng. Rasane magih durung tuwuk ngancani. Jamal wis ilang teka pandangan, Mardiyah melebu umah ambi nyangga rasa seneng hang ngebeki atine. Kerasa uripe wis gadug nang hang dienteni semene lawase. Umah-umah ambi pujane atine.

Ulan Sapar wis melebu tanggal siji. Jamal ambi Mardiyah wis sing serantan ulihe nganteni dina hang wis ditamtukaken. Saben dina wong loro ngitungi dina lan nyawangi tanggalan, dina hang dienteni tanggal 17 ulan September hang mbarengi ulan Sapar. Dina iku dina hang paling nggawa seneng kanggo Jamal lan Mardiyah. Dina Jamal njaluk Mardiyah hang mbarengi ambi dina lahire Mardiyah.

Dina iki Jamal ngajak emboke nang pasar toko kain peningset lan weragate lamaran nggo njaluk Mardiyah. Kelambi sak pengadeg cukup ambi sandhale pisan. Sing kelalen kelambi jerowane wong wadon lan weragate denden sak cukupe. Jamal ngejak emboke nang toko emas sulung toko ali-ali peningset aju buru golek kain peningset lan kelambi sak pengadeg kanggo Mardiyah.

Ana hang ngganjel nang pikirane emboke Jamal, dina iku Jamal milih kain lan kelambi kelir cemeng kabeh. Biyasahe kain lan kelambi peningset iku kelire putih lan kelir sakliyan cemeng.

“Dhik, sing keliru tah Sira milih kain kelir cemeng kabeh kanggo peningset njaluk Mardiyah iku?” emboke takon ambi heran temenan.

“Using Mbok, iki kelir senengane isun ambi Mardiyah.” Jamal nguweni jawaban nang emboke.

“Dhik, perasanisun kelir cemeng iku pertanda kesusahan ya, Dhik.”

“Halah masa paran-paran Mbok, iki wis cocog,” Jamal ngengkel nang emboke.

“Ya wis dhung karepira gedigu,” emboke ngalah ambi rada abot.

Belanjane wis cukup kabeh, Jamal ambi emboke mulih. Gadug umah emboke Jamal cerita nang emake dung ana hang aneh nang barang hang dituku Jamal kanggo lamaran. Kain peningset lan kelambi sak pengadeg kabeh kelire cemeng.

“Mak, Isun heran nang Adhik iku, toko peningset kelire cemeng kabeh.” emboke jamal cerita nang bik Rihati.

“Sing Sira cegah ta mau beng?”

“Uwis Mak tapi Adhik sing gelem, ngengkel jaluk kelir iku Mak.”

“Isun kuwatir Beng, pertandha paran endane yuh?” bik Rihati kerasa wedi.

“Yaiku ya Mak, Isun ya wedi pisan. Muga-muga sing ana alangan paran ya mak.”

“Ayo ndonga bain njaluk nang Pengeran, makene kabeh selamat Beng.”

“Iya Mak, aja sampik ana alangan hang sing dhikarepaken, Amin.”

Dina terus melaku kaya biyasahe, keluwargane Jamal ambi Mardiyah padha nyiapaken acara lamarane Jamal ambi Mardiyah. Kabeh katon seneng, sedhela maning Jamal ambi Mardiyah arep bakalane. Tagga-tanggane Jamal padha nggesahaken bakalane Jamal hang wis meh mangkat kurang 3 dina maning.

Tanggal 15 September, langit ketutup mendhung. Sakat isuk sing katon rupane serngenge tapi ya sing udan. Dina iku katon sunut lan suwung. Jamal ambi Mardiyah wis jaluk peregi megawe sawetara sampik acara bakalane mari. Jamal sing kathik metu nang umahe Mardiyah, mung ipek-ipek mengan nang kampunge dhewek ambi kancane.

Jam 5 sore, enak-enak gesah ambi kancane mara-mara Jamal ulih SMS teka Kepala Koperasi dhung dina iku Jamal kon nang kantor ana keperluan hang ndadak. Jamal langsung pamit nang kancane melaku nang kantore, sing katik pamit nang wong tuweke. Sampek mari magrib Jamal sing ana mulih. Wong tuweke Jamal ngira dhung Jamal mengan nang umahe Mardiyah. Sampek emeh isak Jamal sing ana teka. Keluwargane Jamal mulai kuwatir anake sing ana mulih.

Rada suwi ana suwarane wong nothok lawange umahe Jamal. Bik Rihati langsung agage mbukak lawang nawi tah anake mulih. Pas mbukak lawang, Bik Rihati kaget hang teka nang umahe iku Pulisi wong loro.

“Niki bener geriyane Jamal, Bu?” salah siji pulisi iku takon nang bik Rihati.

“Nggih bener, enten napa, yuh?” bik Rihati bingung.

“Kula melebet kerin nggih Bu,” jaluke salah siji pulisi.

“Nggih, mangga Pak sampeyan melebet.”

Pulisi loro melebu nang umahe Jamal aju lungguh nang bale dikancani bik Rihati hang magih bingung ana paran sakbenere.

“Ngeten Bu, sampeyan emake Jamal? pulisi iku takon maning.

“Nggih Pak, Kula emake Jamal.”

“Sampeyan hang sabar lan iklas nggih Bu, Jamal pun mboten enten umur sakniki teng rumah sakit, kecelakaan, Bu.”

“Napa Pak, Jamal mboten enten umur? Jamaaaaal Sira apuwa, Lik?”

Saknalika Bik Rihati berak-berak lan nagis sak antere-antere suwarane sampek metu menjaba. Tangga-tangga pada mara takon ana paran. Pulisi hang magih nang umahe Jamal ngabari dhung Jamal wis sing ana umur kecelakaan. Tangga-tangga pada kaget lan ngancani bik Rihati hang wis semaput sing kuat rungu kabar anake wis ninggal.

Serta wis iling, pak pulisi ngajak Bik Rihati nang rumah sakit ambi dikancani dulur lan tanggane. Bik Rihati magih nangis sing bisa meneng. Melaku nang rumah sakit Bik Rihati dikancani Aminah emboke Jamal. Nang tengah dalan, bik Rihati iling nang Mardiyah calon mantune.

“Beng, Mardiyah kabarana ejaken pisan nang rumah sakit.”

“Iya Mak iki ambi nyusul Mardiyah.”

“Adhikira kari tega Beng ninggal Isun.”

“Rika hang sabar Mak, Isun ya sing kuwat ditinggal adhik mak, durung seneng wis melaku sulung.”

Gadug ngarepe umahe Mardiyah montore mandeg. Aminah mudhun nyusul Mardiyah hang nang umahe.

“Dhik Mar, ayo Dhik nang rumah sakit.”

“Ana paran mbok, sapa hang lara?” Mardiyah metu ambi gupuh.

“Jamal Dhik, Jamal sing ana umur.” Aminah ngabari Mardiyah ambi nangis.

“Ya Allah Mbok.” Mardiyah njerit pisan langsung melayu nang jeru montor.

Aminah ngetutakaen Mardiyah melebu nang montor. Montor melaku maning nuju rumah sakit. Tangis lan jerite ati sing keneng dibendhung turut dalan. Iluh mili kaya temetese banyu udan hang cicir bengi iku. Donya kaya milu nangis, ngerasakaken kelangan.

Gadug rumah sakit cuma wong telu iku hang diulahi melebu nang kamar jenazah. Mardiyah ndeludug bain sing serantan kepingin weruh Jamal. Gadug panggonane, Mardiyah langsung bain meluk jasade jamal ambi nangis sak kuwat-kuwate.

“Kang, iki isun Kang, Rika tangiya kang. Kisuk Rika arep bakalan ambi Isun kang.”

“Rika wis janji sing bakal ninggalaken Isun, tapi Rika wis mentala nyulayani janjinrika.”

“Isun emong pisah ambi Rika, Isun pingin urip ambi Rika selawase.”

Bik Rihati ambi Aminah milu meluk Jamal, tangise wong telu ngebeki kamar jenasah rumah sakit. Dokter ambi perawate sing bisa ngomong paran-paran. Kabeh pada milu nangis nyakseni ilange welas hang ditandur ring ati sirna selawase.

Donya katon pedhut, sunare ulan hang padang wis dadi peteng ditutup mendhung. Kain cemeng wis dadi pertanda. Welas asih lan janji suci hang madhangi ati wis dadi Gerhana. Gerhana hang ngemuli ati, ninggalaken tatu lan perih hang sing ana wates lan pungkase. Ihlasena welas suci, lilakena agunge janji katut lebur nang banyu mata. Aja sampik digetuni, kerana kabeh pasti balik marang Gusti.

PETHETAN PINGGIR SEGARA

Silire angin ngguthit pucuk lan empange waru ring pinggir pesisir. Tangane hang celithut nyiciraken siji-siji godhong lan kembang waru leleran ring duwur pasir. Wayah wis emeh surup. Ombak segara magih durung leren ulihe memengan nggeridho pungung hang sing duwe kesel pelayonan sak dawane pesisir. Suket-suket ya sing gelem anteng ulihe jugedan ngetutaken suwarane ombak segara.

Sufiyah lungguh madhep ngetan nyawangi ombak segara hang umet sing ana mandhege. Matane metenggengen, pikire ngelayung miber ring awang-awang. Ana rasa hang kesidhem ring jeru atine. Rasa hang sakat bengen kepingin dikuntahaken, tapping sing bisa arep menga. Kabeh mung liwang-liwung ring jeru dhadhane.

Dipandengi pulo Bali hang adoh ring ngarepe, kaya-kaya ana hang nganteni ring kadohan kana. Kepingine atine agage bisa uncat nyebrang segara.

“Wis sing kerasa umur isun wis nembelas tahun, seperana-seperene Isun urip mung keloronan ambi emak. Sampik saiki isun sing tau weruh nang rupane bapak,” Sufiyah nggerundeng dewek ring jeru atine. Matane mangkat mberebes mili ngembung iluh.

Angin segara tambah seru ngelik-elik atine kaya dene pitakonan hang sing leren nggeridho ati lan pikirane saben dina. Rasa ring atine tambah perih weruh lare memengan ring pesisir dituntun emak lan bapake. Ring jeru atine mung mandheg kepingin.

“Duh... mandaneya bapak ana ring kene,” kerenteg atine Sufiyah. “Pantese bain angger soren Isun diejak nyurung jukung nang segara. Angger isuk, Isun mapag bapak hang mulih ngelaut nggawa iwak.” Rasa iku tambah ngusak-asik atine.

Sing kerasa serngenge edheng-edheng mangkat surup, samarwulu wis mberanangaken mega ring langit kulon. Ayang-ayangane wit waru kesilep noring birune banyu segara. Silire angin wis mangkat balik mulih nang segara hang katon kemeredep kesentor abang sorote serngenge hang mudhun ring sela-selane gunung.

Sufiyah magih metenggengen sing kathik mingser teka panggonane, lungguh ring katire jukung hang dicancang ring pinggir segara.

“Beng... wis soren, Sira muliya!” bik Suwanah nabok pundhake Sufiyah.

“Eh... nggih Mak,” Sufiyah mberejag kaget.

“Tulungana Emak ring warung, wong hang arep ngelaut padha teka.”

“Nggih, Mak.” Sufiyah melaku tut buri nang emake hang melaku telikas.

Suwarane ombak segara lambat-lambat wis ilang kegawa lakune surupe serngenge lan semembure godhong waru hang keterak angin. Taping atine Sufiyah magih durung lega, pikirane magih nggerunsang kaya ombake segara hang nggerus pasir. Serngenge wis tambah kingslep, taping pitakonan ring jero atine Sufiyah tambah keliwat-liwat kudu-kudu gancang nemu jawaban. Pitakonan hang wis pirang-pirang taun kesidhem ring jeru atine Sufiyah. Nembelas taun, Sufiyah sing ngerti nang bapake.

Warunge bik Suwanah wis kebek wong hang padha marung arep menyang ngelaut golet iwak ring selat Bali. Wong-wong padha gesah ambi mangan lan ngombe kopi, ana hang nggesahaken jukung, jala lan panggonan ngelaut hang arep dituju. Ya ana hang nggesahaken Sufiyah anake bik Suwanah. Maklum bain Sufiyah saiki wis keneng disawang, larene wis katon gedhi lan ayu. Sing sithik hang nari Sufiyah arep dijodohaken ambi anak lancinge.

Bik Suwanah imuk ngeladeni wong hang marung, Sufiyah nyepakaken paran hang sing bisa dicandhak ring emake. Nyorotaken wedang kopi ambi teh hang dijaluk wong hang marung. Rupa ayu lan murah unyike Sufiyah ndadekaken wong-wong padha demen lan pernah mangan ring warunge. Sufiyah pancen kaya kembang pethetan hang buru mekar arum gandane. Esem sing tau pedhot kadhung ngomong nyang uwong, suwarane ya kalem pantes ambi rupane hang ayu manis.

“Bik..., Sufiyah Isun empet mantu yah,” suwarane Jaelani sukur mecothot.

“Kari enteng Rika dhung ngomong. Sing keliru tah?” saure bik Suwanah.

“Keliru kelendi mbok, luput tah Isun ngomong iki?” Jaelani nyaut maning.

“Sufiyah iku anake wong sing duwe, nawi mbisuk getun mburine.”

“Kelendi Beng, Sira gelem Sun ulihaken anakisun?” Jaelani nuli nanging Sufiyah.

Sufiyah mung mesem sing semaur lan temungkul isin. Agage Sufiyah nyengedaken rupa ayune ring mburine pundhake emake. Bik Suwanah gemuyu weruh tingkahe anake hang isin iku. Maklum bain lare buru munggah sari. Buru arep ngelawungi lan durung ngerti dhemenan.

“Kok Beng, Sira ditari man Jaelani, gelem tah Sira?” bik Suwanah nggudha.

“Kirangen Mak, Kula mboten semerap,” saure Sufiyah isin-isin.

“Larene isin, Kang,” omonge bik Suwanah ambi ngelungkaken susuk nanging Jaelani.

“Makene wis Mbok, nawi tah emben-emben aju gelem.” Jaelani ngadeg.

Siji-siji wong hang marung ring bik Suwanah padha melaku nanging segara arep ngelaut. Warung wis sepi kari Sufiyah ambi bik Suwanah hang magih ngeringkesi aren lan lumur hang mari dienggo wong marung. Mari ringkes-ringkes aju Sufiyah lan bik Suwanah asah-asah ring mburi. Samarwulu wis merangkang mudhun teka dhuwur langit. Kelipe lintang siji-siji njumbul ngebeki awang-awang. Peteng wis ngemuli desa pinggir pesisir. Sintru, kaya sintrune atine Sufiyah hang ngangen-angen bisa kecaruk nanging bapake.

Sufiyah semendhe ring ngarepe lawang, madhep ngetan nanging segara nyawang kelip-kelipe damar seterungking hang gemantung ring jukung. Pikirane magih digeridho ambi pitakonan hang sampik saiki durung kejawab. Bik Suwanah tingel ndeleng anake hang mangu-mangu ring ngarep umah. Iyane kerasa kadhung anake ana hang dipikiraken. Disawangi anake hang sing kerasa wis sakmene gedhine. Anake hang wis munggah perawan lan ayu dadi pethetan. Kembang pethetan hang merujuk ring atine.

“Beng... melebuwa, aja mangu-mangu nanging jaba,” kongkone bik Suwanah.

“Sulungtah Mak, Isun kepingin ring jaba ndeleng segara,” Sufiyah mbantah.

“Ring jaba adhem beng, maning angine kari anter,” ujure bik Suwanah.

Sufiyah meneng sing nyauri omonge emake. Matane terus mandeng segara. Wangune rasa hang kesidhem iku sing leren-leren nggudha pikirane. Bik Suwanah magih ngadeg ring sandhinge Sufiyah nunggoni anak wadone iku. Suwi-suwi bik Suwanah sing betah ndeleng tingkahe anake hang metenggengen thok iku.

“Ana paran sih, Beng, Sun sawang Sira metenggengen thok?” takone bik Suwanah.

“Embuh Mak, sakat bengen atinisin bingung,” Sufiyah nyauti.

“Bingung apuwa, Beng?” bik Suwanah takon maning.

“Arep takon Isun wedi, Mak. Sun sidhem thok ring ati.”

Sufiyah melayu melebu nang umahe ninggalaken emake hang magih ngadeg ring jabane umah. Bik Suwanah nguber nututi anake melebu nang umah. Sufiyah kemureb ring peturone ambi nangis mesesegen. Bik Suwanah saya bingung weruh Sufiyah kemureb ambi nangis. Sing tau-tauwa Sufiyah kaya gedigi. Gancang-gancang bik Suwanah lungguh ring pinngir peturone Sufiyah ambi ngelus-elus rambute anake. Sufiyah magih nangis mesesegen ring peturone.

“Wis menenga, Beng, dhung Sira nangis emak milu bingung,” ambi ngelus Sufiyah.

“Mak, Isun sakat bengen kepingin takon,” suwarane Sufiyah ngerintih.

“Nak takon paran, Sira Beng?” semaure emake kepingin weruh.

“Bapakisun sapa, Mak? Bapak magih urip tah wis mati Mak?”

Atine bik Suwanah kelunjuk kaya disamber geludhug. Bik Suwanah meneng kelakep sing bisa menga. Pitakone Sufiyah bener-bener nyundep ring dhadhane bik Suwanah. Pitakonan hang sing disangka-sangka ditakokaken Sufiyah. Umahe bik Suwanah sak kal dadi sunut. Bik Suwanah mung mandeng anake ring peturon hang katon melas. Anak wadone hang dirumat dhewekan sakat umur setaun. Dipeluk rapet awake Sufiyah hang magih mesesegen.

Wong loro magih padha-padha sing bisa ngomong ring jero kamar. Sufiyah sing bisa ubah dipeluk emake. Bik Suwanah magih ngelayung ambi meluk anake. Rasa ring jero atine sing kakaruwan kaya digupek gedhine ombak segara.

“Bapakira magih urip, Beng,” bik Suwanah mbukak omongan.

“Temenan tah, Mak.” Sufiyah tangi teka peturone.

“Iya Beng, bapakira magih urip,” bik Suwanah mbaleni.

“Bapak saiki nang endi, Mak?” suwarane Sufiyah rada bungah.

“Bapakira menyang, Beng, ambi kakangira sakat Sira magih umur rong taun.”

Bik Suwanah mangkat cerita nang Sufiyah bab bapak lan kakange. Bik Suwanah ambi Man Saperan bengen laki rabi lan duwe anak loro, Fadlan ambi Sufiyah. Wong keloron uripe seneng sing kurang paran-paran. Hang gawe tambah seneng, bik Suwanah ambi man Saperan duweni anak loro lanang wadon Fadlan ambi Sufiyah.

Ulih pitung taun bik Suwanah ambi man Saperan ngelakoni umah-umah, mara-mara ana musibah hang ndadekaken wong loro pisahan. Pisahan dudu merga pegatan naming pisahan kerana man Saperan menyang mbara golet pegaweyan. Usahane man Saperan bangkrut, merga picis tebasan pari digawa melayu kancane dadine man Saperan duwe utang akeh nang juragan selepan pari. Man Saperan mung pamit mbara tapi sing ngomong arep mbara nang endi ambi nggawa Fadlan kakange Sufiyah hang umur enem taun. Waktu ditinggal mbara bapake, Sufiyah magih umur setaun.

Sufiyah wis ilang tangise, iluh hang ngepusi pipine wis asat. Semono uga bik Suwanah, atine wis mangkat ayem mari cerita nang Sufiyah. Ati lan pikirane Sufiyah uga mangkat ayem merga pitakonan hang kesidhem pirang-pirangane taun wis nemu jawaban. Taping Sufiyah magih kepingin weruh kelendi rupane bapak lan kakange.

“Isun wis lega Mak, bapakisun magih urip,” Sufiyah tangi teka peturone.

“Iya Beng, mayo ndonga bain makene bapakira mulih,” saute bik Suwanah.

“Enggih Mak, Isun kepingin kecaruk bapak ambi kakang.”

Kamare Sufiyah rasane wis sing sunut maning. Sufiyah njaluk ngombe nang emake. Gorokane rasane asat mari nangis mesesegen. Bik Suwanah gancang nyorotaken wedang putih aju diwakaken Sufiyah. Lega rasane atine Sufiyah, ayem pikirane bik Suwanah. Bengi iku anak lan emak turu bareng, ngerambah ngipi hang sakat lawas gumantung ring angene. Impenan kumpul maning ambi anak lakinene hang wis menyang.

Kaya biyasahe, isuk iku Sufiyah memengan ring pinggir pesisir. Lungguh ring ngisore uwit waru hang temiyung ngerobi lemah pinggir segara. Langit katon biru kelire kaya birune banyu segara hang gemelar ring ngisore. Ombake sing kariya gedhi, melaku alon kaya lakune silire angin. Rambute hang dhikereweg mobat-mabit keterak angin. Sufiyah madhep ngetan nyawangi segara ambi gendhingan edheng-edheng.

Atine wis kerasa bungah, merga rahasia hang sakmene lawase wis ana jawabe masiya tah durung kabeh gadug ring angene. Kepingine Sufiyah magih ana hang kelalen noring bucu impenane. Angenan kepingin agage kecaruk lan bisa nyawang bapak lan kakange hang sing tau weruh kelendi rupane. Ring jero atine kaya-kaya ana hang mbisiki dhung bapak lan kakange saiki ana ring pulo Bali hang katon ring ngarepe iku.

Matane sing leren-leren mandeng segara lan pulo Bali hang katon ring ngarep matane. Dina iku dina Minggu, ring pesisir akeh lare lanang wadon padha memengan ring pesisir. Ana hang pelayonan lan gandhengan tangan ambi geredhoan. Sufiyah mesem weruh lare wadon hang sak umuran ambi iyane melaku gandhengan tangan ambi sirsirane. Ring jeru atine ngucap mandaneya iyane duwe sirsiran pujane ati kaya lare keloronan iku. Dhuh senenge rasa atine. Sufiyah ngelamun dhewekan lungguh ring ngisore uwit waru hang pacek dadi panggonan jujukane angger iyane memengan nang pesisir.

“Dhik, kari dhewekan Rika lungguh ring kene,” abene suwara ngagetaken Sufiyah.

“Rika sapa...?” Sufiyah kaget ana hang nyapa.

“Isun ulih kenalan tah?” lare lanceng iku takon nang Sufiyah.

“Uuuu... lih,” Sufiyah semaur ambi gelagepan.

“Isun Fadlan,” ambi ngelungkaken tangane nang Sufiyah.

Sufiyah cengeng, atine kemesud rungu aran Fadlan ring kupinge. Iyane langsung iling nyang omonge emake dung iyane duwe kakang aran Fadlan. Suwi Sufiyah sing ngereken nang tangane Fadlan hang dielungkaken ngajak salaman. Ana perasaan mamang ring atine, apa iki Fadlan kakang isun tah mula lare liya hang arane padha ambi kakange. Agage perasaan mamang iku dibuwang teka pikirane. Tapi iyane magih meneng sing bisa ngomong.

“Dhik...!” suwarane Fadlan ngagetaken Sufiyah maning.

“Iii... ya, isun Sufiyah,” Sufiyah nggape tangane Fadlan.

“Sun sawang, Rika kari dhewekan,” Fadlan mangkat ngajak gesah.

“Iya kang, Isun mula magih dhewekan,” Sufiyah semaur ambi temungkul.

“Rika lare endi, Lare kene bain tah?” takone Fadlan.

“Iya Isun lare kene, dhung Rika lare endi?” Sufiyah balik takon.

“Isun lare Bali, taping saiki megawe ring Banyuwangi.” Fadlan njelasaken asale.

Sufiyah ambi Fadlan gesah-gesahan ring ngisore uwit waru. Wangune lare loro katon seneng. Masiya tah Sufiyah magih isin-isin gesah ambi lare lanang. Lan maning Sufiyah buru kenal ambi Fadlan. Serngengene wis mangkat munggah, panase wis kerasa nyenget ring kulit.

“Liya dina, Isun nak memengan merene maning Dhik, ulih tah?” takone Fadlan.

“Ya ulih Kang, Rika arep paran memengan merene maning?” Sufiyah balik takon.

“Ya kepingin nemoni Rika maning Dhik,” ambi rada nggeridho Sufiyah.

“Iya....” rupane Sufiyah dadi mberanang.

“Ya wis, Isun nak mulih sulung, ketemu maning liya dina.” Fadlan pamitan.

Fadlan njangkah ninggalaken Sufiyah hang magih lungguh ning ngisor uwit waru. Matane ngetutaken jangkahe Fadlan hang mara nang sepidhah montore. Fadlan mangkat nyetater sepidhahe aju ninggalaken pesisir lan Sufiyah. Panase serngenge tambah suwi tambah keliwat rasane. Sufiyah katon seneng, susahe atine wis ilang kaya kesiram banyu bun ring wayah isuk. Tekane Fadlan bisa nggawe atine seru senenge.

Fadlan wis ilang teka ngarepe matane Sufiyah. Taping Sufiyah magih tetep mandengi dalan hang diliwati Fadlan. Atine Sufiyah kaya sing kepingin ditinggal Fadlan, masiya tah buru kenal sedina. Rupane Fadlan jangget ring matane Sufiyah lan wis nemplek ring atine. Sufiyah njangkah melaku mulih ambi nggawa seneng hang keliwat-liwat ring jero atine. Seneng hang sing tau dirasakaken sedurunge. Rasa seneng hang sing keneng diganti ambi berahine donya lan emas selaka.

Bengi katon padhang, ulan tanggal lima las mencorong ring duwuran. Langit hang sing ana megane katon indahe, lintang-lintang hang jejer katon jelas miji-miji kelipe. Sufiyah lungguh ring bangku latar ngarep warunge. Sing kaya biyasahe, Sufiyah denden ayu naming rambute hang sak pundhak tetep dhikereweg. Rupane katon berahin lan ayu ngalah-ngalahi ayune ulan hang gemantung ring dhuwuran.

Teka njeru umah, bik Suwanah nyawangi anake hang lungguh ring jabane umah. Ditamataken ulihe nyawang anake, kaya ana hang bida nang rupane Sufiyah. Disawang dhung Sufiyah katon bungah atine sing kaya dina hang uwis-uwis. Ana pikiran hang sing kaya biyasahe ring jero atine bik Suwanah. Diparani anake hang lungguh ring jaba aju lungguh ring sandhinge. Weruh emake lungguh ring sandhinge, Sufiyah nyelekaken awake ring pangkune emake. Bik Suwanah ngelus-elus anake kelawan rasa welas hang paling gedhi. Welas hang sing keneng diedum ambi lare liya.

“Beng...” bik Suwanah mbuka omongan.

“Napa mak...” suwarane suwanah kalem.

“Emak sawang-sawang Sira kari katon bungah sakat mulih teka pesisir mau.”

Sufiyah sing semaur, lambene mung mesem tipis rungu omongane emake. Dipandengi rupane emake hang wis separuh umur iku. Arep ngomong nang emake taping magih sing kewetu. Embuh wedi apatah sangking isin arep cerita nang emake paran hang dialami isuk mau. Bik Suwanah magih sing ngerti nang tingkahe anake. Ditakoni sing semaur taping malah mesam-mesem bain.

“Atinkula seneng, Mak,” mara-mara suwarane Sufiyah cemelot.

Dheg.. atine bik Suwanah semendhal rungu omongane anake. Pikirane sing serantan kepingin weruh paran hang gawe atine anake seneng. Antarane percaya lan sing percaya gok anake mara-mara ngomong dhung iyane seneng. Disawangi rupane anake hang mula katon seneng iku. Anake hang wis munggah perawan lan katon ayune. Apatah endane anake wis ngelawungi, apa merga mari weruh dhung bapake magih urip.

“Sira seneng apuwa, Beng?” takone bik Suwanah mecah sunute wong loro.

“Ya seneng pokoke, Mak,” semaure Sufiyah hang magih sing gelem nduduhaken.

“Wis nemu dhemenan tah Sira, Beng?” bik Suwanah langsung mencug.

Maning-maning Sufiyah sing semaur lan mesem-mesem rungu pitakone emake. Sufiyah tangi teka pangkuane emake aju semendhe ring pundhake emake. Dicekel tangane emake hang magih bingung nang tingkahe.

“Isun mau kenalan ambi lare lanceng ring pesisir, Mak. Larene ngganteng, kulite putih lan apik nyang Isun, Mak,” omonge Sufiyah hang sing disangka-sangka.

“Paran beng...?” bik Suwanah sing percaya.

“Isun mari kenalan ambi lare lanceng Mak,” dibaleni maning ucape Sufiyah.

Bik Suwanah mesem. Dipeluk anake lan dielus rambute. Iyane saiki wis ngerti dhung anake mula bener-bener munggah perawan lan ngelawungi. Kembang pethetane hang dirumat temenanan wis mekar nyebar ganda arume. Using heran kadhung ana kumbang hang mangkat marek-marek nang kembange atine.

“Apuwa sing Sira jak mampir nang umah mau, Beng.”

“Larene gupuh arep mulih mak, tapi jare arep merene maning,” Sufiyah njelasaken.

“Yeeh... arane sapa, lan nang endi umahe Beng,” bik Suwanah neges.

“Fadlan, Mak, tapi Isun lali takon nang endi umahe.”

“Sapa? Fadlan, kaya arane kakangira ya Beng,” bik Suwanah rada kaget.

“Iya Mak kaya arane kakang,” Sufiyah tangi teka sendhenane emake.

Sufiyah ambi emake gesah sampik meh dalu. Karone padha katon senenge. Sufiyah seneng kerana wis ana lare lanang hang gelem ngenal iyane. Bik Suwanah seneng merga anake wis sing metenggengen thok. Sunare ulan mangkat nggelengser ngulon, adheme angin wis kerasa nyundep rin belung. Suwarane ombak tambah untas nyerambah sintrune bengi.

Bik Suwanah ngajak Sufiyah melebu umah, ngancing lawang aju mangkat munggah nang peturon mapan turu nggawa senenge ati. Bengi saya surup, bang-bang wetan wis mberanang. Suwarane manuk padha ngoceh mapag serngenge hang meledhung teka

ngisore gunung. Sufiyah wis ngelilir teka ngipine, rasane mutere donya iki kariya gelis.

Dina wis ganti dina, Sufiyah ambi Fadlan wis raket sing keneng dipisahaken. Saben dina, sing isuk sing soren, Sufiyah ambi Fadlan geredhoan keloronan ring pinggir segara. Kaya soren iku, Sufiyah ambi Fadlan memengan ring pesisir, melaku-melaku ring antarane ombak segara. Dhuw seru katon senenge wong loro hang ngerasaken indahe welas asih.

Fadlan nggandheng tangane Sufiyah ngeliwati dawane pesisir. Donya rasane kaya duwene wong keloron. Sing kerasa uwis rong ulan ulihe Sufiyah ambi Fadlan sirsiran. Ring jero atine mung ana rasa seneng, sing kepikiran sakbenere Sufiyah ambi Fadlan iku sapa. Sufiyah ngajak Fadlan lungguh ring dhuwur watu gesah ring pinggire segara.

“Kang, sing kerasa yuh uwis rong ulan,” Sufiyah mbuka gesah.

“Iya Dhik, wayah rasane kaya gelis melakune,” Fadlan nimpali.

“Kang, Isun....” Sufiyah sing nerusaken omongane.

“Apuwa Dhik?” Fadlan mandeng rupane Sufiyah hang katon mamang.

“Wis suwi Isun arep ngomong nang Rika,” omonge rada mamang.

“Nak ngomong paran Rika dhik?” Fadlan kepingin weruh.

Sufiyah meneng, iyane mamang nang paran hang arep diomongaken nang Fadlan. Matane mung nuli mengisor ring suket hang sing ana ubahe. Fadlan magih sing ubah teka sandhinge Sufiyah. Iyane ngenteni paran hang arep diomongaken Sufiyah.

“Kang, Rika dikongkon nang umah, emak kepingin weruh,” omonge Sufiyah.

Fadlan sing semaur. Matane mandeng segara hang ana ring ngarepe. Embuh apuwa iyane meneng. Atine kepikiran nang omongane Sufiyah dhung emake kepingin kecaruk iyane. Fadlan sing ngira apuwa gok emake Sufiyah mara-mara kepingin kecaruk nang iyane. Ana perkara paran endane, Fadlan tambah mamang.

“Kang....” suwarane Sufiyah rada anter.

“Eh iya Dhik...” Fadlan kaget.

“Diejak ngomong iku sing semaur yah,” Sufiyah rada muring.

“Iya Dhik, ana paran sih Dhik, Isun dhikongkon nang umahrika.”

“Ya embuh Kang, pokoke Rika kon nang umah,” tambah mepeng.

“Aja mepeng roh, Isun mariki merana,” semau Fadhan ngegakaken Sufiyah.

Rungu semau Fadhan, Sufiyah mesem. Dikrane Fadhan sing gelem nuruti penjaluke emake Sufiyah. Wong keloron nutugaken gesahe ambi ngenteni tekane samarwulu hang wis emeh njumbul. Ring pesisir wis mangkat cumpleng, lare-lare hang memengan ning pesisir wis padha mulih.

“Ayo wis Kang mulih, wis bengi,” ajake Sufiyah.

“Ayo Dhik,” jawabe Fadhan sak kecap.

Sufiyah ambi Fadhan ngadeg aju njangkah melaku ninggalaken pesisir nuju nang umahe Sufiyah. Ring dalan, Fadhan kepikiran paran endane hang nak diomongaken emake Sufiyah. Pecake sikile wong loro kelalen nang ndhuwur pasir. Sedhela bain wis ilang kebusek iline umbak segara. Taping ana hang sing bisa kebusek teka atine Sufiyah ambi Fadhan, yaiku rasa seneng lan indahe wayah keloronan ring pesisir iku.

Ring ngarepe lawang, bik Suwanah wis ngenteni Sufiyah ambi Fadhan mulih teka pesisir. Warunge wis sepi, wong-wong hang marung wis padha melaku ngelaut. Bik Suwanah nyawang lare hang melaku keloron nang nuju nang umahe. Ditamataken ulihe nyawang Fadhan, lare lanang hang bisa nggawe anake seneng atine.

Nyawang lakune Fadhan, mara-mara bik Suwanah iling nang anak lanange. Embuh nang endi saiki anak lanange iku. Bik Suwanah ngelamun ngiling-iling rupane anake. Uwis nem belas tahun lawase bik Suwanah sing weruh rupane anak lanange kelendi. Ring pikirane nawi bain anake wis gedhi kaya Fadhan. Atine bik Suwanah semendhal weruh Fadhan. Iyane buru dina iki bisa nyawang rupane Fadhan, masiyatah uwis rong ulan lawase dhemenan ambi Sufiyah.

“Mak... Isun wis mulih,” suwarane Sufiyah.

Bik Suwanah sing rungus suwarane anake hang nang ngarepe. Matane magih sing pedhot mandeng Fadhan. Wangune bik Suwanah sing melingun diejak ngomong anake. Dikrane magih ngelayung nang anak lanange.

“Mak...” Sufiyah mbaleni maning ambi nabok pundhake emake.

“Paran Beng...” bik Suwanah kaget pundhake ana hang nabok.

“Apuwa Mak, diejak ngomong iku sing ngereken yah.”

“Eh, iya Beng, Emak metenggengen, sing rungu Sira ngomong,” saure bik Suwanah.

Bik Suwanah magih mejegrek ngadeg ring ngarepe lawang nyawang Fadlan. Disawangi awake Fadlan sakat teka sikil sampik rambute. Ring atine ana kerenteg dhung lare lanang hang ning ngarepe iku anak lanange hang sing tau kecaruk nem belas taun lawase. Taping cangkeme sing wani menga wedi nawi iku lare liya dudu anake.

“Jaken melebu, Beng,” kongkone bik Suwanah nang anake.

“Iya Mak.”

“Lik melebuwa,” bik Suwanah ngongkon Fadlan melebu umah.

“Nggih...” semaure Fadlan ambi melebu nang umah.

“Lungguha kang!” omonge Sufiyah nang Fadlan.

Fadlan lungguh nang pelanca jajang hang digawe dawa kaya bangku. Sufiyah ngancani ring sandhinge. Bik Suwanah melebu nang warunge njuwut gedhang goreng ambi nyorot teh enggo suguhane Fadlan. Sing suwi bik Suwanah balik nang bale ambi nggowo gedhang goreng lan wedhang teh. Mari ndeleh wedhang ambi jajan, bik Suwanah lungguh nang ngarepe Sufiyah lan Fadlan.

“Umbenen Lik wedhange!” bik Suwanah nawani Fadlan.

“Iya Kang ombenen, aja isin-isin,” Sufiyah nambahi omongane emake.

“Nggih Mak,” semaure Fadlan.

Fadlan nyandak lumur hang wis dicoroti wedang teh. Diuyup sithik-sithik wedang teh ring tangane iku. Bik Suwanah mangkat nyawangi Fadlan hang nang ngarepe. Atine kaya yakin dhung sirsirane Sufiyah iku anake dhewek. Fadlan mangan gedhang goreng hang disuguhaken bik Suwanah.

“Mak, iki kang Fadlan. Jare Rika kepingin ngomong.” Sufiyah ngawiti.

“Eh iya Beng, Isun mula kepingin ngomong nang Fadlan,” saute bik Suwanah.

“Ndhika kepingin ngomong napa teng Kula?” Fadlan nututi ngomong.

“Gesaha ambi Emak sulung Kang, Isun arep adus,” Sufiyah pamit.

Sufiyah melaku memburi ninggalaken bik Suwanah ambi Fadlan ring bale umah. Bik Suwanah adhep-adhepan ambi Fadlan. Sawangane Fadlan repot tingkah gesah dhewek ambi bik Suwanah. Fadlan sing wani ngomong, rupane katon kaya wong wedi. Bale umah iku katon sintru, sing ucap sak kecap belaka hang metu teka cangkeme wong loro. Mung urube damar telempik hang kuyep mobat-mabit keterak angin.

“Lik...” bik Suwanah ngewanekaken ngomong.

“Napa Mak,” saure Fadlan sing wani madhep nang bik Suwanah.

“Sira lare endi? bik Suwanah takon asale Fadlan.

“Kula lare Bali Mak, taping trose bapak sengen asale Pondok Nongko.”

Atine bik Suwanah tambah semendhal rungu dhung bengen Fadlan jare wong Pondok Nongko. Desa iku bengen asale bik Suwanah lan keluwangane manggon. Sak marine bik Suwanah ditinggal mbara nang man Saperan, aju pindah nang Sukojadi balik nang umah asale bik Suwanah. Pikirane bik Suwanah tambah sing kakaruan.

“Sira nang kene megawe tah kelendi Lik?” takone bik Suwanah.

“Kula medamel teng Banyuwangi Mak,” saure Fadlan.

“Megawe nang endi?” bik Suwanah neges.

“Kula tumut paman medamel teng mebel,” jawabe Fadlan.

Sufiyah magih durung balik nang bale umah. Abete mari adus langsung denden sulung nang jurumahe.

“Sira kecaruk Sufiyah nang endi Lik?” bik Suwanah takon maning.

“Teng pesisir Mak, pas Kula memengan,” jawabe Fadlan.

“Sira bener-bener asale teka Pondok Nongko tah Lik?” bik Suwanah sing percaya.

“Nggih, terose bapak mula dugi Pondok Nongko. Sak benere kula balik teng Banyuwangi mboten kon medamel, taping kon goleti emak lan adhik kula hang pun lawas mboten nate kecaruk,” Fadlan njelasaken paran hang sakbenere iyane balik nang Banyuwangi.

Bik Suwanah marek nang Fadlan aju lungguh ring sandhinge. Fadlan tambah bingung. Tambah-tambah bik Suwanah nyekel tangane Fadlan. Dideleng lengen kiwane Fadlan. Bik Suwanah kaget weruh ring lengene Fadlan ana tohe. Sak ilinge iyane bengen, ring

lengen kiwane anak lanang ana toh tandha lahir hang persis kaya ring lengene Fadlan.

“Sira anake sapa Lik?” bik Suwanah takon nderedeg.

“Kula anake Saperan, Mak,” saure Fadlan.

“Saperan hang bengen tukang nebas pari Lik?” bik Suwanah tambah nderedeg.

“Nggih Mak.” jawabe Fadlan.

Rungu jawabane Fadlan, saknalika bik Suwanah meluk lare langang hang ring sandhinge. Fadlan bingung nang tingkahe bik Suwanah. Bik Suwanah ngambungi Fadlan ambi nangis geruh-geruh sing karuwan. Suwarane tangise rungungu nang Sufiyah hang magih durung metu teka jerumahe.

“Fadlan... Sira anakisun Lik. Isun emakira Lik,” bik Suwanah melung-melung.

Rungu suwarane bik Suwanah melung-melung, agage Sufiyah metu nang bale panggonan emake lan Fadlan gesah. Sufiyah heran ndeleng emake meluk Fadlan ambi nangis geruh-geruh.

“Rika apuwa Mak...?” takone Sufiyah.

“Meriniya Beng, iki kakangira, Fadlan kakangira,” Bik Suwanah nyeluk Sufiyah.

“Kakangisun kelendi sih Mak, Fadlan iku sirsiranisun Mak,” Sufiyah nulak.

“Sira selawase iki sing ngerti, temakena hang Sira dhemeni iki kakangira dhewek Beng,” tangise bik Suwanah tambah anter.

Sufiyah lemes rungungu ucape emake. Iyane lipruk sing bisa ngomong rungungu ucape emake. Disawangi Fadlan hang magih dipeluk emake. Sufiyah magih sing percaya paran hang diomongaken emake. Bik Suwanah nggape tangane Sufiyah aju diparekaken nang Fadlan.

“Iki kakangira dhewek Beng, kakang hang sakat bengen Sira angen-angen bisa kecaruk,” bik Suwanah nggathukaken tangane Sufiyah ambi tangane Fadlan.

“Jare sapa Fadlan iki kakangisun, Mak?” Sufiyah magih sing percaya.

“Iki, etoh ring lengene Fadlan,” bik Suwanah nduduhaken lengene Fadlan nang Sufiyah. “Kakangira bengen buru lair ana tandha laire ring lengen kiwane.” bik Suwanah cerita nang Sufiyah.

“Nawi sangking padha Mak.” Sufiyah magih tetep sing percaya.

“Iya Dhik, Isun kakangrika. Isun anake man Saperan. Bapak ya ngomong dhung emak isun arane Suwanah lan duwe adhik wadon aran Sufiyah.” Fadlan nambahi ceritane bik Suwanah.

Sing kathik ngomong maning, Fadlan dipeluk sak kuate nang Sufiyah. Tangise Sufiyah ngelebihi antere tangise bik Suwanah. Bengi iku, antere tangis sing bisa ngalahi senenge atine Sufiyah lan bik Suwanah. Rong ulan lawase, Sufiyah wis kerasa keliwat senenge dhemenan ambi Fadlan. Taping senenge sing ngeliwati senenge Sufiyah kecaruk ambi kakange.

Makene wis Sufiyah sing duwe dhemenan maning, taping hang penting bisa kumpul maning dadi siji ambi kakange. Kakang hang selawase iki dikangeni lan diangen-angen nyatane lare hang dadi dhemenane. Atine Sufiyah wis tambah mekar, kaya mekare kembang pethetan nang pinggir segara.

JERU JITHOKE

Sapuwan, juragan pari hang uripe sing kurang paran-paran lungguh ring pelataran mburi umahe. Disawangi rawatan pitike hang memengan golet pangan cucuk-cucuk sak nemune. Aja takon aran akehe pitike, sampik turu-turu ring empang wit-witan sak ubenge umahe. Masiya gedigu, Sapuwan ya apal lan titen nang pitike siji-sijine. Semunu akehe pitik iku dieculaken sing ana hang dikandhang siji-sijiya.

Kadhang tanggane padha nggerunek atine mergane angger mepe gabah, jagung utawa cengkaruk mesti sing uman entek dicucuki pitike Sapuwan. Sampik liya dina, Bik Amenah ngelurug nyang umahe ambi muring-muring merga gabah hang dipepe ulihe uput-uput sing ana karine dienggo royanan ring pitike Sapuwan.

"Sapuwan, kari masalah pitikira iku yuh. Gabah ulihisun golet sak daman-daman gemet dipangan pitikira," suwarane Bik Amenah ambi melung-melung.

"Ya marine kelendi Bik, munggone iku pitike Hun kongkon mangan gabahrika," saure Sapuwan enteng ngelik-elik ring ati.

"Ya masa gedigu Lik, iki kelendi mupakate. Gabahisun silurana!" jaluke Bik Amenah.

"Disiluri kelendi Bik, gabah entek iku salahrika. Apuwa gabah Rika pepe ring pinggir lurung taping sing Rika tunggoni," Sapuwan nyerod udude kaya sing duwe dosa.

"Gusti, gancang balesen tiyang ngoten niku," Bik Amenah ndonga ring jeru atine.

Bik Amenah metek dhadha sing bisa ngomong maning. Gancang-gancang Bik Amenah ninggalaken Sapuwan hang magih lungguh ring ngarepe lawang mburi umahe. Awake Bik Amenah katon lisuh, matane ngembung iluh kerasa-rasa nang kelakuwane Sapuwan nyang iyane.

Serngenge wis lingsir, Bik Amenah ngelepiti gelaran jabil ring pinggir lurung hang dienggo mepe gabah aju dilebokaken nang welasah. Amba lakonan hang rada rincung, iyane melaku mulih nyang umahe ambi ngindhiti welasah hang isine mung kari jabil thok.

Mari ashar, Sapuwan magih lungguh ring mburine umah. Teka ring masjid samping umahe, takmir siyar-siyar dhung emben arep

dianakaken selamatan ring masjid. Ring kampung Krajan angger tanggal 15 Ruwah ana selamatan Nisfu Sya'ban. Angger-angger keluarga nggawe ancak lan asahan digawa nang masjid dienggo selamatan.

"Kang, emben ana selamatan Syakbanan. Isun njaluk pitike yah nak enggo milu selamatan ngirim donga nang masjid," suwarane mbok Sri metu teka pawon marani hang lanang.

"Aja kathik, enggo paran selamatan belaka mbeleh pitik. Maning makene apuwa sih milu selamatan iku," Sapuwan malah celathu nyang mbok Sri.

Maning-maning semature Man Sapuwan sing enak dirungokaken ring kuping. Lohor mau omongane nang Bik Amenah lan soren iki nang Mbok Sri rabine dhewek. Mbok Sri gancang melebu maning nyang umahe sungkan padu nang hang lanang. Iyane aju wudu lan sembahyang asar hang wis emeh kasep entek waktune. Sing sepira suwi wis kerungu suwarane kiroat magrib ring masjid sandhing umahe. Suwarane adan wis muni, wong-wong padha melaku nyang masjid arep jamaah magrib, semono uga Mbok Sri lan Man Sapuwan.

Isuk-isuk tanggal 14 Ruwah, wong-wong kampung padha ubret imuk nyiapaken selamatan Syakbanan engko bengi malem 15 Ruwah. Tanggga-tanggane Man Sapuwan hang lanang padha nggawe ancak. Ana hang mbeleh pitik lan ngamet godhong. Wong-wong wadon padha olah-olah enggo ngesah ring acak. Man Sapuwan betah sing kathik metu teka umahe. Wis keneng dititeni kadhung ana acara selamatan desa, iyane sing kathik metu mergane sungkan ditakoni tanggane milu selamatan tah using.

Noring pawon, Mbok Sri nggerundeng. Iyane rumangsa isin nyang tangga-tanggane. Kabeh padha guyub milu selamatan. Hang lanang sing tau gelem kadhung dijak milu kerukunan nang wong kampung. Ale rabine ya wong kecukupan sing kurang paran-paran.

Sing kuwat nyidhem rasa kepingin milu selamatan, Mbok Sri ngewanekaken ngomong nyang hang lanang.

"Kang, kelendi-kelendiya Isun arep milu selamatan," Mbok Sri nempuh nyang lakine.

“Halah Dhik, sing milu selamatan sapa arep nguwel. Masiya milu selamatan ya sing ana hang ngalem,” Man Sapuwan sing kathik ubah teka pelungguhane.

“Mula sing ana hang nguwel sing, ana hang ngalem kang, taping isin nyang tangga,” Mbok Sri mangkat mbantah.

“Dadi isin nyang tangga dipikiri, dane mangan nora njaluk nyang tangga belaka,” seru sugale omongane Man Sapuwan.

“Dadi uwong aja kari keseron-seron apuwa Rika iku Kang. Dijak selamatan belaka kari methentheng sing gelem, ati paran ndane,” Mbok Sri geruh-geruh melebu nyang jerumahe.

Man Sapuwan sing kathik semau sithik-sithika. Atine atos kaya watu item sing keneng diuwah. Iyane magih ngogrok ambi ngelus-elus pitik jagone. Pitik jago belontrok iku mula pitik hang dadi kesayangane Man Sapuwan.

Abane anake tangga pada katon seneng. Lare lanang padha nyerintungi bapake hang nggawe ancak, lare wadon padha nyerintungi emake hang olah-olah ring pawon. Mbok Sri mung bisa ngerungokaken imuke tangga teka ring jeru umah. Mandaneya atine mari-mari kepingin imuk kaya tanggane padha seregep tandang arep milu selamatan.

“Timbang Isun ning umah kerasa-rasa dhewek, bangur Isun nang umahe emak bain wis,” atine Mbok Sri mara-mara usik arep nang umahe emake.

Sing kathik pamit nyang Man Sapuwan, Mbok Sri melaku nyang umahe emake hang adohe let limang umah. Iyane melaku ambi temungkul makene sing ketara dhung iyane marek nangis. Kebule welek lan ambune olah-olahan hang semebrung teka jeru pawone tangga saya ndadekaken Mbok Sri cumped atine.

“Mak, Mak...” Mbok Sri celuk-celuk emake ring ngarepe lawangan hang magih tutupan.

Sing ana semau uwong, Mbok Sri langsung bain memburi nyang pawon. Dideleng ring jeru pawon, urube geni ring bengan katon meromong. Abete emake ngindel panci nggodhog endhog. Ring pelanca ana iwak pitik hang mari dibetheti diwadhahi irig durung dipeceli. Mbok Sri mari-mari kepingin kaya emake, angger bisa milu dhung ana selamatan.

“Wis sakat mau tah Sira Beng?” suwarane Mbah Mayah ngagetaken mbok Sri hang ngogrok ring ngarepe bengan.

“Using Mak, buru bain Isun gadug. Celuk-celuk teka ngarep sing ana uwong, Isun langsung bain melebu nyang pawon,” mbok Sri ngadeg ambi ngedunaken asah-asahan hang disuwun Mbah Mayah.

“Apuwa matanira gok kaya wong mari nangis iku Beng? Mari tukar ambi Sapuwan tah Sira?” Mbah Mayah nuli rupane anake.

Mbok Sri sing nyauri pitakone emake. Dicandak timba hang isi asah-asahan aju ditap nang nduwure pelanca pawon. Lumur lan aren dikureb-kurebaken nang pelanca makene tus banyune. Ring dhuwur bengahan suwaane gemulake banyu ring dandang wis saya nganter-nganteraken.

“Mak, endhoge paling wis mateng. Sun entas ya?” Mbok Sri melaku nang bengahan aju njunjung dandang hang dienggo ngulub endhog.

“Iya Beng, entenana adhem sulung aju kencetana wadhahana kene,” Mbah Mayah ngelungaken panci cilik nyang Mbok Sri.

“Iya Mak.” Mbok Sri nampani panci cilik hang dielungaken emake.

Mbah Mayah aju njuwut ragi ring jeru lemari digawa nyang pawon. Mbok Sri nugeli pitik hang mari dibubuti wulune lan dirijigi ring Kik Saman. Wong loro padha imuk ring jeru pawon nyiyapaken olah-olahan enggo selamatan engko bengi. Kik Saman sing ana kelebete. Iyane mari mbeleh lan ngerijigi pitik terus metu.

“Kari akeh Rika mbeleh pitik, Mak? Maning kari gedhi-gedhi yak,” Mbok Sri nyelethuk takon nyang emake.

“Eh iya Beng mula nyeja mbeleh telu. Emak siji, Sira siji lan adhinira ya siji,” Mbah Mayah njelasaken nyang anake.

“Yaiku ya Mak, Kang Sapuwan sing kathik gelem Sun jaluki pitik nggo milu selamatan. Kari keseron-seron ika kumede,” Mbok Sri wadul ambi ngirisi daginge pitik.

“Dhasare lakinira mula jeru jithoke medhit walaiti. Isun sing kaget wis nyang pethithete lakinira iku Beng,” suwarane Mbah Mayah ambi setengah celathu.

“Wis Mak, Isun kesel lara ati nyang Kang Sapuwan iku. Karepe dhewek sing keneng diwarah. Padha bain ngomong ambi watu koh, sing dire’es,” Mbok Sri ngomongaken lakine.

Ambi nggesahaken Sapuwan, wong keloron terus tandang ring pawon. Mari ngirisi daging pitik, Mbok Sri aju nyandhak endhog hang

durung dikenceti. Mbah Mayah iris-iris ragi aju digerus ring cuwek watu.

Sampik ngarepaken bedhug, Kik Saman durung ana njumbul. Hang tandang ring pawon wis emeh mari. Iwak lan jangan wis padha mateng kari segane durung diedang. Iwak hang wis mateng aju dicepak-cepakaken ring wadah didum telu.

“Bapak nyang endi Mak? Sakat mau sing ana katon.” Mbok Sri mara nyang emake aju lungguh ring sandhinge.

“Nyang kebonan ngamet godhong ambi nggawe ancak,” Mbah Mayah nyurud kayu ring bengahan makene sing kari barak urube.

Pawon sepi, wong loro mara-mara sing ana gesahe. Hang ana mung suwarane kemerengsenge banyu hang diindhel ring dandang. Weleke bengahan campur ambune panganan uleng-ulengan ngebeki pawon. Ring jaba pawon abene kukuruyuke pitik nduduhaken dhung wayah wis kira-kira jam loro raina.

“Dhik... Dhik... Dhik...”

Suwarane Man Saman celuk-celuk Mbah Mayah teka latar mburine pawon. Abete Man Saman buru mulih teka kebonan ambi mikul godhong lan acak ring pundhake. Mbok Sri gancang-gancang mara nyang bapake ngedunaken pikulan hang ana ring pundhake Man Saman. Godhong ambi ancak digawa melebu nyang jero pawon.

Mbah Mayah metu ambi nggawa kendhi lan lumur. Banyu diilingaken teka kendhi aju diwakaken Man Saman hang abete katon wis mesasaten. Ketangana panase kariya gedigi, langit sing katon ana megane blas. Agage Man Saman ngombe banyu ring lumur hang digawakaken rabine. Sak lumur durung cukup ngepusi asate gorokane Man Saman hang ambekane hang rada kempis-kempis mari melaku. Maklum bain umure wis tuwek. Tenagane magih jaya mung kalah ambegan..

“Maning Dhik,” Man Saman ngelungkaken lumur.

Mbah Mayah ngilingaken maning banyu kendhi nyang lumur hang dicekel man Saman. Wong keloron durung melebu nyang umah. Kik Saman ngusapi keringet hang mili ning bathuk lan pipine nganggo tangane hang kiwa. Mbah Mayah nyelekaken kendhine aju ngiliri awake Man Saman hang magih adus keringet.

“Kari gedigi panas iki Dhik, nyelenget temenanan rasane ring bumbunan,” sambate Kik Saman ambi ngothak kelambine.

“Yaiku ya Kang, paran maning Isun hang tandang ring jero pawon sing seru nyelanguba. Rasane kaya ring jeru openan koh,” Mbah Mayah nimpali.

“Ring jero iku sapa Dhik, Sri tah Konah?” Kik Saman takon nyang hang wadon ambi nyangsangaken kelambine ring sangsangan jajang.

“Sapa maning Kang. Sri sakat kisuk mau wis merene, jare ring umahe sing betah ruwed thok ambi Sapuwan,” Mbah Mayah nyeritani hang lanang.

“Perasanisun ruwed thok lare loro iku yah. Mau ruwed merga paran jare Dhik?” takone Kik Saman.

“Embuh wis Kang, sing keneng diomongaken. Sampik wegah Isun ngerasakaken.”

Mbah Mayah melebu maning nyang pawon ninggalaken Kik Saman hang magih lungguh ring mburine umah. Keringet magih durung asat, selangube panase serngenge wis mangkat suda. Sing kerasa, kik Saman kesirep ambi lungguh semendhe ring temboke umah. Kik Saman ngelempuh temenan, keneng silire angin bain wis kesirep nana ubahe.

Mbah Mayah ambi mbok Sri hang tandang ring pawon abete ya wis mari. Mbok Sri pamit mulih nyang emake ambi nggawa acak lan olah-olahan hang mari diedum telu enggo ngesah selamatan ring masjid engko bengi.

Ngarepan magrib, mbok Sri mangkat ngesah nyang jero ancak. Sega lan iwak ditap ring ancak. Atine Mbok Sri katon lega, dina iki iyane kelaksan milu selamatan Syakbanan ring masjid masiya tah ulih diwani wong tuweke. Sak usinge rasa isin nyang tangga bisa ditambahi mergane dina iki wis bisa milu guyub selamatan kampung.

Sapuwan sing wani mara nyang rabine, mung disawangi bain Mbok Sri hang nggawe asahan ring pelanca bale. Iyane lungguh ring kursi ambi nyerod udud kereteke hang wis emeh kari separo. Matane sing mandheg-mandheg nulihi asahan hang digawe ring Mbok Sri. Pantese seru katon enake asahan ring ancak iku. Iwak pitik mula duyanane, paran maning diragi abang hang pedhes.

Sapuwan ambi Mbok Sri katon kaya wong satru. Sakat mau sing kathik ana suwarane gesah. Sing ana omongan hang kewetu ring antarane wong keloron iku. Mbok Sri magih bangkel lan ngersula nyang lakine. Sakat teka umahe Kik Saman, Mbok Sri sing gelem ngomong nyang lakine. Atine magih medhedheg nyang kelakowane Sapuwan nyang iyane.

“Kai asahane wis mari. Engko gawanen nyang masjid,” Mbok Sri ndeleh asahan noring dhuwur meja ring ngarepe Sapuwan lungguh. Sing kathik ngomong maning, Mbok Sri aju melebu nyang jeru pawon.

“Umpama asahan iki sing kathik digawa nyang masjid kelendi? Dipangan dhewek bain ring umah, eman-eman kadhung dipangan uwong,” Sapuwan nawa nyang paran hang dikongkonaken rabine. Iyane kabotan kadhung asahan iku digawa nyang masjid dienggo selamatan kampung.

“Kari juwari Rika Kang, ngomong sukur melendhong,” Mbok Sri semaur teka jeru pawon.

Durung ilang bangkel ring atine mbok Sri, iki wis ditambahi maning. Manggan-manggane Sapuwan mula jeru jithoke. Diajak selamatan belaka sing gelem cicir bandha. Malah-malah terima dikongkon nggawa asahan bain sing gelem. Keneng-kenenga asahan hang sing milu bandha iku aja sampik dipangan wong liya. Pikire kari enak digawa nyang masjid yara dipangan wong liya, bangunan dipangan dhewek bain.

“Kelendi iki Dhik, paca digawa nyang masjid asahan iki?” Sapuwan takon nyang rabine. Abete Sapuwan magih mamang arep nggawa asahan ring ancak iku nyang masjid. Dicekeli ancak ring ngarepe. Arep ngadeg kaya aras-arasen lan sing rida.

“Masaalah Kang. Ambek-ambekaneya wong melid indane,” Mbok Sri nyerecet ambi metu teka pawon. Diparani lakine hang magih durung ngadeg teka kursine. Ancak ring dhuwur meja iku dicandhak maning aju disuwun.

“Makene wis nak Hun teraken dhewek ancak iki nyang masjid. Duwe laki kari nemen ika yah.” Mbok Sri ambi geregeten ngincling metu teka bale umah arep melaku nyang masjid nggawa ancak.

“Mandhega Dhik! Isun bain hang nggawa ancake nyang masjid,” Sapuwan melung ngendhegaken lakune mbok Sri hang wis

ulih sepuluh jangkahan. Agage Sapuwan metu nututi rabine hang magih ana ring jerune pelataran ngarep umahe.

“Endi Dhik Isun bain hang nggawa. Isun isin ditulih tangga kadhung melaku tayongan tangan nyang masjid.” Diedhunaken ancak ring suwunane Mbok Sri dipikul ring pundhake.

“Yee, magih duwe isin rainrika iku Kang?” cangkeme mbok Sri cemelot ngerahi nyang Sapuwan.

Sapuwan mung meringis bain rungu omongan rabine hang rada nyelenget iku. Iyane njangkah melaku nyang masjid mikul ancak ring pundhake. Mbok Sri thingel-thingel ambi nyawang lakine hang melaku nyang masjid.

Ring lurung tangga-tangga lan lare cilik akeh hang liwat melaku nyang masjid padha mikul ancak. Mbok Sri agage melebu nyang umah lan ngancing lawange. Suwarane adan magrib wis kerungu teka sepekere masjid nyeluki uwong-uwong hang arep ngelakoni sembayang magrib lan selamatan Syakbanan.

Gadhug ngarepe masjid, Sapuwan wis dipapag lare-lare enom hang bagiyane ngurusi ancak selamatan. Ancak-ancak hang digawa wong kampung padha diwakaken lare-lare mau aju dikelompokaken dietap ring panggonane. Sing kelalen ancak hang digawa Sapuwan ya dijuluk ambi lare-lare.

“Endi Man ancake Isun gawa melebu,” abane Amsar ngelungkaken tangane njaluk ancak hang digawa Sapuwan.

Sapuwan sing ana semature. Iyane meceger nang ngarepe Amsar hang nganteni ancak ring pundhake arep digawa melebu. Sapuwan kaya wong kepikiran, sampik sing ngerungokaken penjaluke Amsar. Magih dicekeli bain ancak hang ana ring pundhake lan sing gelem nguwakaken nyang Amsar. Rasane kari abot arep ngedhunaken ancak iku.

“Man, ancake endi nak Sun gawa melebu,” Amsar mbaleni omongane ambi tangane nyandhak ancak ring pundake Sapuwan.

“Eh iya Lik, taping engko ancakipun dhewekena ya aja dicampur ambi liyane,” Sapuwan ngeculaken cekelan ring ancake.

“Apuwa Man?” Amsar heran nyang penjaluke Sapuwan dhung ancake kon ndhewekaken. Bida ambi uwong-uwong liyane, kadhung

ancak wis gadug nyang masjid ya wis paran jare hang bagiyang ngurusi anak.

"Engko anak iki uwakena Isun maning, aja dioper ambi anak liyane polae iwake duyananisun," sing kathik isin-isin Sapuwan ngomongaken karepe nyang Amsar.

Amsar langsung bain melaku nggawa anak nyang panggonane, sing kathik nyauri omongane Sapuwan. Ring jero masjid uwong-uwong wis padha lungguh jejer ngenteni mangkat sembayang maghrib.

Mari ndeleh ancake Man Sapuan, Amsar mara nyang Juned hang ngancani ngatur anak ring masjid.

"Ned, Sira weruh yara Man Sapuwan?" Amsar takon nyang Juned.

"Uwong hang jithoke jeru, kuncir, kumed, medhit walaiti iku?" saure Juned.

"Iki mau nggawa anak, taping dikongkon ndhewekaken yah, jare engko nak digawa mulih maning."

"Apuwa?" Juned kaget.

"Jare polane iwake akeh duyanane iyane," Amsar nerusaken.

"Kari keseron wong siji iku yuh." abane Juned.

Wong sak kampung wis apal nyang lagute Sapuwan kelendi. Masiya sugih taping melide sing ketulungan. Sing tau-tauwa milu selamatan, gelem milu taping ancake kudu diwakaken nyang iyane maning.

"Kelendi Cok, kadhung man Sapuwan digarap?" ajake Amsar.

"Digarap kelendi kareprika?"

"Kelendi kadhung ancake Man Sapuwan mau, isine disiluri pasir ambi tugelan bata. Kan jare arep digawa mulih maning," abane Amsar nyang Sapuwan.

"Cocog iku wih," saure Juned ambi cekikikan.

Amsar njuwut ancake Man Sapuwan aju digawa nyang panggonane. Juned metu golet pasir ambi bata dienggo ngisi ancake Man Sapuwan. Sing suwi, Amsar ambi Juned mangkat ngoperi isine asahan ancake Man Sapuwan nganggo pasir lan bata.

Wayah wis isak, acara maca Surat Yasin ping telu wis mari. Ustad Muji mangkat maca donga Nisfu Syakban aju direrusaken sembayang isak. Mari sembayang, lare-lare cilik lan uwong-uwong pada lungguh jejer ring serambi masjid ngenteni anak diedhumaken.

Man Sapuwan sing ngalih teka panggonan sembayange ambi api-api nutugaken wiridan.

Uwong-uwong ring jero masjid wis entek pada ngalih nyang serambi. Kari mung Man Sapuwan dhewek hang magih ring jero. Amsar, Juned lan kanca liyane mangkat ngedumaken ancak ring serambi. Pungkasan nguwakaken ancak nyang Man Sapuwan hang nganteni ring jeru masjid.

“Iki Man ancakrika mau, gawanen mulih wis,” kongkone Amsar.

“Kesuwun Lik,” ditampani ancak hang dielungaken ring Amsar.

“Iya Man padha-padha,” saure Amsar entheng.

“Gok rada abot ancakisun iki Lik?”

“Iya Man, mari Sun tambahi maning isine ancakrika iku,” jare Amsar sing kathik gemuyu.

Sing ngomong maning, Man Sapuwan nyuwun ancak metu teka masjid. Atine seru senenge nggawa mulih ancak selametan. Atine sing serantan kepingin mangan sega ancak hang iyane gawa nyang masjid mau. Gadug umah, rabine diceluk diejak mbuka ancake. Sing serantan semate diujedi aju dibukak. Mbok Sri lungguh ring sandhinge.

Serta ancak dibukak, isine asahane pasir ambi tugelan bata. Man Sapuwan kaget sing karuwan. Iyane sing percaya gok asahan hang digawa mau isine pasir ambi tugelan bata. Mbok Sri ngakak sak anter-antere weruh isine ancak hang digawa Man Sapuwan.

“Makanetah kang, dadi uwong aja kari jeru jithoke. Kadhung gedigi kelendi Rika, dibales ambi Hang Kuwasa. Panganen dhewek, entekena pasir ambi tugelan bata iku.”

Mbok Sri melebu nyang jeru kamare ambi gemuyu sing mari-mari.

“Sukur! Rasakena Rika kang, iku ulihe wong medhit kunci walaiti.”

GETUN

“Kang sepurane, Isun saktermene isin arep ngomong iki nyang Rika. Kepingine Isun arep ngomong langsung nyang Rika. Isun ngerti Rika sing welas nyang Isun kerana Rika dhemen ambi Rantika. Sedurunge Rika getun ring dina mburian, njaluk tulung timbangan maning welasisun nyang Rika. Isun weruh Rantika iku sapa lan kelendi. Taping Isun emong mbuka wadine Rantika nyang Rika.”

“Kang, Isun mung kepingin Rika aja sampik kejelomprong. Isun weruh, Rika lan keluwaranrika iku wong apik. Isun sing tega kadhung mbisuk Rika pungkasane nyandhang wirang kerana rasa dhemen Rika hang salah panggonan.”

“Isun duwe penjuluk nyang Rika, tampanen welas Isun nyang Rika. Endane tah masiya mung sak cuwil, sing ana panggonan ring atinrika kanggo welas Isun hang sak werane segara iki. Lamaren Isun kang, sedurunge atinisun iki sun sendhekaken nyang wong liya. Aja sampik dhemene Rantika hang sing sepira ngalingi welas Isun nyang Rika hang sing ana kira.”

Hang sing tau pungkas welas nyang Rika

“SURYANI”

Jakpar maca surat teka Suryani. Iyane mung mesem, dianggep surat teka Suryani iku mung abane lare wadon edan hang dhemen-dhemen dhewek. Kerenteg atine Suryani hang ditulis ring surat iku sing direken blas. Diwejek-wejek surat iku ring ngarepe emake aju dibuyang ring ngisor sikile emake. Surat iku mula dititipaken Suryani nyang emake Jakpar.

“Apuwa surate Suryani Sira wejek-wejek Lik?” takone emake Jakpar.

“Lare sing duwe isin, Mak,” jawabe Jakpar ambi melengos.

“Sing duwe isin kelendi Lik?” takone emake maning.

“Wacanen dhewek surate Suryani, Mak!”

Emake Jakpar njuwut surat hang ana ring parek sikile. Dibukak lan diwaca maning surat hang wis lungset iku. Mari maca, dilepit maning surat iku aju dilebokaken maning nyang amplope hang gemelethak ring meja.

“Lik Jakpar, reganana tah atine Suryani,” emake ngelus pundhake Jakpar.

“Diregani kelendi. Kan wis weruh Isun sing dhemen nyang iyane,” saure Jakpar.

“Iya, tapping Sira durung weruh yara Rantika hang sak benere.”

“Rika percaya nyang omongane Suryani, Mak,” Jakpar mbantah.

“Iya, Isun weruh Rantika iku sapa. Engko tah Sira getun.”

“Uwis Mak aja milu-milu ngurusi Isun.” Jakpar langsung metu ninggalaken emake.

Emake mung metek dhadhane nyawang anake hang sing keneng diilingaken iku. Digawa melebu surat teka Suryani mau. Saktemene emake Jakpar wis weruh dhewek nyang tingkah polahe Rantika hang didhemeni anake iku. Wis sing kurang-kurang iyane marahi anak lanange iku, tapping sing tau direken. Dikirane hang diomongaken emake iku mung pitnahan teka Suryani.

Kisuke, emake Jakpar nemoni Suryani mbalekaken surate. Suryani nyampekaken terima nyang emake Jakpar kerana wis gelem nyampekaken surat iku nyang Jakpar. Emake Jakpar ya njaluk sepura nyang Suryani kerana welase ditampik anake.

“Beng, Isun sepurane hang akeh yah,” ambi nyekel tangane Suryani hang ring ngarepe.

“Mboten napa-napa, Kula ya terima,” saure Suryani.

“Hang ihlas lan sabar ya Beng.”

“Enggih,” matane Suryani ngembung iluh sing kuwat nahan tangise.

“Sepisan malih Kula nedhi sepunten nggih, serehne Kang Jakpar mboten nerami kula. Kula nggih nedhi ihlasndhika,” abane Suryani maning.

“Maksudira paran, Beng?”

“Minggu ngarep Kula ajeng dilamar tiyang,” tangise Suryani pecah.

“Iya wis Beng, muga Sira nemu jodho hang bener lan urip seneng.”

Emake Jakpar langsung pamit mulih. Iyane sing tega nuli Suryani hang nangis iku. Ring jero atine, iyane kepingin nangis mergane sing bisa nggathukaken Suryani nyang anake. Iyane welas nyang Suryani, tapping anake wis ketutup atine. Emake Jakpar melaku

mulih ambi nggawa rasa ngersula. Ngersula nyang anake hang uwis ketutup atine kanggo nampa welase Suryani. Kerana anake, saikine Suryani arep nampa lamarane wong liya.

Liya dina kurang seminggu Suryani arep dadi penganten, Jakpar metu ambi kancane nyang kutha. Sing disangka, ring kutha iyane kecaruk ambi Rantika nggandheng wong liya maning. Kaya disamber geludhug, atine Jakpar kobongan. Iyane buru percaya kerana wis weruh dhewek Rantika wis ngeliya. Welase nyang iyane mung apus-apusan.

Kelendi maning, iyane wis kadhung ngelepeh. Sing kira arep ngeleg maning idu hang wis dilepeh dhewek. Arep balik nerima welase Suryani ya sing kira. Bengi iki Suryani wis akad nikah dadi penganten lungguh bareng ring kuwade ambi wong lanang hang gelem nambani atine hang cuwil. Perihe atine wis keli milu miline banyu udan.

Udan hang cicir ring bengi iku durung katon arep mandheg. Suwarane geludhug magih ngampar-ngampar ring awang-uwung. Rasane kariya sintru, suwarane derese udan nambahi sunute wayah kaya sunute atine Jakpar. Ring lawangan, iyane ngadeg semendhe dhewek nyawang cicire banyu udan hang sing ana mandhege. Atine tatu, perih ngalahi perihe keneng latu.

“Dhuh kari gedigi rasane wong kelangan.”

Tangane Jakpar dipenthung-penthungaken nyang sakane lawang. Buru saiki kerasa, perihe ditinggal uwong hang diwelasi. Suryani, saiki wis disandhing wong lanang liya. Dudu merga Suryani sing welas nyang Jakpar. Taping salahe Jakpar dhewek hang sing ngereken nyang welase Suryani hang saktulus atine.

Iyane kepincut ambi ayune lare wadon hang jare dhemen nyang iyane, taping durung karuwan welase. Sing weruha Rantika hang iyane belan-belani pungkase mung sulaya bain kerana kepilu nyang lare lanang hang lebih teka iyane. Jare paribasan, ndayani uceng kelangan deleg. Saikine Suryani sing nyandhing, Rantika ya sing bisa disandhing.

“Kasep Sira getun Lik,” abane emake teka mburine.

“Isun welas nyang Suryani, Mak,” saute Jakpar ambi gemeter.

“Buru kerasa Sira, sakat sore-sore atinira nyang endi?” emake rada nyamah.

“Iya Mak, Isun rumangsa saiki.” Jakpar mangkat mesesegen sing bisa nangis.

“Iku ulih-ulihe sing nurut omongane wong tuwek.”

Emake ninggalaken Jakpar hang magih ngadeg ring ngarep lawang. Ring kadohan kana, lamat-lamat suwarane gendhing teka umahe Suryani rungu nyang kupinge Jakpar. Dina iki, Suryani dadi penganten. Abane gendhing teka iwuhe Suryani saya ngiris-iris atine Jakpar hang wis kadhung tatu. Mungane sak ulan sedurunge Suryani dilamar uwong, iyane gelem nyanggupi penjaluke Suryani, nawi bain bengi iki iyane hang semandhing ring kuwade ambi Suryani.

Aleya waktu iku Suryani wis njaluk nyang Jakpar kon ngelamar iyane. Taping Jakpar nulak terang-terangan, kerana jare iyane sing duwe rasa welas nyang Suryani. Dhuh getun wis kari getune, susah ya wis kari susahe. Digetunana ya sing kira arep balika, disusahana ya sing kira arep mara. Wis kelajut kembang dipethik wong liya.

JARUMAN

Serngenge buru meledhung ring bucu wetan. Akim lan Holik lungguh ring pinggire ril sepur madhep ngetan ambi nyawang lakune serngenge hang mungguh edheng-edheng. Angger dina pereiyen, mari subuh lare loro iku mesti melaku-melaku golet angin ring dalam sepur wetan kumpungan. Sing sithik lare lanang wadon hang seliweran ngalor ngidul melaku ring dalam sepur iku. Ana hang dhewekan lan ana hang keloronan gandhengan ambi dhemenane.

Akim ambi Holik mula kanca tor. Nang endi bain mesthi keloronan sing keneng dipisah kaya segara ambi uyah. Amba nyered udud eceran, lare loro gesah lungguh ring ril sepur. Serang enake gesah ambi ududan, sing kathik ngereken wong-wong hang seliweran ring ngarepe.

"Lik... liya dina Isun arep njaluk tulung nang Rika," abane Akim.

"Arep njaluk tulung paran Kim?" saute Holik.

"Anu..." Akim sing nerusaken omonge. "Titip surat," ucape Akim ambi rada isin.

"Surat paran? Surat lamaran megawetah?" Holik balik takon.

"Kaya sing ngerti Rika Lik. Ya surat cinta, kanggo Suliyah," Akim nerangaken.

"Yeh.. iya wis engko bengi Isun nang umah Rika, njuwut surate," Holik nyanggupi.

Sunare serngenge wis kerasa mangkat nyenget ring kulit. Akim ambi Holik ngadeg aju melaku balik mulih. Sedawane dalam Holik kepikiran, sing weruha Akim ya ngesir pisan nang Suliyah. Alae Holik ya wis sakat bengen nduwe ati nang Suliyah, tapung durung kewetu omong nang Suliyah. Atine bingung kudu kelendi, arep dieculaken iyane wis kadhung dhemen nang Suliyah.

Mari isak, Holik melaku nang umahe Akim hang adohe kira-kira satus meter. Ring ngarep umahe, Akim wis ngenteni Holik ambi nyekel amplop kelir kuning ring tangan tengene. Wangune Akim wis sing serantan ngenteni Holik hang dhikongkon ngeteraken surate nang Suliyah.

"Byek kari suwi Rika Lik," abane Akim mapag Holik ring ngarep umahe.

"Jeh, kari sing serantanan Rika, madak arep ilang Suliyah iku," semature Holik.

"Enyak wis gancang wakena surat iki nang Suliyah," kongkone Akim.

Holik nyandhak surat hang diwakaken Akim nang iyane aju melaku nang umahe Suliyah. Atine Holik kerasa cupar nyawang surate Akim kanggo Suliyah. Surat iku dilepit dilebokaken nang njeru sak celanane. Sing suwi, Holik wis gadug umahe Suliyah.

"Assalamualaikum, Sul.. Sul..." Holik uluk salam lan nyeluk Suliyah.

"Walaikumsalam, kok dhewekan. Biyasahe keloronan ambi Akim," semature Suliyah.

"Iya... Akim sing milu," omonge Holik.

"Lungguha.. Isun nak gawe wedang sulung," Suliyah pamit melebu pawon.

Holik ambi Suliyah gesah keloronan ring bale. Gesahe katon enak kerana mula kancaan sakat bengen. Surate Akim kanggo Suliyah mula neja sing diuwakaken ring Holik, mergane Holik ya kesengsem pisan nang Suliyah. Kadhung dideleng, Suliyah padha-padha nyimpen rasa welas nang Akim ambi Holik taping iyane magih repot milih salah sijine karana karo-karone durung ana hang ngomong.

"Sul... setemene Isun merene iki ana hang arep sun omongaken," ucape Holik.

"Nak ngomong paran Rika, Lik?" takone Suliyah neges.

"Ngomongaken perasaane atinisun Sul. Sak temene Isun dhemen nang Rika," bisike Holik.

"Sing salah perungon tah Isun?" Suliyah kaget setengah sing percaya.

"Temenan Sul, Isun dhemen nang Rika, kelendi Rika gelem nerima?"

"Iya..." semature Suliyah ambi mesem-mesem.

Bengi wis tambah dalu, Holik pamitan mulih nang Suliyah. Atine Holik dhemen sing kakaruwan mergane welase ditampa. Gancang-gancang iyane nyang umahe Akim hang sakat mau nggenteni kabar teka Iyane. Maning-maning Akim wis nggenteni Holik nang ngarep umahe. Holik sakkal mara lungguh ring sandhinge Akim.

"Kelendi Lik, surate wis diwakaken Suliyah?" takone Akim sing serantan.

"Aja kuwatir, surate wis ditampa. Rika kari nggenteni balesane," omonge Holik enteng.

"Iya wis Isun terima hang akeh ya." Akim nyalami tangane Holik.

"Suliyah wis Sun warah dhung mbales surat Rika kon nitipaken Isun," Holik nyenengaken atine Akim.

Pirang-pirangane dina lan minggu wis kelakon. Akim nganten-nganteni surat balesan teka Suliyah tapping sing ana. Atine Akim bingung nggenteni pasthi welase diterima tah using. Iyane sing ngerti dhung surat iku sing gadug nang Suliyah. Suliyah sing weruh dhung Akim dhemen nang iyane, mergane Holik hang didadekaen jaruman ring Akim malah dhemen dhewek nang Suliyah.

Angger dina Akim takon balesane nang Holik, mesthi dijawab durung dibales. Sing entek atine Akim ulihe takon tapping durung ana jawabane.

"Lik.. kelendi sampik saiki suratisun durung dibales?" takone Akim.

"Yaiku, angger Sun tagok jawabe magih durung kober yah," semauwe Holik.

"Wis Rika wakaken temenan kan surate?" Akim takon maning.

"Uwis, acake Rika kirima maning nawi aju dibales." kongkone Holik.

Akim nuruti omonge Holik gawe surat maning nang Suliyah. Surat iku dititipaken nang Holik hang dipercaya. Taping kelendi maning, masiya kirim surat ping pira bain sing kira gadug nang tangane Suliyah. Surate Akim mung dideleh ring ngisor kasure Holik. Kelendi arep dibales, surate bain sing tau ditampa lan diwaca. Suwisuwi Holik sing betah ditakoni thok ring Akim.

"Dung gedigi thok, Isun sing ayam ditakoni terus ring Akim," ucape Holik ring jeru ati. "Hang enak Sun bales dhewek bain surate makene atine Akim lega," pikire Holik.

Sing kathik mikir dawa maning, Holik nggawe surat balesan kanggo Akim. Kaya-kaya surat iku balesane Suliyah nang Akim. Isi surat iku ngomong dhung sakbenere Suliyah sing duwe rasa dhemen nang Akim. Iki dilakoni Holik mergane iyane wis dhemenan ambi Suliyah.

“Sepurane Kim, dudu Isun ngerebut dhemenanrika. Salah Rika sing gelem ngomong dhewek nang Suliyah,” Holik ngucap maning ring jero atine. “Kelendi maning, Isun ya dhemen pisan nang Suliyah,” ucape Holik maning ring jeru atine.

Agage Holik melaku nyang umahe Akim nggawa surat hang ditulis dhewek arep diwakaken nang Akim. Surat hang sakbenere dudu tulisan lan isi atine Suliyah. Surat kanggo ngelegakaken atine kancane makene sing takon-takon terus.

“Iki surat teka Suliyah, buru dibales,” Holik ngelungkaken surat nang Akim.

Sing kathik ngomong, Akim langsung mbukak surat iku lan maca isine. Matane Akim katon ngembung iluh weruh isine surat balesan iku. Iyane sing percaya kadhung Suliyah sing nampa welase. Lambene gemeter sing sanggup maca surat iku.

“Kelendi Kim balesane Suliyah?” Holik api-api takon.

“Suliyah sing nerima welasisun, jare iyane wis nduwe wong liya,” suwarane Akim serak.

“Sedurunge Isun njaluk sepura hang gedhi nang Rika yah. Sakbenere hang dimaksud wong liya nang Suliyah iku Isun Kim,” omonge Holik ngagetaken Akim.

Rungu ucape Holik, atine Akim kaya disamber geludhug ring wayah raina hang panas jemethet. Sing disangka kanca tore dhewek hang dadi alangan welase nang Suliyah. Atine Akim ancur tanpa kira. Akim ninggalaken Holik hang magih lungguh nggetuni paran hang wis kedaden antarane iyane, Akim lan Suliyah.

**Kudhung luwas ring toko perliman
Dienggo kipas jaitane suwek
Kadhung welas aja nganggo jaruman
Engko tuwas didhemeni dhewek**

LINTRIK

*“Dipanasi diudani, arep mampir nana kelasane.
Diwelasi dikedani, hang dipikir nana rumangsane”.*

Sahek magih cengeng sing ana abane nyawang surat hang dicekel ring tangane. Surat balesan teka Alimah hang dititipaken nyang Serad. Diwaca bolak-balik ring njero atine surat hang mung sak lempir iku. Sahek magih sing nerima nyang isine surat balesan iku. Iyane sing percaya kadhung Alimah hang semono lawase runtang-runtung nyang iyane, kari-kari sing nampa welase. Bangkel, isin wis uled dadi siji ring jero atine. Diwejek-wejek kertas saklempir iku aju diuncalaken nyang jero uwangan.

Serad hang sakat mau meneng bain lungguh ring sandhinge, kaget weruh Sahek mbalangaken surat hang mari diwejek-ejek iku. Dijuwut maning kertas hang wis lungset iku aju dibukak lan diwaca ambi Serad. Serad thingel-thingel maca isine surat balesan teka Alimah kanggo Sahek.

“Tenang Lik, aja kuwatir Rika,” Serad nabok boyoke Sahek hang magih cengeng.

“Tenang kelendi Rika iki, atinisun bangkel, Lik,” saure Sahek rada mampang.

“Halah, barang gedhigu belaka kari dipikir nemen-nemen,” omonge Serad nana pecake.

“Atinisun lara, welasisun ditampik gedigi iki,” semaure Sahek ambi nyekel dhadhane.

Serad mung mesem gemuyu bain rungu omongane kancane iku. Dielus-elus pundhake Sahek hang magih katon mampang iku.

“Rika dhemen temenan tah nyang Alimah iku?” takone Serad ngagetaken Sahek.

“Sing dhemena iku sampik sunbelani nuruti kabeh penjaluke,” abane Sahek.

“Ya masa gedigune, yara keneng diakali kelendi carane makene bisa dhemen.”

“Maksud Rika?” Sahek sing ngerti nyang omonge Serad.

“Kari nanging Rika, gelem tah using,” Serad tambah nggawe atine Sahek bingung.

Sahek magih bingung mikir durung kecandhak nyang kekarepane Serad. Pikirane wis ngelu welase ditampik Alimah, aju tambah maning mikir omongane Serad hang iyane sing ngerti paran karepe. Sahek ngadeg aju njangkah melebu nyang umahe ninggalaken Serad hang magih lungguh ring ngarep umahe.

Serad telikas nututi melebu. Dicandhak tangane Sahek hang gupuh arep melebu nyang kamare.

“Sulungtah, Lik,” Sahek ngendhegaken lakune Sahek.

“Ana paran maning Lik, Isun ngelu,” Sahek ngeculaken cekelan tangane Serad.

“Ayok nyang umahe Bik Rusiyati,” Serad bisik-bisik nyang Sahek.

“Hang tukang lintrik lore pasar sapi iku?” saure Sahek ambi rada mberejag.

“Iyok, Alimah dilintrik bain makene kedanan nyang Rika Lik,” suwarane sing wani anter.

Rada suwi wong loro sing ana abane. Sahek meneng nimbang-nimbang ajakane Serad arep ngelintrikaken Alimah. Atine Sahek magih mamang antarane iyatah using. Arep sing gelem iyane wis kadhung welas lan bangkel welase ditampik. Arep ngiyani ajakane Serad taping atine magih ana rasa wedi. Serad magih ngadeg nganteni jawabane Sahek, iyane ngerti kadhung kancane iku magih mikir nyang ajakane arep nyang tukang lintrik.

“Kelendi Lik, Rika gelem tah using,” Serad ngagetaken.

“Iya wis ayok, Alimah iku makene weruh rasane wong kedanan iku kelendi,” saure Sahek.

“Rika duwe potreke Alimah kan, ambi potrerika dhewek?” takone Serad.

“Kadhung potrek, Isun duwe, aju paran maning hang digawa?”
Sahek balik takon.

“Menyan cap sepur, kembang telon ambi kembang kanthil,”
saure Serad.

“Ayok wis gancang.” Sahek wis sing serantan.

Lare loro sak kancaan iku metu teka umah numpak sepidhah
montor nyang Gurit tuku kembang telon ambi kembang kanthil. Sing
lali mandheg sedhela ring tokone Man Jono tuku menyan madu cap
sepur sak bungkus.

Kabeh sarat hang diomongaken Serad wis cukup. Wangune
atine Sahek wis rada ayem lan seneng. Sepidhah montor ditumpaki
melayu mbobos ngeliwati dalanan cilik ring kebon-kebonan lore
tapsiun Rogojampi nuju nyang umahe Bik Rusiyati ring mburine pasar
sapi.

Sing sepira suwi, lare keloronan wis gadug ngarepe umahe Bik
Rus. Umah gedheg hang sing sepira gedhi taping katon rijig lan apik.
Lawange magih tutupan. Serad mudhun teka sepidhah merek nyang
lawangan. Sahek magih lungguh ring dhuwur sepidhahe.

“Bik.. Bik Rus...” Serad celuk-celuk ambi nothok lawang.

“Iyook...” suarane bik Rus semaur teka jero.

Serad magih ngadeg ring ngarep lawangan ngenteni Bik Rus.
Sing suwi lawang mbukak, rupane Bik Rus ngaton ring lawangan.

“Eh Sira lik... melebuwa,” Bik Rus ngongkon Serad melebu.

“He.. meriniya,” tangane ngawe Sahek hang magih lungguh
ring sepidhahe.

Agage Sahek mudhun teka sepidhah nututi Serad hang wis
melebu nyang umahe Bik Rus. Serad ambi Sahek lungguh jejer ring
gelaran kelasa. Umahe mula nyeja sing didelehi kursi.

“Ana paran lik?” Bik Rus mbuka omongan.

“Anu Bik, kancanisun iki arep njaluk tulung,” Serad nyekel
pundhake Sahek.

“Njaluk tulung paran yuuh?” Bik Rus neges.

“Kula ditampik ambi lare wadon hang kula dhemeni,” abane Sahek ambi rada gemeter.

“Kepenginira kelendi?” takone bik Rus maning.

“Larene damelen bingung lan kedanan nyang Kula,” jaluke Sahek.

“Gampang iku, sarate paran bain yara wis diduduhi ring Serad,” Bik Rus takon sarate.

“Nggih,” Sahek manthuk.

Sahek ngetokaken sarat-sarat hang ditakokaken Bik Rus teka kerecek cemeng hang dicekel ring tangan kiwane. Kembang telon, kembang kanthil, menyan cap sepur lan potrek. Kabeh sarat iku mau diwakaken nyang bik Rus. Bik Rus langsung nyandhak potreke Alimah aju disawang.

“Ayu temenan Lik, pantes bain Sira kedanan,” ambi ndeleh potreke Alimah ring kelasa.

Bik Rus mbukak kanthong cilik ring sandhinge. Dietokaken kartu lintrik teka kanthonge. Cangkeme cemit-cemit maca japa mantra aju kartu lintrike diucut bolak-balik. Mari diucut aju kartu didudut siji-siji lan ditap ring duwure kelasa. Sahek ambi Serad meneng ambi ndeleng Bik Rus nguthak-athik kartu lintrik ring ngarepe.

Siji-siji kartu hang ditap kewalik iku dibuka ambi njelasaken nyang Sahek paran artine kartu hang metu iku. Sahek mung manthuk-manthuk bain ngerungokaken paran hang dijelasaken Bik Rus.

“Wis Lik, antenana telung dina yah,” abane bik Rus.

Bik Rus njuwut kabeh sarat hang digawa Sahek melebu nyang jero umahe. Sahek ambi Serad nganten ring bale. Rada suwi, Bik Rus metu maning nggawa potreke Alimah ambi menyan.

“Iki menyane gerusen hang alus aju semburna ring dalane Alimah biyasa liwat. Potreke iki angger arep turu delehen ring ngisore bantalira. Aja lali ambi diambat arane ya Lik,” Bik Rus njelasaken paran hang kudu dilakoni Sahek.

“Nggih, Bik.” Sahek nyanggupi.

“Iya wis, engko Isun nulungi nandangi teka kene,” Bik Rus ngomong maning.

“Terima Bik.” Sahek nyalami bik Rus ambi nyelipaken amplop nyang tangane.

Sahek ambi Serad pamit mulih. Atine Sahek seru sing serantan ngenteni telung dina hang dijanjeni Bik Rus. Telung dina wis gadug, abete lintrike Bik Rus ana asile. Alimah atine uyang kaya godhong keterak angin gelibegan kudu-kudu kecaruk Sahek.

Dina-dina sakteruse, sing raina lan sing bengi Alimah jenek umahe Sahek sampik latare kaya sing kathik nyapu. Atine Sahek wis seneng temenan mergane Alimah saiki wis kentelan nyang iyane. Nyang endi bain runtang-runtung sing keneng dipethot jangget kaya jajan kethot.

KESILURAN

Pelajaran olah raga wis mari. Lare-lare padha bubar, ana hang nyang cedhing, nyang kantin sekolahan lan balik nyang kelas maning. Isun magih ngeringkesi tembung voli hang mau dienggo olah raga aju sun gawa nyang gudhang. Ring tengahe lakon, Komar nyeluk Isun teka kadohan. Iyane katon gupuh marani Isun. Ring tangane nyekel amplop kelir biru. Isun mandeg nggenteni Komar hang mara nyang Isun.

“Sat, Isun titip surat iki yah. Engko wakaken Anita,” tangane nyelempitaken surat nyang sake triningisun.

“Anita sapa Mar?” Isun magih durung weruh nyang lare hang lyane tuju.

“Engko bain Sun duduhi.” Komar langsung agage melayu balik maning nyang kelase.

Isun nerusaken melaku nyang gudhang mbalekaken tembung. Sakmarine teka gudhang, Isun balik nyang kelas. Isun ambi Komar saiki wis bida kelas. Magih kelas 1, iyane sak kelas lan sebangku ambi isun. Sun dudut amplop biru teka ring sak.

“Kanggo Anita”, ring ngarep ana tulisane. Isun magih sing ngerti Anita hang endi. Amplop kelir biru iku sun lebokaken nyang jero tas aju sun tinggal metu nyang cedhing arep salin kelambi seragam maning.

Ambi melaku, sun ngelirik nyang kelase Komar hang jejer ambi kelasipun. Iyane magih diwulang pelajaran matematika. Kurang 15 menit engkas wayahe ngaso. Abete lyane mau metu teka kelas alasan arep nyang cedhing. Pikirisun apuwa sing pas ngaso bain nitip surat nyang isun. Kari sing serantan temenan.

Jam 09.45, abane bel sekolahan muni ping pindho tandhane wayahe ngaso. Isun lungguh ring bangku ngarepe kelas nyeja nggenteni Komar metu teka kelase. Sing kari suwi, Komar metu lan

langsung bain mara nyang isun. Iyane wis ngerti kadhung isun ngenteni iyane. Agage iyane lungguh ring sandhingisun.

“Engko wakena temenan yah surate.” Komar ngilingaken isun maning.

“Sulungtah, hang Rika maksud iku Anita sapa sih?” Isun magih sing ngerti.

“Iku yah, Anita adhik kelase kene hang biyasa mulih bareng Rika,” ambi nabok lengenisun.

“Owh... Anita kancane Yuli ambi Nining iku tah?” Isun wis ngerti sapa hang dimaksud.

“Byek Isun ngesir nyang lare iku,” sing kathik isin iyane nduduhaken perasaane.

“Iya wis engko sun wakaken,” sun sanggupi penjaluke Komar.

Mari gesah sedhilut, Komar ngejak isun nyang perpustakaan sekolah. Ring jero perpustakaan Isun ambi Komar nerusaken gesahe mau. *Perpus* mula enak dienggo gesah, kadhung ring kantin mesti bain rame sing bisa gesah enak. Komar sun teges, kelendhi kawite sampek iyane duwe rasa dhemen ambi Anita. Iyane cerita kerana saben dina mulih bareng.

“Apuwa Rika gok milih Anita Lik, sing Yuli bain?” Isun mara-mara takon nguweni pilihan.

“Uwis, pokoke atinisun sir nyang Anita.” Iyane sing keneng dibilukaken.

Anita kulite putih, Yuli kulite sing kari putih taping manis lan matane katon landhep. Isun mula sing nguweni pilihan Nining, mergane lare siji iki wis duwe dhemenan. Hang pasti lare telu adhik kelasipun iku katon padha ayune. Bel sekolahan wis muni maning. Isun ambi Komar agage metu teka perpus nuju nyang kelase dhewek-dhewek. Atinisun magih mamang, bener tah Komar iku sir nyang Anita. Polahe hang anter dijak gesah ambi mulih iku Yuli. Endane gesah ambi Yuli saking enggo alasan parek nyang Anita, pikiripun.

Pas Jam 1, bel sekolahan muni ping telu. Murid-murid Madrasah Aliyah padha buyar mulih. Sing kathik semayanan, isun, Komar, Yuli, Anita, Nining lan kanca liyane mulih bareng. Kabeh ndharat teka sekolahan nyang panggonane nyegat montor *colt*. Ambi melaku padha gesah turut dalan. Sing kathik diperintah, Komar langsung bain nyerendhel milu gesah ambi adhik kelas mau. Isun gesah ambi kanca liyane ngetutaken ring mburine.

Panase serngenge hang jemethet sing dirasakaken. Saben dina, melaku ndharat hang adohe sekilo. Kesele awak sing dirasakaken, hang ana ring pikiran agage gadhug panggonan nyegat *colt*. Ring kana wis ana hang ngenteni, es combor dodolane Man Nok. Gadug kana lare-lare padha tuku es. Isun ngadeg ring terotowar ambi ngombe es. Komar mara maning nyang isun ambi nyekel es combor sak gelas ring tangane.

“Aja lali yah.” Iyane ngilingaken maning.

“Iya, iya. Engko Sun wakaken ring jeru montor bain,” sauripun.

“Sip.” Komar ngacungaken jempole.

Montor *colt* wis teka, lare-lare padha melebu nyang jeru montor. Sak montor isine mung lare sekolah Aliyah kabeh. Sing ring dalan sing ning jero montor, lare-lare ya tetep bain padha gesah maning. Embuh tah wis hang digesahaken iku kadhang sing ana juntrungane.

Serang ketungkul gesah ngalor ngidul Isun lali nguwakaken surat titipane Komar kanggo Anita. Serta wis mudhun isun buru iling kadhung isun ditipti surat ring Komar. Sun pikir kisuk bain wis sun wakaken, magiya ya saben dina kecaruk.

Dina Sabtu, isun kecaruk maning ambi Komar ring sekolahan. Sun sawang Iyane kari seru kepingin weruh surate wis sun wakaken tah durung.

“Wis Rika wakaken surate?” langsung bain Iyane takon.

“Sepurane yah, sore Isun lali ketungkul guyon.” Isun rada sing enak nyang Komar.

“Duuh... gedigu agh,” suwarane Komar rada susah.

“Uwis tah engko Sunwakaken, aja kuwatir,” semaurisun maning.

Isun ambi Komar gesah liya ngomongaken ulangan engko. Kelas isun ambi Komar padha-padha ana jadwal ulangan matematika. Sun buka-buka buku cathetan matematika nggo ulangan engko. Semono uga Komar, iyane seru temene maca cathetane. Kadhang ya takon nyang isun kadhung ana hang sing paham.

Wayah mulih sekolah wis teka. Ring dalan, Komar sing leren-leren ngilingaken isun bab surat kanggo Anita. Isun iling nyang mamange atinisin apatah Komar iki temenan dhemen nyang Anita.

“Lik, Isun nak takon nyang Rika. Bener tah hang Rika sir iku Anita?”

“Iyok, kelendi sih gok Rika mara-mara takon gedhigu. Rika sir pisan tah?” takone Komar.

“Using lik, Isun mamang nyang Rika iku. Aja-aja Rika luput,” saurisen.

“Luput kelendi?” Komar saya bingung.

“Acak dudingen antarane lare loro iku hang Rika sir,” kongkonisun nyang Komar.

Komar langsung nduding salah siji antarane Anita ambi Yuli hang melaku noring ngarep. Isun langsung gemuyu kepingkel-pingkel sing keneng diendhegaken. Komar bingung nyang polahisun hang nana samparane mara-mara gemuyu kepingkel-pingkel.

“Apuwa Rika gemuyu Sat?” Komar takon nyang isun.

“Luput Lik, Rika iku kesiluran,” omongisun ambi gemuyu sing mari-mari.

“Kesiluran kelendi maksudrika?” Iyane tambah bingung sing karuan.

“Hang Rika tuding iku mau arane Yuli, dudu Anita,” ambi sun sundhungaken awake Komar.

“Iyatah Sat?” Komar ngendhegaken lakune ambi cengeng nuluh Yuli.

“Kelendi, surat iki pacatah sun wakaken Anita?” sun kipas-
kipasaken surat ring tanganisun.

“Aja kathik..!” tangane langsung njeragut surat teka tanganisun
aju dilebokaken nyang tase.

Turut dalan, Komar sing leren-leren ulihe getun. Iyane sing
nyana kadhung hang didhemeni iku Yuli dudu Anita. Rasane
wetengisun sampik kariya mules ulihe ngguyu Komar. Ya emanetah
surat iku mau durung sun wakaken nyang Anita. Mungane yara paca
kesiluran dhemenane. Jare isun sandhal bain bisa kesiluran.
Temakena dhemenan ya bisa meh kesiluran, yara aju kelendi?

MAWAR KANGGO AINI

*“Semebrung ganda wangi kembang
Hang semembur ning lemah iki,
Nyerambahi pedhute ati
Hang wis sing bisa njerit
Nyebut aranrika hang sun welasi”*

Sun sawang aran hang kaukir ring paesan. “Aini” perawan hang buru cemanthol ring ati, saiki wis kari aran. Getunisun sing mari-mari, gok seru gelise ninggalaken awakipun selawase. Iluh magih mberebes ngepusi pipi lan lemah kuburan ring ngarepisun. Ambune kembang kirim nambahi susahe atinipun hang kelangan. Aini, kanca memengan hang meneng-meneng nyidhem welas nang isun saiki wis sing ana ring donya.

“Aja Rika tangisi, lilakena Aini makene tentrem,” bisike Seto teka mburinisun.

Isun sing kuwat arep nyauri Seto hang ngadeg ring mburinisun. Isun mung bisa mesesegen nangisi Aini. Buru saiki getunisun keliwat-liwat rasane. Getun ditinggal Aini lan getun gok bengen isun sing ngereken nyang welase hang seru jerune nyang isun. Apuwa isun gok nguber welase lare hang durung karuwan.

Kuburan wis sepi, mung kari Seto hang ngancani isun. Tanganipun magih ngusuki paesane Aini hang dikudhungi payung cemeng.

“Ayo mulih, nawi aju udan.” Seto nabok pundhakipun. Isun magih ngogrok.

“Sulung, Isun magih kepingin ngancani Aini,” sauripun ambi mesesegen.

“Aini sing butuh kanca, hang penting donganrika.”

Isun rasane magih abot arep ngadeg. Awak rasane lisuh kaya sing duwe daya. Tangane Seto narik lengenipun makene agage

ngadeg. Awak rasane lipruk sing kuwat ngadeg jejeg. Seto mapah awakipun njangkah ninggalaken kuburane Aini.

“Uwis, Aini saiki wis ayem ring kana,” bisike Seto ring kupingipun.

“Isun getun, bengen gok sing ngereken nyang welase.”

“Sing usah Rika getuni, iki wis mula pesthine.”

Udan wis mangkat cicir. Donya kaya-kaya milu nangisi Aini hang mulih nyang ngarsane Gusti Hang Maha Kuwasa. Ati saya pedhut, sing nerima kadhung Aini saiki wis ilang selawase. Sing sun reken banyu udan ngepusi awakipun. Seto magih tetep ngancani isun mulih.

“Ayo hang gancang melakune, kadhung kesuwen keneng udan engko malah kadheman.”

Seto narik awakipun hang magih lisuh. Sakliyané Aini, Seto kancanipun memengan sakat cilik. Isun ambi Seto wis kaya dulur kandhung. Sing kerasa wis gadug ngarepe umah.

“Gus, Isun mulih sulung ya. Engko mari salin Isun merene maning.” Seto pamit.

“Iya, kancanana Isun yah, saiki uripipun rasane sintru.”

“Aja kuwatir, hang aran kanca ya kudu ngerti lah.” Seto njangkah ninggalaken isun ring ngarep umah.

Agage isun melebu umah liwat mburi njujug melebu nyang cedhing ring pawon. Sun siram awakipun hang kepus keneng banyu udan. Awak gemigil, sing kuwat ngerasakaken adhem.

“Ainiii.....” Isun mara-mara mberak sak antere nyeluk aran Aini.

Mata nyawang rasane peteng, isun sing bisa nuluh paran-paran maning. Sing kerasa awak tiba ngelimbruk ring cedhing.

“Gus, Bagus tangiya.” Lamat-lamat isun rungu suwara nyeluk aranisun.

“Isun nang endi iki?” matanipun magih rada raweng.

“Ring kamar, jare apakrika, Rika mau semaput ring cedhing.”

“Aini mau endi To, sing milu merene ambi Rika tah?”

“Enget Gus, enget.. Aini wis ninggalaken Isun lan Rika selawase.” Seto ngethem tanganipun.

“Ya Allah...”

Tangisisun bencha maning sing keneng dibendhung. Sun peluk Seto sak kuwate. Seto napuk-napuk pundhakisun.

“Wis menenga aja nangis digu, sekaken Aini.”

“Isun sing kuwat To,” tangisisun saya anter.

“Uwistah menenga, Isun arep nyampekaken penjaluke Aini nyang Rika.”

Sun eculaken pelukanisun nyang Seto. Sun usap-usap iluhisun hang mili ring pipi. Sun cobak ngendhegaken tangis iki sak bisane. Sun dhem-dhemi susahe ati iki.

“Uwis To, ngomonga nyang Isun paran hang dijuluk Aini.”

“Telung dina sedurunge sing ana umur, Aini mengan nyang umah. Iyane titip omongan nyang Isun kanggo Rika.” Seto ngawiti cerita.

“Terus ngomong paran bain Aini?” atinisun seru kepingin runggu.

“Aini ngomong nyang Isun, Iyane seru kepingine pas dina laire, Rika nguweni kembang mawar abang,” Seto nerusaken ceritane.

Iluh mangkat netes maning ring pipinisun. Mula pitung dina engkas dina lahire Aini. Isun kepingin nguweni iyane kadho lan arep sun ajak ngelencer nyang taman kutha. Taping wis kesulungan iyane dijuwut ambi Hang Kuwasa.

“Ana maning Gus...” Seto sing nerusaken omonge, sun sawang matane milu mberebes mili pisan. Bagus mesesegen sing bisa arep ngomong.

“Paran To? Rika gok nangis pisan, apuwa To?” tangisun saya ndadi.

“Jare Aini, kadhung iyane dipesthi sing ana umur, angger tanggal 16 April Rika kon ndeleh kembang mawar abang ring sandhing paesane.” Seto nangis tambah anter.

“Iya To, Sun sanggupi penjaluke Aini kanggo nebus kesalahanisun nyang Aini. Kisuk tepak pitung dinane ateraken Isun tuku kembang mawar abang ya,” jalukisun nyang Seto.

Persis pitung dinane, sun tekani kuburane Aini. Sing lali, Seto ngancani isun ngirim nyang kuburane Aini. Sun turuti penjaluke Aini. Sak gegem mawar abang sun sandhingaken ring paesane Aini.

“Aini... Sepurane hang akeh kadhung Isun wis tau nyulayani rasa iki nyang Rika. Getun, atinipun seru getune. Durung suwi Isun ngarumaken atinika kaya dene kembang iki, tapping Rika wis mentala ninggal isun. Muga arume kembang mawar iki, bisa nentremaken Rika ring kana. Sampik kapan bain, Rika tetep dadi kembang mawar hang merujuk ring jero atinipun.”

SERUWAL CEMENG KELAMBI CEMENG

Dina Sabtu hang dianten-anteni Sarjan wis teka. Soren iku rupane Sarjan katon seneng, sing biyasahe jam papat soren wis mari denden seru katon nggantenge. Rambute dilengani lan digaru katon kelunyum, sing lali nganggo lenga wangi disemprotaken sak awake. Wangine semebrung kaya ana jin liwat.

“Sarjan, Sira arep nyang endi Lik, kari katon berahi lan wangi?” emake takon ambi heran.

“Arep nyang umahe Suryani Mak, semayanan arep ndeleng biskop,” saure enteng.

“Jeh.. hang temenintah Sira ngomong iku Lik,” emake sing percaya.

“Iya Mak endane Isun gubab, Suryani wis dadi dhemenanisun Mak,” suwarane tegas.

“Yeheh.. ya wis dhung gedhiku, engko Sira sing dikanggokaken ring wong tuweke Suryani. Isun ngarti kelendi lagute wong tuweke,” emake ngengetaken Sarjan.

Marek magrib, Sarjan pamit nang emake melaku nyang umahe Suryani. Sedawane dalan, Sarjan gendhingan ring njeru atine. Rasa senenge sing ana hang bisa ngganteni nang senenge arep nonton biskop bareng ambi Suryani. Indahing donya wis gemelerep ring angen-angene, dhung bengi iki iyane bakal keloronan ambi kembang atine.

Sing suwi, Sarjan wis gadhug nang ngarep umahe Suryani. Mudhun teka sepidhah jengki, Sarjan ndudut garu lan kaca cilik teka sak celanane. Amba kacaan, dipecikaken maning rambute hang rada mawul keneng silire angin ring dalan. Ditata maning kelambine, aju njangkah nang ngarepe lawang umahe Suryani.

“Assalamualaikum,” Sarjan uluk salam amba nothok lawang.

“Walaikumsalam,” suwarane bapake Suryani njawab salame Sarjan amba suwara anter.

“Nggoleti sapa Sira?” Man Montro takon amba ngenekaken lawang.

“Suryani Pak, Kula dhemenane wau pun semayanan ajeng ningali biskop,” Sarjan semaur amba rada wedi.

Sing suwi Suryani metu nemoni Sarjan hang sing katik dikongkon melebu nang Man Montro. Wangune Man Montro sing dhemen dhung Suryani sirsiran ambi Sarjan. Embuh merga paran wong tuweke Suryani gething nyang Sarjan. Suryani salaman nang bapake aju pamit melaku ndeleng biskop ring lapangan.

"Pak, Kula melampah," pamite Suryani.

"Iya... taping sulung Isun arep ngomong nang Sira keloron." Man Montro ngendheg.

"Napuwa Pak?" Suryani takon nang bapake kepingin weruh.

"Isun idini cukup sepisan iki bain Sira metu ambi Sarjan," omonge Man Montro. "Lan kanggo Sira Lik Sarjan, aja maning-maning Sira teka nang umahisun. Sira sing isun ulihi ndhemeni anakisun, kerana Suryani wis Sun jodhohaken ambi wong liya," suwarane Man Montro nyelenget ring kupinge Sarjan.

Sarjan ambi Suryani melaku ninggalaken umahe nyang lapangan ndeleng biskop netepi semayane. Sak dawane dalam wong loro sing ana omonge. Atine bingung lan kebimbang nang omongane man Montro. Durung gadug panggonan ndeleng biskop, Suryani ngongkon Sarjan mandheg ring dalan.

"Kang, mandhega!" jaluke Suryani nang Sarjan.

"Apuwa Dhik mandheg, durung gadug yah," saure Sarjan.

"Rika sing kepikiran ambi omongane bapak mau tah?" takone Suryani.

"Ya kepikiran Dhik, marine kelendi maning bapakrika sing setuju iku," jawabe Sarjan.

"Taping Isun wis welas temenan ambi Rika ya Kang," omonge Suryani melas.

"Jeh Dhik... Seruwal Cemeng kelambi cemeng, dhikumbah masa kira luntura," ucape Sarjan nganggo basanan.

"Maksudrika paran kang, Isun sing paham," Suryani bingung nang omonge Sarjan.

"Maksude gedigi Dhik.. Bapak sing seneng emak sing seneng, dicegah sing kira mundura," Sarjan njelasaken artine basanane.

"Dadi kareperika kelendi kang?" Suryani takon maning.

"Serehne bapakrika sing setuju, ya Rika Isun pelayokaken Dhik," saure Sarjan.

Sarjan ambi Suryani balik ring dalan sing nerusaken niyate arep ndeleng biskop ring lapangan. Sarjan nggawa Suryani mulih nyang

umahe. Atine Sarjan wis sing keneng dibilukaken teka Suryani. Niyate arep melayokaken Suryani wis manteb ring bengi iku. Gancang-gancang Sarjan mancat sepidhahe makene gelis gadhug umahe. Semono uga Suryani, atine wis gejala sutra nang Sarjan. Iyane nurut bain paran hang dilakoni Sarjan pokoke bisa urip keloronan ambi Sarjan.

Wayah jam pitu bengi, Sarjan ambi Suryani wis gadhug umahe. Sing kathik uluk salam gage-gage Suryani diajak melebu nang jeru umah. Ring bale ana emake Sarjan gesah ambi bapake. Katone emak ambi bapake Sarjan heran gok Sarjan wis mulih ambi Suryani pisan digawa nang umahe. Durung sampek emak ambi bapake takon, Sarjan wis nyelethuk.

"Pak, Emak... iki mantunrika Sun jak mulih," ucape Sarjan tanpa duga.

"Mantunisun kelendi karepira Lik," Man Jumhar takon sing percaya.

"Iya pak, Suryani Sun pelayokaken, Isun colong, bapake sing setuju ambi isun," semauke sarjan maning enteng.

"Masyaallah Lik... sing ana udan sing ana panas, mara-mara anake uwong dicolong Sira iki," Man Jumhar thingel-thingel. "Aju Isun nak ngomong paran nyang bapake Suryani iki," Man Jumhar tambah bingung.

"Iku urusanrika Pak kelendi mupakate. Hang penting Suryani wis Sun gawa mulih," omonge Sarjan sukur mecothot.

Suryani ambi emake Sarjan mung meneng bain sing ana omonge lungguh ring bale umah. Man Jumhar magih bingung mikir kudu kelendi. Iyane bolak balik melaku nang bale umah ambi muter uteke ngerasakaken kelakoane Sarjan. Rada suwi man Jumhar mara nang Suryani hang lungguh ring kursi.

"Beng... kelendi Sira welas temenintah nyang anakisun?" takone Man Jumhar.

"Enggih Pak, Kula welas temenan mangkane Kula purun dicolong," saure Suryani.

Rungu saure Suryani pikirane Man Jumhar kelayung-layung. Iling bengene kelendi iyane dhemenan ambi emake Sarjan. Maratuwane hang saiki iki bengene sing ngawehi iyane ulih Jumanah. Tekad dhemene wis sing keneng dipenggak.

“Yaiki, hang aran kelambi cemeng seruwal cemeng dhikumbah masa luntura,” ucape Man Jumhar nong jero ati.

“Iku arane karma Kang, kelakoanrika nurun nang anakrika. Isun bengen ya Rika pelayokaken,” suwarane Bik Jumanah ngagetaken pikirane Man Jumhar hang nerawang.

“Uwis aja dipikir jeru gedhiku, gancang nyango umahe Montro kana ambi nggawaha colok,” kongkone bik Jumanah nang man Jumhar.

SEPUR PANDANWANGI

Sepur Pandan Wangi jurusan Jember Banyuwangi merangkang edheng-edheng ngeliwati ril hang bilak-biluk ring gunung Gunitir. Sun sawang teka cendhela, gerigis cicir ngepusi godhonge wit kopi hang padha ngembang. Kemeliwese angin nyelundhup teka sela-selane cendhela nggawa arume kembang kopi hang mekar. Wangine kerasa kari nentremaken ring ati. Mula nyenengaken kadhung isun menyang nunggang sepur tepak wayah kopi ngembang. Kiwa tengene ril sepur katon seru indahe. Paran maning wangine, bisa ndadekaken ati ayem.

Isun lungguh adhep-adhepan ambi dulur misan isun lanang. Dina iku isun mulih teka ngadiri nikahane dulur misan wadon hang ulih wong Jember. Ring ngarepisun, matane Ilman kaya ana hang disawang. Iyane seru temenane ulihe nyawang.

“Nulihi paran Sira kari sing kathik kethip digu Man?” takonisin.

“Hehehe... apik Kang. Kari apik Kang,” saure iyane ambi gemuyu.

“Parane hang apik?” takonisin maning.

“Lare hang lungguh ring ngarep iku Kang, kari ayu.”

Matane sing leren-leren ulihe nyawang lare hang jare ayu iku. Isun magih sing usik arep nyawang lare wadon iku. Matanisin magih dhemen nyawang indahe kembang kopi lan ngerasakaken arume hang melebu liwat cendhelane sepur. Tanganisin magih nyekel pulpen lan buku diari hang sing tau kelalen masiya isun menyang nyang endi bain. Buku diari iku, telung taun kepungkur diwani dhemenanisin tepak arep lulusan sekolah. “Astuti” aran iku durung luntur noring samak ngarepe.

“Kang, tulihentah lare iku.” Ilman ngguthit lengenisun.

“Ayu temenanth, Sira kari kayalen lan sing leren mandeng terus iku.”

“Masaalah kari sing percaya ya,” abane maning.

Isun ngadeg teka pelungguhanisin aju nuli nyang kursi ngarep. Dheg, rasane atinisin kariya semendhal sarta isun weruh lare wadon hang sakat mau diomongaken Ilman. Dudu merga ayune hang nggarahi atinisin semendhal. Sing salah maning, lare wadon iku Astuti. Dhemenanisin tepak magih sekolah bengen.

Dhadhanisun rasane ndheredheg antarane girang lan sing percaya gok bisa kecaruk ring njero sepur iki. Telung taun lawase isun sing tau weruh kabare. Sakat lulus, isun wis sing bisa nyambang maning nyang sekolahan, paran maning memengan nyang umahe. Atinisun magih mamang. Sun parani tah using, Astuti hang magih lungguh ayem ring kursine ambi mangku tase.

"Kang...!" abane Ilman ambi ngubah-ngubahaken tangane nyang ngarep matanisun hang metenggengen.

Isun mberejag kaget. Ilman mesam-mesem ring ngarepisun. Atinisun ngelayung balik nyang jaman sekolah bengen. Sepure mandheg gadug ring tapsiun Kalibaru. Atintisun durung mandheg ulihe ngenget-enget jaman semono. Saben isuk sedurunge melebu kelas, isun ambi Astuti mesthi lungguh bareng ring ngingsore uwit ketepeng. Masiya sing kathik semayanan, angger isuk isun ambi iyane langsung njujug ring panggonan iku.

Kepala tapsiun Kalibaru nyemprong selempitane. Edheng-edheng, sepur Pandan Wangi melaku nutugaken lakune. Sun tulih maning Astuti, rupane magih tetep katon ayu sing ana cacade. Perainane kalem lan murah unyik.

"Man, lare iku sirsiran isun tepak magih sekolah bengen, arane Astuti."

"Iyo tah Kang, ndane sirsiran Rika kari ayu gedigu?" Ilman sing percaya.

"Diwarah sing percaya Sira iki." Isun rada merengkal.

"Kadhung iku sirsiran Rika bengen, acake Rika wani marani tah.." Ilman nantang.

Sing kathik ngomong maning, isun ngadeg aju njangkah marani Astuti hang magih lungguh semendhe ring pareke cendhela. Ilman nulihi isun hang wis ngadeg ring sandhing kursine Astuti. Tangane nduding-nduding nyang isun.

"Astuti...?" Sun celuk arane.

Astuti nulihi nyang isun ambi nenger-nengeri isun.

"Kang Firman?" saure ambi rada njingkat.

"Magih engettah nyang Isun?"

"Iya Kang, mau emeh lali nang Rika," saure.

Isun lungguh ring kursi ngarepe Astuti hang wis sing ana uwonge. Isun bingung arep ngomong paran maning. Batinisun rasane sing kakaruwan. Sun tulih, Astuti mung mesem bain.

“Teka endi Kang?” Astuti mbukak omongan maning.

“Sempolan, mari nyambang dulur nikahan,” saurisan ambi rada gugup.

“Ohhh...”

“Rika teka endi Dhik?” Sun wanekaken takon.

“Teka kampus Kang, angger Sabtu Isun mulih nyang Kebalenan.”

Isun ambi Gesah ngalor ngidul ngenget-enget jaman magih sekolah bengen. Iya jaman sekolah SMA mula jaman hang nyenengaken. Paran maning kadhung duwe sirsiran ring sekolahan. Arep melincur bain sing duwe rasa kepingin, mergane ring sekolahan wis ana hang nganteni, sirsiran hang paling disayang.

Lakune sepur Pandan Wangi rada alon, sun sawang teka cendhela wis gadug tapsiun Singojuruh. Penumpang padha mudhun lan ana hang munggah. Astuti magih tetep lungguh ring ngarepisun sing kethip nyawangi isun. Sun lirik, matane metenggengen kaya ana hang dipikiraken. Suwarane lipri kepala tapsiun wis disemprong dawa aju dibales suwarane bel sepur. Edheng-edheng, sepur mangkat maning nerusakaken lakune.

“Kang...” Astuti nyekel tanganisun.

“Iya Dhik.”

Suwi Astuti sing nerusakaken omongane. Iyane katon abot arep ngetokaken omongan nyang isun. Semono uga isun ya mung bisa meneng sing ana ucap hang kewetu teka lambenisun. Isun temungkul, sing kuwat nyawang rupane Astuti. Tangane Astuti magih nyekel tanganisun.

“Kang, sepurane hang gedhi ya,” suwarane Astuti rada gemeter.

“Rika njaluk sepura apuwa Dhik?”

“Isun saiki wis bakalani ambi wong liya. Rika yara ngarti bengen Isun lan Rika tau sirsiran.”

“Iya wis, Isun ya wis ngarti, Rika sing usah njaluk sepura. Kabeh dudu salah Rika.”

Astuti magih nggegem tanganisun. Esem manis meledhung ring lambene. Sing kerasa sepur wis emeh gadug tapsiun Rogojampi. Edheng-edheng Astuti ngeculaken gegeman tangane. Sun sawangi gelang alit hang mancep ring deriji kiwane Astuti.

“Kelendi Kang, Rika ihlas yara kadhung Isun saiki wis duwene uwong?”

“Isun wis ihlas lan nerima Dhik, iki kabeh wis mula pesthine Hang Kuwasa.” Isun ngedhemi perasaane Astuti.

“Kesuwun ya Kang, masiya sedhela, Rika wis tau nyenengaken atinipun.”

“Padha-padha Dhik, Isun ya njaluk sepura hang gedhi nawi Isun ana salah luput nyang Rika.”

Sepur Pandan Wangi wis mandheg ring tapsiun Rogojampi. Gancang-gancang isun ngadeg teka pelungguhan arep mudhun. Isun pamitan. Astuti nggandheng tanganipun maning ngateraken isun nyang lawange sepur.

“Kang, masiya Isun lan Rika wis dhewek-dhewekan, Rika aja sampik lali nyang Isun.”

“Iya Dhik, semono uga sebalike yah.” Sun eculaken tangane Astuti hang ngadeg ring lawangane sepur.

Isun mudhun teka sepur, ninggalaken Astuti hang magih ngadeg ring lawangan. Tangane dhadhah-dhadhah nyang isun. Isun magih sing njangkah ring pinggire gerbong. Sun anteni sepur melaku ninggalaken tapsiun. Rasane ati sing karuwan. Seneng lan kerasarasa uled dadi siji ring jero dhadhanipun. Pandan Wangi wis nggawa Astuti, adoh lan saya adoh.

~Selamat jalan Pandan Wangi, Selamat jalan Astuti~

PELASAN ULING LAN MARATUWA

Mari subuh, Samsul gugah-gugah hang wadon dikongkon gancang tangi. Iyane buru mulih teka ngeludhang kicir hang dipeleng ring banyu mburine umah. Sawangane kicir hang dicangking katon rada anteb. Abete ulihe rada akeh, polae mari belabur biyasahe akeh iwak hang padha nyangsang.

Ambi magih rada ngantuk, Komariyah ngengekaken lawang. Samsul sakkal ndelodog bain melebu nyang pawon njuwut timba ambi irig. Agage kicir disuntek nyang timba, iwake padha kemerutug ceceran nyang njero timba.

“Byek Kang, kari akeh ulihe Kang,” abane Komariyah ambi setengah kaju.

“Iya Dhik, rejeki iki. Maning akeh lelene, gedhi-gedhi pisan,” Samsul nyauti.

Samsul nyandhak irig aju njuwuti lelene dilebokaken nyang irig. Atine rada semendhal lan langsung njingkat weruh ana uling hang katut melebu nyang kicire. Uling hang gedhine sak lengen iku katon kesit kudu-kudu nak metu teka njero timba.

“Alhamdulillah... Dhik, ana ulinge siji. Kari tepak nyang impen yah,” suwarane girang.

“Iya Kang, doyananrika iku,” Komariyah milu girang pisan.

Komariyah mbetheti lele ambi wader. Samsul ngerjigi uling ring sandhinge hang wadon. Atine sing mari-mari girang ulih uling. Sing leren-leren iyane ngomongaken pelasan uling nyang hang wadon.

“Dhik, uling iki pelasan hang pedhes yah,” kongkone nyang rabine.

“Iya tawis Kang, aja kuwatir mariki Sun tandangi.”

“Dhewekena yah, pokoke aja ana hang ulih nguthik kadhung Isun durung mangan.”

“Masaalah aja kuwatir Kang,” semaure Komariyah ambi rada mongod.

Komariyah mangkat nggawe ragi arep enggo olah pelasan. Samsul ngamet godhong gedhang ring mburitane umah. Samsul nulungi rabine sedhilut aju adus ring cedhing.

Wayah wis jam setengah pitu isuk. Samsul pamit melaku megawe nyang hang wadon. Samsul megawe nang PDAM bagian

pelayanan teknik lan pemasangan. Sak mungkure Samsul melaku megawe, maratuwane hang aran Juned teka nyambang Komariyah.

Man Juned gesah-gesahan ambi anake. Komariyah cerita kadhung lakine mari meleng kicir ulih lele ambi uling. Kaya dene mantune, Man Juned ya seru doyane nyang pelasan uling.

“Beng, ulinge Sira kapak?” takone Man Juned.

“Biyasah Pak, dipelas. Jalukane Kang Sul,” semauire Komariyah.

“Enak iku Beng, Isun arep. Lawas sing tau mangan pelasan uling.”

“Ya nedhaa Pak, Kula papakaken kadhung Ndhika ajeng nedha,” Komariyah nawani.

“Engko bain wis, Isun magih wareg,” semauire Man Juned ambi nyandhak kopi ring lumur.

Ngarepaken bedhug, Man Juned kerasa ngantuk aju njaluk turu nang jerumah. Komariyah nyingkrihaken lumur ambi piring nyang pawon.

“Tilema sulung wis Pak, Isun arep nyang banyu asah-asah,” Komariyah pamitan.

“Iya Beng, Isun nak turu sulung, rasane kari ngelempuh,” Man Juned mapanaken awake.

Komariyah melaku nyang banyu. Ring jerumah, abane Man Juned turu rada ngorok. Maklum bain uwong wis tuwek lan kekeselen megawe ring tegalan.

Wayah wis jam siji. Samsul wayahe mulih megawe. Komariyah wis mari nyepak-nyepakaken sega ring meja. Iyane wis paham kadhung rabine wis wayah mulih.

“Assalamualaikum...” abane Samsul uluk salam.

“Walaikumussalam, wis teka tah Rika, Kang?” Komariyah njawab salame rabine.

“Kathik takon yah, gancang pelasan ulinge etokena Isun elom nak madhang.”

“Iku Kang, wis Sun semandhingaken ring meja.” saure Komariyah tut buri nang rabine.

Samsul langsung lungguh ring ngarep meja mbukak tutupe sega ring meja. Sing kathik ana suwarane nyandhak piring aju imbuh setengah ngek. Agage dibukak pelasan uling ring ngarepe aju

mangkat madhang ditunggoni Komariyah hang lungguh adhep-adhepan.

“Kelendi Kang, enak tah pelasane?” takone nyang rabine.

“Byek kari wenak pelasan uling iki Dhik,” saure ambi muluk sega.

“Aja dientekaken tah Kang, Bapak umanana,” jaluke Komariyah.

“Sing kathik, kadhung digi iki ana maratuwa masa kira Sun reken Dhik,” saure sugal.

“Halah, endanetah Kang sampek semono?” takone Komariyah ambi setengah gemuyu.

“Paribasane njaluk sak pelas sing kira Sun uweni Dhik. Sun belani sontogan,” jawabe.

“Wanita Rika Kang, sontogan ambi Bapak?” ambi rada nggacah.

“Ya wani Dhik, barangan Bapak kari cilik gering digu yah, Sun sumpetaken nang uwangan sing bisa ubeg wis, Dhik,” semau saya ndadi.

Samsul sing ngarti kadhung Man Juned teka nyang umahe nyambang Komariyah lan ngadeg nang mburine Samsul madhang. Lungguhe saya tenek mangan pelasan uling doyanane. Komariyah hang ana ring ngarepe katon munyik-munyik nyawang tingkahe hang lanang. Iyane sing ngomong nyang rabine kadhung Man Juned wis ngadeg ring mburine iyane.

“Ehem.. ehem..” Man Juned dehem sing kathik ngomong.

“Apuwa Sira dhahem-dhahem?” sing kathik nuli sapa hang dhahem.

“Ehem... ehem...” Man Juned sing semaur.

“Arep njaluk pelasan uling iki tah Lik?” dikira hang dehem iku anake.

“Iya, Isun nak njaluk pelasan ulinge,” semau Man Juned.

“Aja capak Sira Lik, anangira njaluk Sun belani sontogan,” semau aos temenan.

“Wani temenan Sira sontogan ambi Isun, wis atos tah belungira Lik?” abane Man Juned.

Komariyah mung bisa ngempet guyune hang ketheng sing bisa metu. Matane sampek ngiluh ulihe ngguyu hang lanang durung

sadhar kadhung hang ditantang sontogan iku mertuwane. Tangane ambi nduding nyang Man Juned.

"Ngguyu paran Rika Dhik, wong madhang gok diguyu," magih durung sadhar.

"Nuliya memburi tah Rika Kang!" kongkone Komariyah.

"Ana paran?" ambi ngingser awake nuluh memburi.

"Sira wani temenan ngajak Isun sontogan? Ayo metu nang mburi," ajake Man Juned.

"Yeh,, Ndhika Pak...?" Samsul temungkul kemisinen ambi ngalih edheng-edheng.

"Ayok mangkat sontogan!" abane man Juned ambi mendelik.

"Mboten Pak.... Kula mboten wantuuuuun....."

Samsul melayu metu ambi kesumpet-sumpet sing ngereken maning nyang pelasan ulinge hang durung entek. Man Juned ambi Komariyah sing mari-mari ulihe ketheng nuluh Samsul hang ilang sing ana amput-amputane.

KUWADHE

Serngenge uwis emeh surup. Sunare hang setengah abang magih nyentor ring antarane mega soren. Elman ambi Imas magih lungguh keloron ring pinggirane ril sepur. Wis biyasahe angger soren Elman nyegat Imas mulih teka megawe. Sedurunge mulih, Imas nemoni Elman ring ril sakderma gesah masiya mung sedhela. Masiya saben dina kecaruk, mesthi bain ana hang digesahaken.

Elman mula duwe rasa welas nyang Imas sebalike Imas ya duwe rasa welas nyang Elman. Imas durung wani nampa welase Elman mergane iyane wis dijudhohaken ambi Hadi pilihane bapake. Saktemene Imas ya wis sirsiran ambi Hadi, naming antarane Imas ambi Hadi adoh-adohan lan arang kecaruk. Dadine perasaanane Imas kaya sing duwe dhemenan. Sampik liya dina, Imas kenal ambi Elman.

“Man, sakat mabengi pikiranisun sing kakaruwan”.

“Apuwa, mula Sun sawang sakat mau Rika kaya wong bingung,” abane Elman.

“Isun mara-mara mamang nyang perasaanisun,” suwarane rada abot.

“Mamang kelendi sih. Rika mamang apuwa?” Elman nyekel tangane Imas.

Imas meneng sing ana omonge maning. Matane nuli mega. Pikirane kaya ngelayung milu nang lakune mega. Elman repot tingkah nyawang Imas hang mara-mara sing ana suwarane. Iyane nyobak nggoleti kira-kira paran hang dipikiraken Imas. Paran endane hang dimamangaken Imas. Elman ya wis ngerti kadhung iyane sing bisa maksa Imas nampa welase. Mangkane Elman wis ngerasa cukup dadi kancane Imas bain.

“Heh, Rika iki apuwa Mas. Mara-mara meneng sing kathik ngomong,” Elman nyendhel Imas hang lungguh dhempet ambi iyane.

“Eh, sing paran-paran Man,” Imas mberejag aju temungkul.

“Ngomonga nyang Isun ana paran. Kadhung Rika magih nganggep Isun kanca, ayo ceritakena nyang Isun ana paran sakbenere.” Elman saya ndhempel nyang Imas.

“Rika yara weruh kadhung Isun wis dijudhokaken ambi Hadi ring wong tuwekisun?”

“Iya, marine apuwa?”

“Kisuk bengi wong tuweke Hadi arep njaluk Isun.”

“Ya Alhamdulillah, kudune Rika yara girang,” saure Elman tenang.

“Ya iya sih, tapping embuh atinisun mara-mara mamang.” Imas ngadeg.

Elman ngadeg pisan nututi Imas hang melaku ring ring ril sepur. Sing kathik pamitan nyang Elman, Imas ndelodog bain ninggalaken Elman ring mburine. Elman magih sing paham ambi tingkahe Imas.

“Mas, sulung tah. Rika iku apuwa?” takone Elman ambi ngetutaken Imas.

“Isun sing paran-paran. Isun nak mulih wis. Kekaruk maning kisuk ya.”

Imas agage nyetater sepidhah montore ninggalaken Elman hang magih ngadeg ring ril sepur. Elman magih metenggengen nyawang Imas hang nunggang sepidhah montore. Serta Imas wis sing katon ring matane, aju Elman mulih pisan nyang umahe.

Bengi iki, kaya biyasahe Elman kumpul ambi kancane ring pejagan. Atine biyasahe bain masiya bengi iki Imas dilamar keluargane Hadi. Masiya iyane dhemen nyang Imas, tapping iyane ya ngerti kadhung sing mungkin arep nduweni Imas. Naming saktermene atine Elman ya kerasa kelangan. Sing kerasa iyane mangkat kantru-kantru. Matane nerawang ulan separo hang gemantung ring langit.

“Man aja pati metenggengen gedigu tah,” Atim keplok ring ngarep matane Elman.

“Embuh lare iki, biyasahe lambene ngecopok sing ana tapsiyune,” saute Andhik.

Elman mung munyik sedhilut bain aju meneng maning. Atine mangkat uyang. Sorot matane wis sing bisa nyengidakaken perasaan ring juru atine. Iyane dhemen, tapping sing bisa ndhuweni. Apuwa iyane duwe welas nyang kembang hang wis dipuket wong liya. Bengi iku atine katon-katonen nyang Imas. Iyane ngerasakaken kelendi perasaane Imas kudu nyendhekaken welas atine nyang uwong hang sing dhikarepaken.

Kanca-kancane ring pejagan magih rame memengan kartu remi. Kadhung suwara gemuyune lare hang ngakak nyawang kancane hang kupinge kebek jepitane kelambi. Elman kepaksa milu

gemuyu kepingkel enggo nyengidakaken bingung atine teka kanca-kancane.

Banget-bangete lare rame ring pejagan, Mbok Yuli mara nyang pejagan. Iyane ya kepingkel weruh lare hang kupinge kebek jepitane kelambi. Mbok Yuli aju mara nyang Elman.

“Lik, ayotah sedhilut milu Isun nyang umah,” bisike Mbok Yuli.

“Ana paran Mbok, gok kari penting digu,” Elman mudhun teka pelanca pejagan.

“Iya, sing enak ngomong ring kene. Rahasia polane.”

Mbok Yuli ninggalaken pejagan, ring mburine Elman ngetutaken nyang umahe hang sing adoh teka pejagan panggonan lare-lare kumpul. Elman magih bingung, ana paran ndane Mbok Yuli kari penting sing kaya biyasahe.

“Lik, iki Isun ana titipan teka Imas kanggo Rika.” Mbok Yuli ngelungkaken amplop putih ambi janur saklencer nyang Elman.

“Iki teka Imas Mbok?” Elman nyandhak amplop hang dielungkaken Mbok Yuli.

“Isun mau diundang nyang umahe tepak lamaran. Jare ana hang arep dititipaken kanggo Rika. Temakena surat iki hang nak dititipaken nyang Isun.”

“Surat paran endane yuh Imas iki, aleya meh saben dina kecaruk.” dibukak amplop surat ring tangane aju diwaca.

“Salam Welas”

Man, Isun weruh kadhung Rika seru welase nyang Isun, mesthine Rika ya ngerti kudu ngelakoni paran, kerana Isun ya seru ngarepaken Rika. Aja suwi-suwi. Kadhung iya, janur saklencer iki kuthungen ring tengah. Kadhung janur iki kuthung berarti Rika wani murungkaken janurisun hang arep melengkung, lan Isun milu Rika masiya paran kedadeyane.

Naming kadhung using, janur saklencer iki geningena wutuh. Kadhung janur hang Rika kirim wutuh, Isun ya wis kudu nerima, lan makene janur iki dadi kuwadhe. Artine Rika ihlas mapakaken Isun lungguh ring kuwadhe ambi wong liya. Sun anteni balesan Rika. Isun welas nyang Rika.

Wassalam “IMAS”

Mari diwaca, surat mau aju dilebokaken maning nyang jero amlope.

“Kelendi Lik?” takone Mbok Yuli.

“Rahasia Mbok.” saure Elman.

“Kari rahasia yuh.”

“Kisuk Isun titip balesan kanggo Imas ya Mbok.”

Elman pamit mulih nyang Mbok Yuli nggawa surat ring amplop ambi janur kuning hang saklencer mau. Turut dalam, Elman magih mikir nyang isine surat teka Imas. Iyane ngerti paran hang dhikarepaken Imas nyang iyane.

Saiki Elman ngerasakaken perang batin antarane melayokaken Imas utawa ngihlasaken Imas disandhing wong liya. Kahanan iki mula kudu dipikir kelawan ati lan pikiran hang kening. Kadhung sing dipikir temenanan bisa ndadekaken salah dalam lan getun mburiyane. Suwi ulihe mikir lan nimbang-nimbang paran hang apik kanggo iyane lan Imas, Elman wis duwe keputusan. Elman njuwut kertas lan pulpen aju nulis surat balesan kanggo Imas.

“Salam sayang, Imas”

“Sedurunge, Isun terima hang gedhi, Rika ya duwe welas nyang Isun. Isun ya seru girange welasisun ana balese teka Rika. Sapa hang sing kepingin bisa urip bareng ambi Rika. Nyaktiya Rika lan Isun urip bareng, dhuh kari girang ati iki.

Imas, naming Isun ya njaluk sepurane hang gedhi pisan nyang Rika. Isun sing bisa nuruti kekarepanrika arep melayu ambi Isun. Sun pikir hang temenan, dudu dalam hang apik kadhung Rika Sun pelayokaken. Kadhung ngomong welas, Isun mula welas seru nyang Rika. Kadhung ngomong lara ati, atinisun ya tatu lan lara nyawang Rika disandhing wong liya. Naming Isun ya kudu ngarteni nyang perasaane keluwarnanrika ambi Hadi.

Kadhung Rika sampik wurung nikah ambi Hadi, kelendi wirange keluwarnanrika lan keluwarnane Hadi. Lara ati keneng ditutupi lan ditambahi, taping kadhung wirang sing keneng ditutupi lan disengidakaken. Mungane Rika ambi Hadi magih durung lamaran, ya beda maning ceritane.

Isun wis iklas sing ana jodho ambi Rika. Wong wadon hang apik lan solehah ya pantese ulih jodho wong lanang hang apik lan soleh. Sapatah Isun iki, lare hang durung karuwan juntrungane lan rumangsa magih durung apik. Adoh teka pantes kadhung

disandhingaken ambi Rika. Sepisan maning, isun njaluk sepura hang gedhi nyang Rika.

Wassalam... Elman.

Mari nulis surat balesan iku, atine Elman wis bisa tenang. Kisuke surat ambi janur saklencer teka Imas ditipakeken maning nyang Mbok Yuli. Elman wis bener-bener ngihlasaken Imas nikah ambi Hadi. Rasa welase nyang Imas wis dikelekaken nyang banyu hang kening. Masiya sing bisa nyandhing, sak usinge welase ana balese.

Sing kerasa wis sak ulan Imas ambi Hadi mari lamaran. Saiki wis ulan Agustus, mesthine bain ring ulan iki Imas ambi Hadi munggah kawin. Isuk iku, Elman siyap-siyap arep melaku megawe. Seragam lan sepatune wis dienggo. Mari pamitan nyang emake, Elman melaku nyang pegaweyane. Buru metu teka lawang, ring ngarep umahe ana Mbok Yuli mapag Elman.

“Lik, iki Isun arep ngateraken ulem-ulem nyang Rika.”

“Ulem-ulem teka sapa Mbok?” Elman nampani ulem-ulem hang dielungkaken Mbok Yuli.

“Teka Imas,” Mbok Yuli langsung melaku pisan nyang pegaweyane.

Ulem-ulem teka Imas dilebokaken nyang tase. Elman nunggang sepidhah montor nyang kantore. Gadug kantor, mari nguripi laptope, Elman mbukak surat hang dijuwut teka jero tase. Ring ulem-ulem iku ketulis arane Imas ambi Hadi. Nikah Tanggal 20 Agustus 2006. Elman mesem, aju dilebokaken maning ulem-uleme nyang jero tase. Elman nyandhak laptope mangkat megawe.

Tanggal 19 Agustus, ring umahe Imas wis rame. Wong-wong padha ibuk nyiyapaken dina kemantenane Imas. Ring ngarepan, lare nom-noman padha ngiyas terob lan ana hang nggawe kuwadhe. Ring bengi iku, Elman ya teka nyang umahe Imas. Iyane mula nyeja teka arep nulungi lare-lare hang nggawe kuwadhe kanggo kemantene Imas. Elman ya wis kenal raket ambi lare nom-noman tanggane Imas hang nggawe kuwadhe.

Weruh Elman, Imas mara nyang lare hang nggawe kuwadhe aju nyapa Elman.

"Terima yah, Rika gelem nggawekaken kuwadhenisun," abane Imas edheng.

"Eh, pengantene aja merene roh, gulakane engko penganten lanange cupar," Elman nggeridho.

"Makene wis cupar. Kadhung cupar Isun nak melayu bain ambi Rika," saure Imas sak temune ambi ninggalaken Elman hang nggawe kuwadhene iyane.

Minggu 20 Agustus 2006, Imas ambi Hadi wis akad nikah. Wong loro wis sah dadi laki rabi. Bengi iku akeh dhayoh hang nekani ring kemantenane Imas. Kanca-kancane Imas ya padha teka. Imas ambi Hadi lungguh ring kuwadhene. Kadhang-kadhang ya ngadek nyalami dhayoh undhangan hang mara.

Elman bengi iku ya nekani kemantenane Imas. Disawang Imas ambi Hadi hang lungguh semandhing ring kuwadhe hang iyane milu nggawe. Imas mesem seneng nyalami dhayoh hang mara nyang kuwadhene. Mari mangan suguhan, Elman mara nyang kuwadhene penganten. Disalami Imas ambi Hadi. Imas temungkul sing wani nuli nyang rupane Elman. Sapa nyangka, kadhung kuwadhe hang iyane lungguhi saiki, gawenane Elman. Lare lanang hang sakbenere dhikarepaken lungguh bareng ring kuwadhe ambi iyane.

Nyawang Imas hang gedigu, Elman agage pamit. Iyane sing kepingin kadhung sampik ngerusak rasa senenge Imas ambi Hadi. Sing kerasa matane Imas ngembung iluh. Iki hang nggarahi Elman sing tega. Sing tega kadhung lare hang iyane welasi sampek netesaken iluh ring dina bahagiyane. Ambi njangkah, ring jero batine Elman ngucap.

"Muga atinisun tetepa kaya kuwadhe (Kuwat lan Gedhe) ihlas nerima wong hang diwelasi semandhing selawase."

RANDHA KEPUS

Man Dolah, pirang-pirang dina iki katon metenggengen thok. Isuk soren kantru-kantru lungguh nang pelataran umahe. Katone ana hang dipikiraken, maklum bain wis telung ulan ditinggal mati rabine. Wangune iyane wis sing kuwat urip dhewekan, mangan dhewek, turu dhewek lan umbah-umbah dhewek. Kadhang Man Dolah lungguh ambi gendhingan ngudang atine dhewek.

“Byek kari keranta-ranta gendhinganrika, Man.” abane Saderi nyapa Man Dolah ambi melaku nyang sawah arep nyingkal.

“Iyo Lik, Isun mula keranta-ranta sakat ditinggal wong wadon.”

“Ya rabiya maning Man, makene ana hang ngerumat lan ngeladeni Rika iku.”

“Iya endane Lik, ya goletenatah. Endane magih ana hang dhemen nang Isun, Lik?” semasure man Dolah ambi rada semangat.

Saderi mandheg milu lungguh gesah ambi Man Dolah. Weruh Saderi mandheg, Man Dolah ngetokaken selepi udhud gintiran. Gedhang goreng hang magih anget ambi kopi ring mentrong ya disuguhaken nyang Saderi. Saderi nyandhak selepi hang cemepak ring ndhuwur meja ngarep umahe Man Dolah. Saderi mangkat nggintir papir lan bako aju dicolok.

“Bakone enak man, sing kariya ampeg, sedhotane ya entheng.” Saderi nyedhot udud gintirane.

“Iya Lik buru mari tuku ring pasar reboan sore. Kelenditah Lik, endane temenan Isun magih payu rabi maning?”

“Jeh, Rika Man. Aran wong lanang iku masiya pudhot mesthi payune. Arep golet perawan ya magih bisa,” saure Saderi ngeyakinaken atine Man Dolah.

“Iya endane Lik?” Man Dolah rada sing percaya nyang omonge Saderi.

“Dhung jare Isun hing usah golet perawan wis Man, randha bain. Paran maning randha kepus Rika, wis tah bakale seneng urip Rika,” Saderi nggeredho Man Dolah.

Man Dolah ambi saderi gesah ring ngarepan ambi sedhotan udud. Kopi ring meja sampek anyeb sing diuthik ketungkul gesah. Wong loro gesahe mula kari enak sampek lali nyang sekabehane. Man Dolah lali nyang kopine, Saderi lali arep nyingkal ring sawah.

“Omonganira ana benere Lik, kadhung gedigu Isun nak golet randha kepus bain, jare Sira makene enak uripisun,” Man Dolah atine katon seneng.

“Iya Man, kadhung wis nemu ngomonga nang Isun. engko Isun wis hang nari,” abane Saderi

“Iyo Lik, sak cepete. Isun sing serantan pingin urip enak.”

“Man, Isun nak melaku nyingkal wis padhang selak panas.”

Saderi pamitan nyang Man Dolah nak melaku nyang sawah. Saderi ngadeg nyandhak singkale aju dipikul melaku ngulonaken nyang sawahe Aji Hasanah. Man Dolah magih mangu-mangu lungguh ring ngarep umahe ambi mikiraken gesahe ambi Saderi mauka.

Ulih seminggu, Man Dolah gupuh-gupuh melaku nang umahe Saderi. Rupane katon girang, wangune kaya wis nemu bakal rabi. Gadug ngarepe umahe Saderi, sing kathik uluk salam langsung celuk-celuk rabine Saderi.

“Beng... Saderi ana?” takone Man Dolah

“Tasih nang banyu ya Man, tapi mantun niki dugi, Ndhika melebet kerin.”

“Iya Beng,” Man Dolah lungguh ring pelanca.

“Abete kari penting Man,” takone Maryati.

“Iya Beng penting temenan.”

Man Dolah lungguh nang pelanca wis sing serantan ngenteni Saderi. Maryati melebu nang pawon arep nyorotaken kopi kanggo Man Dolah. Sing suwi Saderi wis teka aju mara nang Man Dolah.

“Kari penting abete Man, enten napa?”

“Ya jare Sira ika, Isun arep njaluk tulung nang Sira.”

“Nedhi tulung napa Man?”

“Nari randha, Isun wis nemu randha kepus hang jare Sira Isun kon golet ika yah,” suwarane Man Dolah ngatonaken girange.

“Temenan tah Man, kari gelis. Wong endi Man, wong adoh tah?” Saderi seru kepingin weruh.

“Using Lik, wong kene bain.”

Maryati metu teka pawon nggawa wedang kopi ambi lempog sawi. Disuguhekan nyang wong loro hang gesah iku. Wong loro ngendhegaken gesahe sedhilut, nyorot kopi ambi mangan lempog sawi.

“Sapa Man randha hang Rika maksud?” Saderi takon.

"Mbah Lebuw Lik," saure Man Dolah entheng.

"Hang bener apuwa Man, wong wis tuwek kisut kabeh, untune entek iku?" Saderi kaget rungu semauwe Man Dolah.

"Isun kan nurut omonganira Lik, kon golet randha kepus. Ya Mbah Lebuw iku Lik randha kepus."

"Gok Rika bisa ngarani Mbah Lebuw randha kepus kelendi Man?"

"Isun sore tepak melaku nang wakap kecaruk Mbah Lebuw mulih teka tandur. Awake kepus kabeh."

"Huahahahaha.... iku masa randha kepus Man, iku arane randha geblesan keneng udan," Saderi ketheng gemuyune.

"Ya bener kan geblesan mari keneng udan makane awake kepus. Isun ngarani iku ya randha kepus Lik."

Ring pawon, Maryati hang rungu gesahe lakine ambi Man Dolah ya gemuyu pisan sak anter-antere. Iyane sing leren ulihe ketheng rungu semauwe Man Dolah nemu randha kepus hang arep dirabi.

"Randha kepus iku masa iku maksudisun Man," abane Saderi ambi sing bisa nahan guyune.

"Terus hang kelendi Lik?" takone Man Dolah.

"Randha kepus iku maksude randha hang sugih akeh sawah lan kebonane Man. Duwe sapi pitung pasang, dadi Rika sing repot golet pangan Man."

"Yeeee... jare Isun ya randha hang awake kepus Lik. Kadhung gedigu wurung bain wis Lik," saure Man Dolah ambi ngadeg.

Sing kathik pamitan maning, Man Dolah metu teka umahe Saderi ambi getun sing mari-mari. Serang getune, iyane sing tulih-tulih melaku metu sampek ketampes lawangane Saderi.

KETEL ISI BUBUKAN

Mbok Sare'ah magih ibuk ngelayani wong tuku rujak janganan ambi tahu lonthong. Dina iku, warunge katon rame. Akeh wong antri arep tuku rujak. Warunge Mbok Sare'ah dodolane mula rujak. Rujak janganan, rujak kecut ambi rujak cemplung, rujak lonthong ambi tahu lonthong. Sun itung magih ana wong telu hang durung dilayani. Maklum bain iyane dhewekan sing ana rewang hang nulungi.

Isun lungguh ring pelanca cilik ring ngarepe warunge. Nganten gilirani dilayani tuku rujak. Isun dhikongkon bibikisun tuku rujak kecut. Sing weruh tekane, Man Rajuli ngadeg ring sampingisun.

"Arep tuku paran Sira, Lik?" Man Rajuli takon ambi milu lungguh ring pelanca.

"Tuku rujak kecut," saurisun ambi mangan kuluban kacang conthongan.

"Dikongkon sapa?" Man Rajuli neges kaya wis weruh kadhung isun ana hang ngongkon.

"Dikongkon Bik Saniyah Man," isun agage ngentekaken kuluban kacang hang magih kari telung iji.

Mbok Sare'ah mincuk rujak lonthong tukone Kik Tulah. Kik Tulah uwonge wis pudhot suwi, ditinggal mati rabine. Mari mbayar rujake, Kik Tulah pamitan arep balik maning nyang sawah nutugaken kebah-kebah. Isun aju ngadeg mara nyang pareke Mbok Sare'ah.

"Rujak kecut Mbok, rong bungkus loboke teluwan."

Sing katik takon maning, Mbok Sare'ah gancang nggerus ragine rujak. Siji-siji aju masah timun, kates, lan sabrang. Sun sawang Man Rajuli magih lungguh ring pelanca njaba ambi mangan jajan hongkong. Man Rajuli iki kejuluk lancung sugih. Masiya lanang, tapping mas-masan hang dienggo ring awake kumplit. Sakat teka gelang sampik kalung lan ali-ali iyane nganggo. Naming masiya gedigu durung tau weruh hang aran dhemenan utawa sir-siran.

Kadhung dipikir umure ya wis wayah. Uripe ya wis mapan, kadhung pengasilan ya wis lebih kadhung dienggo umah-umah. Umahe ya magrong-magrong kaya umahe ndara. Taping embuh apuwa iyane magih durung ulih rabi.

Rujak kecut hang sun tuku wis mari. Sun elungkaken picis sepuluh ewu nyang Mbok Sare'ah aju pamitan mulih. Ring ngarep lawang warunge Mbok Sare'ah, isun diendhegaken ambi Man Rajuli.

"Sulung Lik aja endak mulih," tangane ngelogroh sak seruwal cendheke.

"Napuwa Man?" isun magih sing ngerti paran karepe Man Rajuli ngendegaken isun.

"Nyak, enggonen tuku es," iyane ngelungkaken picis rong puluh ewu nyang isun.

"Terami Man," saurisan ambi melaku nyangking rujak kecut.

Turut dalan isun magih bingung mikir, apuwa Man Rajuli iku mara-mara nguweni picis nyang isun. Sing tau-tauwa iyane nguweni picis nyang isun. Ngomong bain ya emeh sing tau. Hadeh, enggo paran dipikir batinisun. Barang diuwani ya ditampani bain. Magiya isun ya sing njaluk, iki arane rejeki sing ulih ditulak.

Gadug umah sun wakaken rujak kecut nyang bik Saniyah. Ring umahe adon ana Bik Saniyah ambi Mbok Aroh. Wong loro iki mula kancaan sakat ning pondhokan. Karo-karone magih perawan durung ana hang rabi. Sun rungokaken lyane gesahaken dhemenane dhewek-dhewek.

"Bik, Isun tepak tuku rujak mau diuwani picis ya ning Man Rajuli," Isun cerita nyang bibik ambi Mbok Aroh.

"Hah, temenantah? Diuwani pira?" takone bibik ambi mesem.

"Rong puluh ewu ya Bik," saurisan ambi nduduhaken picis nyang lyane.

Sakkal Bibik ambi Mbok Aroh gemuyu cekikikan. Wong loro iku tulih-tulihan. Kayane wong loro iku wis paham ambi pikirane Man Rajuli nguweni picis nyang isun. Amba mangan rujak lyane magih sing leren ulihe gemuyu. Isun sing ngerti wong loro iku ngguyu paran.

"Pas nguweni picis nyang Sira mau, Man Rajuli ngomong paran?" takone bibik.

"Cuma ngomong enggonen tuku es. Digu bain ya bik omonge," ambi sun duduhaken picis rong puluh ewu ring tanganisun.

"Apuwa tah?" takinisun maning.

"Sing apuwa-apuwa. Enggonen belanja wis picis iku."

Bik Saniyah nerusaken mangan rujak kecut mau. Iyane nerusaken gesahe ambi Mbok Aroh. Isun melebu nyang kamar arep nggelinting. Sakat mulih sekolah mau rasa awak mula rada kesel lan

lisuh. Maklum, mau ring sekolahan mari olah raga mbelayu-mbelayu. Sun papakaken awak ring kasur mangkat nggelinting.

Liya dina, isun milu latihan tembung ring lapangan. Isun lan kanca-kanca pemanasan sulung sedurunge latihan diangkati. Teka kadohan, Man Rajuli buru teka nyang lapangan. Man Rajuli iki salah siji penguruse klub tembung ring dhusunipun. Mangkane iya tekane rada kasep polae kudu nyiapaken tembung hang arep dienggo latihan.

Man Rajuli aju milu gabung nyang lare latihan. Iyane nyemprong selumpritane ping telu. Lare-lare hang pemanasan agage kumpul marek nyang Man Rajuli. Lare-lare baris ring ngarepe Man Rajuli ngenteni paran hang arep diomongaken Man Rajuli nyang lare-lare anggota pemain tembung. Mula sedurunge latihan diangkati, sitik akeh Man Rajuli nguweni pengarahan sulung nyang anggotane.

“Lare, dina Minggu emben klub tembung iki arep ana pertandingan persahabatan ambi Glenmore. Mula ayo latihane hang temenanan aja kakehan muyeb,” abane Man Rajuli nguweni pengarahan sithik.

“Siyaap...!” saure lare-lare mangkat latihan.

Lare-lare mangkat latihan tembung. Man Rajuli ngawasi lare teka pinggir lapangan. Anggota klub tembung mula milih Man Rajuli dadi pengurus mergane iyane duwe bandha lan eloman. Dadi klub tembung sing kariya abot mikir bandane. Julukane bain lancing sugih. Pokok dielem sak dhuwur-dhuwure, picis sing angel metune.

Mari latian, lare-lare padha bubar mulih. Isun magih mbecikaken tembung hang mari dienggo latian. Man Rajuli ya magih durung mulih, ngenteni tembung hang sun gawa teka lapangan. Sing suwi, sun gawa tembung ring wadha nyang Man Rajuli hang ngenteni.

“Iki Man, tembung. Kabeh wis cukup sing ana hang kelalen.”

“Iya wis delehen kono sulung. Sira arep langsung mulih tah?” takone Man Rajuli nyang isun.

“Enggih Man, napuwa tah?”

“Nyak, enggonen sangu sekolah kisuk,” Man Rajuli ngelungkaken picis rong puluh ewu maning nyang isun.

“Kok disukani malih, Man?” Isun durung wani nampani picis mau.

“Ayo rawis tampanana picise iki,”

Man Rajuli ndeleh picise nyang epek-epek tanganisun.
"Terima Man, Kula wangsul nggih." Sun kethem picis teka Man Rajuli.

"Eh iya, Isun titip salam nyang bibikira."

"Salam napatah, Man?" isun sing ngerti.

"Pokok warahen bibikira ana salam teka Isun. Pasti bibikira paham wis."

Isun ambi Man Rajuli mulih teka lapangan tembung. Gadhug umahe adon, Bik Saniyah lungguh ring ngarep umah. Isun mula sakat cilik dirumat ambi adon. Dadine isun uripe ring umahe adon kumpul ambi bibik.

"Buru mari latihantah, Lik?" Bik Saniyah nyapa isun hang teka latihan tembung.

"Iya Bik. Eh Bik, iki mau Isun diuweni picis maning ambi Man Rajuli ya." Suncerita nyang bibik.

"Iya tah, ngomong paran nyang Sira, Lik?" takone bibik padha ambi hang sulung.

"Jare titip salam nyang Rika ya Bik."

Kaya dina hang sakdurunge, bibik gemuyu cekikikan rungu omonganisun. Isun magih sing ngerti apuwa angger isun cerita diuweni picis Man Rajuli, lyane mesti gemuyu sing leren-leren. Sun wanekaken takon nyang bibik.

"Apuwa sih Bik, angger Isun diuweni picis Man Rajuli, Rika mesti gemuyu?"

"Sira kari sing ngerti Lik."

"Ngerti parane Bik?" isun magih durung ngerti nyang karepe.

"Man Rajuli iku ketel isi bubukan, Lik"

Paran maning maksude omonge bibik "Ketel isi bubukan" iki. Isun magih mikir-mikir nyang omonge bibik. Sun sawang bibik ya magih gemuyu. Rada suwi aju ngucap nyang isun.

"Ketel isi bubukan iku basanan hang artine kementhel sing kaibukan. Man Rajuli iku dhemen lan kementhel yang isun. Taping iyane sing wani ngomong, makane Sira mesthi diuweni picis. Polae Sira kan keponakanisun. Paham Sira saiki Lik?"

Isun buru paham paran karepe Man Rajuli nguweni picis nyang Isun. Jare bibik, kadhung wong lanang dhemen nyang lare wadon iku kelendi carane kudu wani ngomong makene sing kaya "**Ketel isi bubukan**". Isun milu gemuyu ketheng melebu nyang umah.

BINGKAK (1)

“Kukuruyuk... kukuruyuk... kukuruyuk...”

Abane pitik jago belorok hang turu ring uwit jeruk limun mburine langgar muni. Pitik jago iki duwene Guru Badar, guru ngaji hang manggon ring pinggire kampung. Wis dadi persasat, angger jam 3 Subuh muni nggugah santrine Guru Badar. Kabeh wayahe siyap-siyap arep sembayang Subuh. Dadi, santrine Guru Badar wis duwe pertandha kapan wayahe tangi arep sembayang Subuh.

“Lare-lare mayo tangiya kabeh, Belorok wis muni kok. Agage, mumpung durung disiram banyu sak siwur ambi Guru,” Salihin mbugahi kancane hang turu ana ring langgar.

“Dhuh, ngipi magih durung tutug wis Sira bugah Hin,” Jawahir njingkat ambi kepungun-pungun.

Salihin, Jawahir, Jaleh ambi Sapi'i wis padha tangi aju melaku nyang cedhing arep wuduk. Ring bucune langgar, abete Jamil magih durung tangi. Mula santri siji iki beda ambi kancane. Iyane santri hang paling cilik, larene meneng sing pati kariya kenyab kaya kanca-kancane. Paceke tukang dikongkoni kancane lan santri paling nurut nyang perintahe guru. Naming kebiasahane kadhung wis turu mesti mbangkong lan angel bugahane.

Rada suwi lare papat wis padha mari adus lan wuduk. Kabeh melebu maning ring langgar nganteni Guru Badar ambi Mbah Amenah jamaah subuh ring langgar. Jaleh nyolok damar telempik hang ana ring jero langgar. Sapi'i ambi Salihin nyiyapaken papan sembayang. Jawahir mbukak pathele lawang langgar.

“Hin, delengantah Jamil iku. Sing gelem tangi yah,” Sapi'i ngguthit Salihin.

“Yara bugahen mau yuh,” abane Salihin.

Jawahir hang mari mbukak lawange langgar aju mara nyang Jamil. Tangane Jamil diubah-ubah makene tangi. Naming Jamil sing ngerasakaken dibusah Jawahir. Malah Iyane tambah ngerapetaken sarunge hang dienggo kemul. Malah turune saya ngorok.

“Geningena wis, aja dibusah,” jare Jaleh.

“Iya, makene Guru dhewek hang mbugah,” saute Jawahir.

Noring masjid, suwarane adan Subuh wis mari. Guru Badar ambi Mbah Amenah melebu nyang langgar. Santri papat puji-pujian

nganteni Guru Badar arep ngimami sembayang subuh. Guru Badar nyawang santrine. Disawang, Jamil gok sing ana.

"Lare, Jamil nyang endi iki gok sing ana?" takone Guru Badar nyang santrine.

"Niku Guru, dereng tangi teng pojokan," semature Jaleh.

"Masyaallah, magih ngorok yah. Mau sing Sira bugah tah lare?" abane Guru Badar maning.

"Empun Guru, naming mboten purun tangi," Jawahir nyauti.

Guru Badar aju mara nyang Jamil turu. Ditabok-tabok boyoke Jamil hang turu kemureb. Embuh ngipi paran, magih sing ngerasakaken bain dibugah ambi gurune. Guru Badar nabok-nabok boyoke saya anter.

"Parane bain sih Sira iki Hin, sing ngerti ana wong turu enak dadi bugah-bugah," abane Jamil ambi ngiplas tangane Guru Badar hang naboki boyoke.

"Lik, Jamil agage tangiya wis Subuh," Guru Badar magih sing mandheg nggugah.

"Kari sing gelem meneng tanganira naboki boyokisun Hin. Engkotah Sira Sun jotos mbonjor Sira," abane Jamil rada mepeng.

Lare papat mau padha gemuyu ngakak weruh tingkahe Jamil. Dikirane Jamil hang mbugah lyane iku Salihin kanca ngajine ring langgar. Rungu suwarane kancane hang padha ngakak, lyane mbalik awake tangi lan tangane siyap arep njotos.

"Iya, nyak jotosen wis Isun," abane Guru Badar.

"Yeh, Ndika Guru?" sakkal Jamil njingkat ambi kemisinin.

"Gancang, adusa kana. Sun anteni jamaah," kongkone Guru Badar.

"Enggih Guru."

Jamil agage melaku nyang cedhing langgar. Santri liyane padha gemuyu sing mari-mari. Guru Badar ambi Mbah Amenah ya milu gemuyu pisan weruh tingkahe santrine iku. Sing suwe, Jamil wis melebu maning nyang langgar aju sembayang Subuh jamaah. Sakmarine sembayang Subuh, santri jak lima mau aju sorogan ngaji nyang Guru Badar.

Wis dadi kebiasahane Guru Badar, angger jam 9 bengi metu keliling nang langgare sak perlu ngintep santrine. Ambing nggawa damar kelenthung, Guru Badar mara nang ngarepe langgar ngitung gemparan santrine hang turu nang langgar. Mari diitung magih cukup ana limang pasang, tandhane santrine ana ring jero langgar kabeh sing ana hang metu. Guru Badar balik maning melaku nang umahe.

Gadug ngarepe lawang umah, pikirane rada sing enak, kaya-kaya ana hang sing bener. Iyane buru enget dhung bengi iki ana tontonan janger ring Gurit. Rada telikas Guru Badar balik maning nyang langgar ngintep santrine. Edheng-edheng ngengekaken lawang taping sing keneng, wangune dipathel teka njero. Aju Guru Badar ngalih nang cendhela. Serta cendhela diengekaken, Guru Badar kaget gok nang jero langgar mung kari Jamil hang wis turu ngorok. Guru Badar nggeremeng ngomong dhewek.

"Cilaka lare-lare iki, gemparan nang ngarep cukup, taping nang jero mung kari Jamil thok hang turu. Sing luput padha ndeleng janger, awas titenana Sira kabeh yah!" Guru Badar nggeremeng.

Guru Badar edheng-edheng melebu liwat cendhela, aju cendhelane dikancing maning teka njero aju metu liwat lawang. Guru Badar sing balik maning nang umahe tapi turu nang ngarepe langgare arep nyegat santrine hang mulih ndeleng janger. Guru Badar turu serungkuban sarung makene sing ditenger santrine. Kesuwen ngenteni santrine sing ana mulih, Guru Badar kesirep temenan.

Kira-kira jam 12 bengi lare-lare hang ndeleng janger abete wis padha mulih. Jaleh, Salihin, Sapi'i lan Jawahir edheng-edheng marek nang cendhela arep melebu maning nang langgar. Jawahir nyobak mbukak cendhela taping sing keneng.

"Cendhelane sing keneng diengek yah," abane Jawahir.

"Halah hang bener apuwa, endi acake. Eh iya sing keneng dibukak," Sapi'i gumun.

"Paling kelakuwane Jamil iki, cendhela dikancing wedi dileboni cuba," jare Jaleh

"Acake ayo dideleng lawang ngarep," ajake Salihin.

Lare papat mau ambi mungkruk-mungkruk mara nang ngarep langgar. Gadug ngarepe lawange lare-lare mberejag gok ana wong turu nang ngarepe lawang langgar.

"Nagud nawi Jamil iki, cendhela dikancing malah turu ning kene," abane Jaleh.

"Aja dibugah, hang enak digudha lare iki," jare Jawahir

"Dikapak enake yuh...?" takone Sapi'i

"Leh, Sira goleta tali! Hir, Sira njuwuta banyu sak timba!"
perintahe Salihin nyang kancane.

"Dienggo paran?" Sapi'i takon paran karepe Salihin.

"Wis menenga, engko yara weruh!" jawabe Salihin.

Sedhilutan Jaleh ambi Jawahir wis teka nggawa tali ambi banyu sak timba mara nyang Salihin hang wis nganteni. Sapi'i mung meneng bain nganteni paran karepe Salihin mau.

"Leh, sikile Jamil talenana karone gandhengen dadi siji!" Salihin ngongkon Jaleh.

"Edheng-edheng aja sampek Jamil tangi!" Jawahir nempali.

Serta sikile Jamil wis mari ditaleni, Salihin ngongkon Jawahir nyiram Guru Badar hang turu nang ngarepe langgar hang dikira Jamil. Bresssss. Banyu sak timba nggerojog nang awake Guru Badar. Sakkal Guru Badar njingkat ambi melung-melung.

"Cilaka... Duraka... kelakuwane sapa iki kari muyab, wong tuwek dienggo menganan, awas Sira yah Sun sampat penjalin," suwarane Guru Badar mberak.

Lare papat mau kaget semembur serta weruh hang turu sikile ditaleni lan disiram banyu iku, Guru Badar. Magih ambi rada bingung kegawa kaget, Guru Badar ngadeg arep nguber lare-lare iku mau. Taping Guru Badar sing ngarti gok sikile ditaleni. Buru arep melayu Guru Badar wis keserimped aju tiba gemabrus kesereb nang ngarepe langgar. Guru Badar saya mberak ambi celathu.

"Duraka pitu likur Sira kabeh lare! Amenah... Amenah... duraka kabeh lare-lare iki," ambi melung nyeluk Mbah Amenah.

Ambi mepeng, Guru Badar njuwut gemparan sak nemune aju diserampangaken nang lare-lare hang semembur. Teku kadohan rungus suwarane Mbah Amenah melung-melung.

"Adhuh.... Adhuh... endhasisun pecah wis Kang...!" suwarane Mbah Amenah.

"Apuwa Dhik...?" takone Guru Badar ambi nyoplok tali ring sikile.

"Endhasisun keneng gemparan miber," Mbah Amenah ngusuki endhase.

Temakaken gemparan hang diserewataken Guru Badar sing keneng lare-lare malah ngantem endhase Mbah Amenah. Engkisuke lare papat mau dikongkon ngadeg jejer nang Guru Badar aju kempole disampati penjalin siji-siji sampek mbiler. Bingkak temenan kelakuwane santri-santri iki.

MANGSI ABANG

Serngenge buru mungguh sak pengadeg dhuwure. Pelajaran peraktek olah raga hang mangkat ring jabane jam pelajaran wis emeh osan. Setemene jam pelajaran olah raga dikawiti jam 6 keliwat 15 menit sampik jam 8 keliwat 15 menit. Naming ambi guru olah ragane dimajokaken jam 5 isuk.

“Pelajaran olah ragane dicukupaken sampik semene bain. Ayo saiki padha balik nyang sekolahan maning,” abane Pak Yon mungkasi pelajaran olah raga ring lapangan sekolahan.

“Nggih Pak..!” saute lare-lare barengan.

Pak Yon aju melaku balik nyang sekolahan. Lare-lare magih ana hang ngeringkesi tembung ambi net voli. Hang liyane padha balik nyang sekolahan. Lapangan olah ragane ana ring jabane sekolahan. Mulane kadhung mari olah raga, lare-lare padha melaku ndharat balik nyang sekolahan. Jarake kira-kira ana 100 meter ring wetane sekolahan.

“Engko mari adus, kecaruk ring panggonan biyasahe yah,” Dimas mbisiki Khotim ambi melaku.

“Alah Rika iki kathik semayanan paran. Biyasahe Rika lan Isun masiya sing kathik semayanan ya wis merono kadhung jam istirahat,” semaure Khotim ambi mencep lan nyethut lengene Dimas.

“Adhuh..!” Dimas meringis ambi ngusuki lengene hang mari dicethut Khotim.

Dimas ambi Khotim melakune nyeja edheng-edheng makene tuwuk ulihe gesah ambi melaku. Kanca-kancane sak kelas persasat wis ngarti kabeh kadhung lare loro iki dhemenan. Mergane rakete sing kaya rakete kanca biyasahe. Ring endi ana Dimas, ring kono ya ana Khotim. Ring perpustakaan, ring kantin lan ring taman Dimas ambi Khotim mesthi lungguh jejer jak loronan. Sampik madhang ring kantin, ya sepiring jak loronan.

Mari adus lan rijig-rijig awak, Dimas ambi Khotim lungguh ring perpustakaan. Kelas liyane padha miloni pelajaran ring kelase dhewek-dhewek. Kelase Dimas jam pelajaran dadi kosong, merga jam pelajaran olah raga wis dilakoni ring jabane jam pelajaran biyasahe. Dadine waktune ana hang dienggo belajar ring perpus,

gesah ring kantin, lan memengan ring jero kelas. Khotim lungguh jejer Dimas hang maca-maca buku ensiklopedi.

"Rika mau ngajak Isun semayanan ring kene setemene ana paran?" Khotim ngengetaken Dimas nang semayane mau.

"Eh iya, ana hang arep Sun omongaken ambi Rika," Dimas nutup buku ensiklopedi hang diwaca mau.

"Alah gaya, arep ngomong paran endane? Arep ngomong cintatah, sampik sing biyasahe semayanan sulung," Khotim nyethut lengene Dimas.

"Biyasah lare iki nyethutan, lara yah. Delengan tah sampik besem digi yah," Dimas mbukak lengen kelambine nduduhaken tangane hang besem mari dicethut Khotim.

"Masiya lara taping Rika yara seneng dicethut lare ayu kaya anak-anakan Barbie digi?" Khotim saya nggeridho Dimas.

"Hemm.. endi acake Sun sawang. Ayu temenintah?" Raine Dimas diadhepaken nyang rupane Khotim.

"Nyak sawangen hang temenanan ambi mendelika makene jelas!" Khotim saya marekaken rupane nyang Dimas.

Pungkasane lare loro iku gemuyu bareng. Arep sing dikira dhemenan kadhung ndeleng rakete lare loro iki hang kaya gedigi iki? Kanca-kanca hang bareng ring jero perpustakaan wis sing kathik direken. Ring jero perpustakaan mara-mara kerasa sepi, suwara guyune Dimas ambi Khotim mau ilang sing ana pecake. Khotim ambi Dimas magih pandang-pandangan sing ana omonge.

"Dim, Rika mau arep ngomong paran nyang Isun?" takone Khotim mbencak sintrune ruang perpustakaan hang mung kari Dimas ambi Khotim ring jerone.

"Isun arep ngomong cinta," semau Dimas ambi kaget mari kaya wong ngelamun.

"Paran Dim? Sing salah perungan tah kupingisun iki? Acake ngomonga maning hang anter!" Khotim marekaken kupinge nyang lambene Dimas.

"Iya Tim, Isun welas nyang Rika," Dimas semau ring kupinge Khotim sak antere.

Khotim kaget mberejag rungu omonge Dimas hang jemelenggur ring kupinge. Suwarane rasane kaya geludhug ring wayah raina. Atine sampik kerasa ungkreg. Sing ana udan sing ana angin gok mara-mara Dimas ngomong welas nyang lyane. Masiya tah

saben dinane Iyane ambi Dimas wis kaya wong dhemenan. Taping semono lawase iku sing ana omongan welas hang kemetu antarane lare loro.

Setemene Khotim mula duwe rasa welas nyang Dimas. Taping rasane ya sing pantes kadhung lare wadon ngomong welas sulung. Tambah-tambah Khotim ya ngarti kadhung Dimas magih ngarep-arep welase Riyanti. Mulane Khotim mung bisa nyidhem welase ring jero atine. Kudune Dimas ya ngarti nyang polahe Khotim nyang Iyane. Taping Dimas atine sing kerasa kadhung Khotim duwe rasa dhemen nyang Iyane.

"Kelendi Tim, Rika terimatah welasisun?" lambene Dimas gemeter mbaleni ucape nyang Khotim.

"Rika serius Dim?" Khotim sing percaya nyang paran hang diucapaken Dimas.

"Iya Isun serius Tim," Dimas nggegem derijine Khotim.

Khotim sing ana semau. Rasane lambene kaya abot arep ngomong. Iyane bingung kudu semaur paran nyang Dimas. Perasaane sing karuwan bingung arep ngomong iya taping atine magih mamang nawi-nawi Dimas magih sing bisa ngelalekaken Riyanti. Mergane saben dina gesah ambi Khotim, Dimas magih kerep curhat perkara perasaane iyane nyang Riyanti. Iki hang nggarahi Khotim mamang arep nerima welase Dimas.

Arep nampik welase Dimas, taping Iyane ya seru dhemene nyang Dimas. Khotim magih temungkul ambi ngembung iluh ring matane. Durung kober njawab ucapane Dimas, suwarane bel sekolah wis muni wayahe ganti jam pelajaran liya. Agage Khotim ngusapi iluhe hang ngembung ring matane aju njangkah metu ninggalaken Dimas hang magih metenggengen lungguh ring bangku perpus. Amba rasa hang bingung pisan, Dimas nututi Khotim hang melaku melebu nyang kelas.

Sakat kedadeyan ring perpus iku, Khotim mangkat ngadoh teka Dimas. Sing kaya dina-dina sedurunge Dimas ambi Khotim katon raket. Taping dina iki sing ana maning Dimas ambi Khotim hang kaya bengen. Masiya sak kelas, angger kecaruk mung nyapa digu bain. Kanca-kancane padha bingung ana paran antarane Dimas ambi

Khotim saiki gok sing kaya biyasahe jangget sing tau pisah. Pisahe kadhung wis mulih sekolah.

Kaya dina hang kepungkur, mari pelajaran olah raga Dimas nyang perpus. Taping dina iki Dimas wis sing dikancani maning ambi Khotim. Dimas lungguh mecenu dhewek ring bucune perpus. Iyane mung lungguh bain sing kathik maca buku. Teka lawang perpus, Yeni tulih-tulih nggoleti Dimas. Serta weruh nang Dimas lungguh, aju mara lungguh ring ngarepe.

“Dhewekan Dim?” takone Yeni ngagetaken.

“Eh, iya Yen.” Dimas mbecikaken lungguhe aju madhep nyang Yeni.

“Isun iki makili kanca-kanca sak kelas arep nakokaken setemene ana paran sih Rika ambi Khotim saiki?” Yeni mbukak omongan maning.

“Isun ya sing ngarti Yen, apuwa mara-mara Khotim ngadohi Isun kaya gedigi.”

“Kanca-kanca ya heran Dim. Cobak Rika cerita nyang isun paran kawitan jalarane sampik Rika ambi Khotim dadi sewang-sewangan gedigi iki.”

“Isun dina kapanane ika ring perpus iki ngomong welas nyang Khotim. Taping iyane durung njawab omonganisun. Sakmarine dina iku sikape Khotim uwah nyang Isun,” Dimas mangkat cerita nyang Yeni.

“Terus karepe Rika saiki kelendi? Nawi Isun bisa nulung engko Sun sampekaken nyang Khotim.”

“Sak durunge Isun terima yah. Karepisun iku jawaben yah perasaanisun iki. Embuh tah wis iya utawa using, aja digantung kaya gedigi,” Dimas nyampekaken karepe nyang Yeni.

“Iya Isun ngerti Dim. Dadi sakat bengen iku Rika ambi Khotim iku durung dhemenan? Saktemene kanca-kanca iku seneng nyawang Rika ambi Khotim raket gedigu. Kanca-kanca ya iri nyang Rika ambi Khotim. Jare saiki iki istilaha pasangan serasi. Lanang wadon padha pintere.”

“Iya, terima hang gedhi temenan yah kadhung Rika bisa nyampekaken nyang Khotim.”

“Iya, Ayo wis balik maning nyang kelas. Sedhilut engkas bel muni.”

Dimas ambi Yeni metu teka perpus nuju nyang kelase. Rada suwe abane bel sekolahan muni. Jam pelajaran wis wayahe ganti. Guru mapel hang nggantenani wis melebu kelas. Lare-lare mangkat nerima wulangan maning ring jero kelas.

Jam 10 keliwat 30 menit, abane bel istirahat wis muni. Lare-lare padha semembur metu teka kelase. Dimas ya milu metu pisan ambi kanca liyane. Yeni agage mara nyang Khotim hang magih ringkes-rengkes bukune.

"Tim, aja endak metu sulung. Isun arep ngomong nyang Rika," Yeni lungguh ring sandhinge Khotim.

"Arep ngomong paran ya. Katone kari penting?"

"Iya, Isun arep ngomong masalah Rika ambi Dimas. Isun mau isuk mari nemoni Dimas. Saiki arep Sun omongaken nyang Rika."

"Dimas ngomong paran nyang Rika Yen?"

"Dimas sing ngomong paran-paran, cuma njaluk Rika mbales ucapane. Paran bain balesanrika, Dimas gelem nerima makene sing digantung jare." Yeni nyampekaken karepe Dimas nyang Khotim.

"Isun ya rumangsa salah Yen. Sing gancang mbales omongane Dimas. Ya wis kisuk emben Isun titip surat bain nyang Rika."

"Ayo wis istirahat sulung nyang kantin. Mangana paran bain wis, Isun hang mbayari. Isun mari ulih weselan teka kakang."

Khotim ambi Yeni melaku nyang kantin. Ring kana Khotim ambi Yeni ngentekaken waktu istirahat ambi mangan-mangan sak warege dibayari ambi Yeni.

Dina Senen, lare-lare melebu sekolah kaya biyasahe mari pereiyani dina Minggu. Sekolah dikawiti ambi upacara bendera. Wis enem jam lare-lare miloni kegiatan pelajaran ring sekolahan. Jam 1 keliwat 15 menit bel sekolah wayah mulih wis muni. Kabeh murid padha metu teka kelase dhewek-dhewek padha mulih.

Sedurung metu teka kelas, Khotim nitipaken surat nyang Yeni kanggo Dimas. Yeni ngelebokaken surat iku nyang jero tase aju melaku nguber Dimas hang wis metu teka njero kelas.

"Dim sulung antenana," Yeni melung nyeluk Dimas hang melaku ring ngarepe.

Dimas mandheg nganteni Yeni.

“Dim iki ana titipan surat teka Khotim. Iyane sing bisa ngomong langsung nyang Rika. Makane iyane nulis surat iki kanggo Rika.” Yeni ngelungkaken amplop kelir abang.

Dimas nampa amplop teka tangane Yeni aju terus melaku nyang pinggir lurung arep nyegat lin. Gadug umah, Dimas sing agage madhang naming sembayang lohor sulung. Iyane kaya sing serantan arep maca isine surat teka Khotim mau. Mari sembayang, dibukak amplop abang ring tangane. Dibukak lepitane kertas surate. Dimas kaget weruh surate ditulis nganggo mangsi kelir abang. Wis dadi adhat kadhung surat ditulis mangsi abang isine bida ambi karepe ati. Diwaca ring jero ati tulisan mangsi kelir abang iku.

“Dim, sedurunge Isun njaluk sepura hang akeh sing agage mbales omonganrika ring perpus iku. Isun ngarti Rika welas nyang Isun. Sakbenere Isun ya duwe rasa dhemen nyang Rika. Naming Isun sing bisa nguwakaken welas iki nyang Rika mergane Isun ngarti Rika magih abot ambi Riyanti. Isun ngerasa kadhung welas Rika iku mung pelariyan bain mergane sampik saiki Riyanti sing gelem nerima welas Rika. Pungkasane welasrika ngalih nyang Isun.

Timbang kaya gedigi aluk Isun ngalah bain. Makene wis sunpateni rasa welas iki kanggo Rika. Mesthine Rika ya wis ngerasakaken kelendi kadhung welase sing tulus lan temenan tuwas nggawe ati lara ring mburiyane. Saiki Isun lan Rika kancaan bain. Rika sun anggep kakangisun, lan Isun anggepen adhikrika. Sakat dina iki, Rika janjiya nyang Isun sing bakal uwah tingkah polahe nyang Isun kaya bengen. Semono uga Isun ya sebalike nyang Rika. Sepisan maning, Isun njaluk sepura hang gedhi nyang Rika.

***Wassalam,
Khotim”***

Dimas pungkasane sadhar lan paham apuwa Khotim sampik gedigu nyang Iyane. Iyane ya rumangsa salah. Apuwa Iyane nguber-uber welase Riyanti hang karuwan sing keneng digape sampik sing kerasa kadhung ana hang lebih gedhi welase. Welase Khotim hang

seru gedhi keliwat-liwat. Jare paribasane “**Nguber uceng kelangan deleg**”. Ndayani barang hang cilik pungkasane kelangan barang hang gedhi.

Sakmarine nampa surat iku. Dimas ambi Khotim wis balik kaya dina-dina bengen. Lare loro raket maning, memengan bareng maning. Nang endi ana Dimas ring kana ana Khotim. Kanca-kancane ya milu seneng nyawang lare loro wis raket maning. Masiyatah rakete sing kaya rakete dhemenan.

BINGKAK (2)

Mari sembayang Asar, santrine Guru Badar mangkat rijig-rijig ring saubenge langgar. Salihin, Jawahir, Jaleh, Sapi'i ambi Jamil padha nyekel pacul ambi arit dhangir-dhangir suket ring ngarepe lan uga ring sandhinge langgar. Biyasahe rijig-rijig mung sakderma nyapu dheket godhong jeruk limun lan godhonge jambu keluthuk hang ana ring ngarepe langgar. Pegaweyan wis ajeg dilakoni angger isuk lan soren.

Naming dina iki rada bida ambi biyasahe. Suket-suket lan empange jambu keluthuk dirijigi pisan. Mergane dina iki pas wayah dina malem Nisfu Sya'ban. Ring dina malam Nisfu Sya'ban mesthi dianakaken selamatan ring masjid. Guru Badar ya sing kelalen milu selamatan ring masjid. Santrine kabeh diajak nyang masjid kanggo milu selamatan mengeti malem Nisfu Sya'ban.

Bangete lare-lare ngersaya rijig-rijig ring langgar, Guru Badar teka nyang lare-lare ambi nggawa budhing lan genter jajang.

"Lik. Jawahir, meriniyatah sulung, arite iku gawanen merene sedhilut," abane Guru Badar ambi tangane ngawe Jawahir hang babad-babad suket ring ngarep langgar.

"Enggih Guru." Jawahir mara nyang Guru Badar. "Enten napatah Guru?" Jawahir nyelehaken arite ring ndhuwure gelugu panggonan Guru Badar lungguh.

"Ngameta godhong rong papah ring mburine langgar aju gawekena ancak," perintah Guru Badar nyang Jawahir.

"Oh Nggih Guru." Jawahir nyandhak sengget hang digawa Guru Badar aju melaku nyang mburine langgar.

"Nak nyengget paran Sira Hir, nggawa sengget iku?" Salihin mara nyang Jawahir.

"Arep ngamet godhong rong papah, kon nggawe ancak ambi Guru."

"Eh iya yuh, engko bengi yara selamatan malem Nisfu Sya'ban ring masjid." Salihin buru enget kadhung engko selamatan.

"Wis, Rika juwutena budhing ring Guru mau ambi nggawa jajang sigaran enggo seler. Tulungana Isun nggawe ancak!"

Salihin melaku njuwut budhing hang digawa Guru Badar. Sing suwe Salihin balik maning nyang Jawahir hang nyeret godhong teka

papahe. Jawahir mangkat nggawe ancak, Salihin nyigari jajang aju dikeroti dibuwang welade. Godhong hang mari diseret aju dilepit. Ancak wis dadi, lepitan godhong aju dideleh ring ndhuwur ancak arep dienggo ngesah.

Santri liyane wis padha lungguh ring terase langgar padha ngempos mari rijig-rijig. Pekakase diringkesi ambi Jamil aju dibalekaken nyang panggonan pekakas. Jaleh ambi Sapi'i gesah ring ngarep langgar ambi kipas-kipas ngilangaken keringet ring awake. Mari nguwakaken ancak nyang Guru Badar, Jawahir ambi Salihin balik nyang kanca-kancane hang lungguh ring teras langgar.

"Lare, engko ra selamatan yara yuh," abane Sapi'i.

"Iya, aju apuwa?" Jaleh nyauti.

"Kadhung ngandhelaken kembulan ring masjid, weteng ya magih elom dalu-dalu engko."

"Alak nagud Rika iki Sapi'i, jare Hun yara arep milu nggawa asahan teka umah," Jaleh nyundhungaken Sapi'i sampik kelumah.

"Naming ana benere paran hang diomongaken Sapi'i mau, Leh," abane Jawahir.

"Ana benere kelendi maksudrika?"

"Ya endane tah. Angger dalu elom, mangan sega liwet ambi sambel thok. Mumpung iki akeh panganan enak, ya mangan sega ancahtah," abane Jawahir.

"Carane kelendi? Kadhung mulih gawa ancak teka masjid ya isin." Salihin takon nyang kanca-kancane.

Jamil sing ngerti dheng-dhengan nyang paran hang diomongaken kanca-kancane. Iyane wis kesirep ambi semendhe ring lawangane langgar. Santri siji iki mula bida ambi kancane. Jamil iki kesirepan, pokok sing ana hang ditandangi mesthi kesirep nang endi panggonan. Naming masiya gedigu, Jamil iki welasane Guru Badar ambi Mbah Amenah. Mergane iyane santri paling nurut lan sing pati bingkak kaya kanca-kancane.

Santri papat mau rundhingan kelendi carane engko dalu bisa mangan sega ancak maning ring langgar. Pungkasane kabeh padha bingung mikir. Bangete padha bingung dhewek-dhewek, Sapi'i gemuyu sak antere ngagetaken kancane. Sakkal Jamil hang kesirep ring lawangan mau tangi njingkat ambi kepungun-pungun.

"Apuwa Sira iku Sapi'i, sing ana samparane mara-mara gemuyu sak antere," Salihin magih kaget nyang tingkahe Sapi'i.

"Isun wis weruh kelendi carane engko dalu bisa kembulan anak maning ring langgar."

"Carane kelendi?" kabeh nyaut barengan.

"Merinya Sun bisiki bain. Aja sampik rungu Jamil, gulakane engko wadul nyang Guru."

Salihin, Jawahir lan Jaleh marek nyang cangkeme Sapi'i.

"Engko ancake Guru Badar bain hang dicolong ring tengah dalan," bisike Sapi'i nyang kancane.

"Endi bisa? Paling ya hang dikongkon gawa ancake nyang masjid ya Jamil," abane Jawahir sing yakin.

"Ya makane iku, tepak ring tengah dalan kudu ana hang ngganteni Jamil nggawa anak nyang masjid," jare Sapi'i.

"Aju sapa hang dikongkon?" Jaleh takon nyang kancane.

"Ya Sira, Leh." kabeh kancane nduding nyang Jaleh.

"Nagud, pungkasane Isun hang ketiban sampur yah."

Kabeh padha gemuyu. Lare-lare wis mantep nyang rencanane Sapi'i arep nyolong ancake Guru Badar. Mari rundhingan, lare-lare aju padha nyang banyu kedhung arep adus lan siyap-siyap arep nyang masjid milu selamatan Sya'banan.

Ring masjid suwarane tarhim magrib wis muni. Santrine Guru Badar wis kumpul ring langgar arep jama'ah sembayang maghrib. Guru Badar ambi Mbah Amenah wis melaku nyang langgar. Santri lima mau puji-pujian nggenteni suwarane komat ring masjid. Mari komat aju kabeh jamaah maghrib ring langgar.

Mari jamaah, aju wiridan sedhilut bain polae arep langsung nyang masjid nekani pengajian selamatan Sya'banan. Dongane Guru Badar sing kari dawa kaya biyasahe. Pungkase ndonga, lare santri aju salaman nyang Guru Badar.

"Jamil, engko mampira nyang umah sulung ya. Ancake gawanen nyang masjid. Isun melaku sulung," abane Guru Badar.

"Enggih Guru."

Kabeh mudhun teka langgar aju melaku nyang masjid tut buri ambi Guru Badar. Jamil hang pawakane mula lemes lakune lendhu lenthak-lenthok njuwut anak nyang umahe Guru Badar ambi Mbah Amenah. Guru Badar melakune rada telikas masiya umure wis sepuh.

Jaleh melakune rada nganthor-nganthor arep nyegat Jamil hang bagiyang nggawa anak. Iyane mandheg ring dalan hang rada sepi.

Sing sepira suwe, Jamil katon liwat ambi nyuwun anak. Jaleh api-api balik nyang langgar. Melakune digawe katon gupuh kaya ana hang arep dijuwut.

“Arep nyang endi Sira Leh, kok kari gupuh iku. Sing nyang masjid tah?” takone Jamil.

“Yaiki, kethunipun kelalen yah,” abane Jeleh.

“Gok bisa kelalen iku kelendi sih?”

“Mari wuduk maning mau, aju gupuh lali. Wedi kasep nyang masjid.”

“Yeh, gedigu?”

“Mil, digi bain wis. Isun njaluk tulung gawakena kethunipun, ancake makene Isun bain hang nggawa nyang masjid,” Jaleh mangkat ngelakoni rencanane mau.

“Iya wis Leh, maning Isun ya ambi arep njuwut sajadah.”

“Kari tepak, kebeneran temenan iki.” pikire Jaleh.

Serta Jamil wis mungkur, Jaleh edheng-edheng nyelindhut nggawa anak nyang langgar liwat kebonan makene sing ketemon Jamil. Ditulih teka kadohan, Jamil wis melaku maning balik nyang masjid. Agage Jaleh nggawa ancake melebu nyang langgar, aju diserungkub sarung makene sing ketara.

Mari ndeleh anak, Iyane telikas melaku nyang masjid. Ring masjid pengajian selamatan Sya'banan wis mangkat. Uwong padha maca surat Yasin ambal ping telu. Mari maca surat Yasin aju ana ceramah masiya sithik ambi nganteni wayah sembayang Isya'.

Donga mari sembayang isya' wis pungkas. Para jama'ah padha salam-salaman njaluk sepura arep mapag ulan puwasa. Jama'ah aju padha kumpul ring serambi masjid lungguh jejer nganteni dum-duman anak. Serta anak wis dicepakaken nang wong hang lungguh jejer aju mangkat kembulan mangan sega anak. Semono uga Jawahir lan sak kancaan santrine Guru Badar lungguh jejer dadi sak grup kembulan sega anak.

Kadhung ana hang sing entek ulihe kembulan, karine sega anak digawa mulih kanggo dipangan maning ring umah. Bida ambi Jawahir sak kancaan, sega anak sing katik ana karine. Kelendi arep ana karine, anak siji dikembul jak lima.

"Byek, wetengisun buru selisih ya hang ana isine," Sapi'i ngusuki wetenge.

"Wadhukira wadhuk paran endane? Magih elom bain ak," abane Salihin.

"Ya marine kelendi? Wis mula gawane lair, arep perotes nyang sapa?"

Mari mangan kembulan, lare-lare magih gesah nganteni isine weteng mudhun. Ambi nganteni uwong-uwong mulih kabeh aju arep nulungi ratib rijig-rijig masjid hang mari dienggo kauman. Kadhung sing ditulungi sekaken ratibe singkrih dhewek pecake ancak lan godhong hang ditinggal wong mari kauman. Sakmarine singkrih lan rijig-rijig lalare padha balik nyang langgar.

"Kelendi iki, mari dienggo rijig-rijig pungkasane wetengisun merongsod maning yah," Sapi'i mbaleni ucape ring masjid mauka.

"Ya ayo wis, ancak hang mau dikembul saiki bain. Nganteni engko dalu nawi Sapi'i semaput lempiriten," abane Jawahir.

"Halah sangking Rika iku ya elom pisan. Dadi kancane dienggo alasan. Ayo wis diangkati kembulane." Jaleh mbuka sarung hang dienggo nyerungkub ancak mau.

"Eh iku kaya ancake Mbah Amenah hang Sun gawa mau." Jamil nenger-nenger ancak hang digawa Jaleh.

"Uwis aja kesuwen, ayo dikembul saiki. Nganteni engko nawi dikerubung semut, yara wurung mangan wis." Sapi'i mbukak ancak hang ana ring ngarepe.

Pungkasane Jamil ya milu kembulan ambi kanca-kancane hang bingkak iku. Enggo paran dipikir iki ancake sapa. Hang penting saiki mangan maning mumpung weteng magih durung wareg. Kadhung weteng elom nggarai sing bisa turu. Bangete enak-enake kembulan ancak, Guru Badar mecungul nyambangi santrine ring langgar.

"Lare, tuliyane kari enak nyawang Sira kabeh kembulan."

"Enggih Guru, mangga meriki tumut kembulan." saute lare-lare.

Guru Badar mara milu kembulan sega ancak hang seru enake.

"Byek enak temenan sega iki. Kari pinter hang olah-olah." Guru Badar ngelem rasane asahan hang dikembul lyane ambi lare-lare.

"Enggih Guru, mula enak asahan niki," lalare ngempet gemuyu.

"Hulung tah. Sunrasakaken asahan iki rasane kaya olah-olahane Amenah," Guru Badar mangkat curiga ambi asahan hang dikembul bareng lare-lare santrine.

"Nggih niki mula asahane Mbah Amenah Guru. Wau mboten dibeta teng masjid," semasure Sapi'i ambi sing kuwat ngempet guyune.

"Kurang ajar temenan Sira Lare.. Kari sing mari-mari ulihe bingkak Sira iki," Guru Badar kaget ambi kebeselek rungu semasure santrine.

Sakkal lare santri mau padha bubar melayu metu teka langgar. Mung Kari Jamil hang nutugaken mangan sega ancak ngancani Guru Badar hang sing bisa arep muring weruh kelakuwane santrine. Jamil sing wani melayu, mergane lyane lungguh pas ring sandhinge guru Badar

RIWAYAT PENULIS



Satria Pujangga, Lahir di Banyuwangi pada tanggal 29 Juni 1979 dengan nama asli Imam Mas'ud. Lulus sekolah dasar di SDN 2 Gitik pada tahun 1992. Sekolah menengah pertama di MTs.N 10 Cangkring Rogojampi pada tahun 1995 dan menyelesaikan pendidikan menengah atas di MAN 1 Banyuwangi tahun 1998. Saat ini tinggal di Desa Gitik Kecamatan Rogojampi Kabupaten Banyuwangi dan bekerja sebagai Perangkat Desa sejak tahun 2003 hingga sekarang. Aktif menulis cerpen,

puisi, dan artikel berbahasa Using sejak tahun 2013. Tulisan tulisan berupa cerpen, laporan, puisi dan opini pernah dimuat pada: Koran Bisnis banyuwangi, Belambangan.com dan majalah Lontar Using dari Balai Bahasa Jawa Timur.

LEMBAYUNG SAK UNTING

KUMPULAN CERITA CENDHEK BASA USING

**Cerita cendhek iki, kabeh idhe ceritane
akeh-akehe emeh cerita nyata hang tau sun lakoni,
cerita kanca sekolah lan cerita kanca memengan
uga ana cerita riwayat embah anang bengen hang
tau diceritakaken nyang Isun.**

**Ring buku iki ana pirangane judhul
hang nggambaraken kauripan hang ana ring
sedinane wong Using Banyuwangi jaman bengen
kaya tah Jaruman, Lintrik, Jeru Jithoke, Seruwal
Cemeng Kelambi Cemeng, Ketel Isi Bubukan
lan Ngunggahi.**

**Judhul-judhul iku mau istilah has hang diduweni
wong Using Banyuwangi.**

